**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТИРЛИГИ**
**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*Қол жазба ҳуқықында*
*УДК: 342 (575.172)*

**АЛЕУОВА РАУШАНАЙ УСЕРБАЕВНА**

# XIX ӘСИР АҚЫРЫ - XX ӘСИР БАСЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ШАЙЫР-АҒАРТЫЎШЫЛАРЫНЫҢ СИЯСИЙ-ҲУҚЫҚЫЙ КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ

«5А240101» (Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў; ҳәкимшилик ҳуқық; финанс ҳуқықы)
Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған

## Д И С С Е Р Т А Ц И Я

**МАК да жақлауға рухсат:**
**Магистратура бөлими баслығы**
**____________ доц. А.Б.Гулимов**

Кафедра баслыгы: ю.и.к., доц. О.Утегенов

Илимий басшы: ю.и.д., проф. Е.Д.Қутыбаева

**НӨКИС–2015**

**МАЗМУНЫ**

**Кирисиў…………………………………………………………………..…………..3**

**1 БАП. XIX әсирдиң ақыры -XX әсир басларындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый тәлийматлардың жүзеге келиўиндеги тарийхый жағдайлар**

**1.** XIX әсирдиң ақыры -XX әсир басларындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый тәлийматлардың жүзеге келиўиниң тарийхый шәрт-шәраятлары…………………………...…..12

**2.** Қарақалпақстандағы жадидшилик ҳәрекети ҳәм жаңа сиясий-ҳуқықый талаплардың жүзеге келиў жағдайлары…………………..…20

**II БАП. Патша Россиясы колониализми дәўириндеги қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының сиясий- ҳуқықый тәлийматлары**

1. Қулмурат Қурбаналы улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары.............................................................................................35

2. Сыдық Тоқпан улы рус колониялаўшылығы ҳаққында..............49

**III БАП. Тоталитарлық дүзиминиң дәслепки этапындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый жағдай**

1. С.Мәжийтовтың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары.........................63

2. Қыдырнияз шайырдың сиясий-ҳуқықый ой-пикирлери...............78

**Жуўмақ..........................................................................................................86**

**Пайдаланылған әдебиятлар....................................................................90**

**Қосымшалар..................................................................................................94**

## КИРИСИЎ

**Изертлеўдиң актуаллығы ҳәм үйренилиў дәрежеси**: Президентимиз И.А.Каримовтың айтқанындай: «Адамгершиликке тийкарланған демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўда, әдалатлы пухаралық жәмийет қәлиплестириўде миллий тарийхый мәмлекетшилик тәжирийбелерине, халқымыздың әзелден бай манаўий-ахлақый, руўхый дәстүрлерине, сиясий-ҳуқықый ой-пикирлерине сүйениўимиз лазым»[1]

Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басларындағы жәмийетлик – эканомикалық ҳәм сиясий жағдайлары бурынғыға салыстырғанда әдеўир дәрежеде қоспалы ҳәм қурамалылыққа ийе болды. Бул аймақларды Патша Россиясының зорлық-зулымлық пенен әмелге асырған колонияға айландырыўы орын алды.Нәтийжеде халықтың әдалатсыз басқыншылықларға наразылығы ҳәм буннан қутылыў ҳәрекетлери, ғәрезсиз ел болып жасаў тилеклери, миллий ояныў ҳәрекетлери жүзеге келди. Бул ҳәрекетлердиң ҳәўиж алыўында сол ўақыттығы қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының, кейин ала жадитши ойшыллар менен зиялылардың хизметлери айрықша үлкен болды. Әсиресе қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы шайыр-ойшыллар: Омар Сүйирбек улы, Аннақул Мәмбетхожа улы, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Абдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, Сапура Жайылбек қызы, А. Мусаев, С. Мажитов, Қ. Әўезов, Х. Ахметов ҳәм басқалардың дөретиўшилик мийраслары айрықша дыққатқа ылайық еди. Олар өз дөретиўшилигинде елдиң ғәрезсизликке ерисиўи илим, билим, ағартыўшылыққа ийе болыўына байланыслы деп, ағартыўды жәмийетти раўажландырыўшы қурал сыпатында пайдаланып, халықтың сиясий санасын, усының ишинде ҳуқықый түсиниклерин, жетилистириўге умтылды. Бул ислердиң нәтийжели әмелге асыўында мектептиң ролине айрықша итибар қаратылды. Усы мақсетте жадит мектеплерин шөлкемлестириў ҳәрекети басланып, жаслардың билимин,

[1] Каримов И. А..Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т.: Ўзбекистон. 1998.-31-бет

сиясий демократиялық түсиниклерин азатлыққа умтылыў идеялары тийкарында қәлиплестириў нәзерде тутылды.

Шынында да жадитшилик ҳәрекетиниң тийкарғы идеялары жадит мектеплеринде қәлиплестирилип барылыўы нәзерде тутылған еди. Жәдитшилик ҳәрекети тәрепдары болған шайыр ҳәм зиялылар ески мектепти қайтадан дүзип, реформа қылыўды мәмлекет сиясаты дәрежесине көтериўге еристи.[1] Дәслепки әлиппелер, оқыў китаплары жаратылды. Губернаторлық буйрықпазлық ҳәм келешекти көре алмайтуғын базы бир улама диндарлардың қарсылықларын жеңип, заман талапларына жууап бере алатуғын оқытўшы-кадрлар таярлап жетилистире баслады. Нәтийжеде, XIX әсир ақыры – XX әсир баслары айрықша көзге түсетуғын тарийхый, сиясий ўақыяларға толы болып, ҳуқықый пикирлер айрықша раўажланыўға еристи.

Бул дәўирде жүзеге келген ҳәрбир жәмийетлик сиясий ҳәдийсе тиккелей жәдитшилер тәсиринде әмелге асты. Олардың жадит мектеплерин ашыўдағы гөзлеген мақсети жаслар санасына өз миллетин отаршылық зулымлығынан қутқарып еркинликти қолға киргизиў, өз ҳуқықларына ийе, раўажланған, абаданласқан миллетлер қатарына еристириўге умтылдырыў идеяларын қәлиплестирип барыў еди.

Жадитши шайыр-ойшыллардың дөретпелеринде рус калониализмине қарсы пикирлер, миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарғы мазмун ийеледи. Өз дәўиринде бул идеялар «ақ» ҳәм «қызыл» империяның екеўине де мақул түспеди. Буның үситине большевиклер ҳүкимети халыққа ғәрезсизлик, еркинлик ҳаққында мың түрли ўәделер берип, шебер ҳийлелик пенен алдаўшылық сиясатын алып барды. Усы себепли совет ҳүкимети жадитшилерге қарсы оғада зулымлық ҳәрекетлерди баслап, ҳәм жисимлик ҳәм руўхый тәрептен жоқ етиў сиясатын алып барып, жигирма жыл ишинде олардың барлығын репрессия қурбанына айналдырды.

[1] У. Долимов. Турксистонда жадит мактаблари. Тошкент, «Университет» 2006. 4-бет

Ол дәуирдеги шайыр-ағартыўшылардың қызығыўшылық шеңбери ҳәм ис-ҳәрекет шегарасы оғада кең болып, олардың тийкарғы мақсети халықты сиясия-ағартыў жоллары арқалы ғәрезсизликке алып шығыў болды. Себеби, билим ҳәм ағартыў ислерине ийе болмай, өз тарийхы ҳәм инсанлық ҳақ-ҳуқықлары ҳаққында ҳеш нәрсе билмей, колониялық шәриятта жасаў, халықтың еркинликке умтылыў нийетин қысып таслайтуғыны мәлим. Усы себепли олар ел ишинде жаңа усылдағы мектеплер шөлкемлестирип, тез ўақыт арасында халықтың саўатын ашыў илажларына умтылды.Жаңа дәуир идеяларын үгитлеўши, халықтың сиясий санасын көтериўши щығармалар жазып, алдыңғы раўажланған идеяларды мектептеги билимлендириў ислери арқалы, әдебият ҳәм театр жәрдеминде халық арасына жеткере баслады. Олардың бул шығармаларында мәмлекет қурылысы, ондағы әдалатсыз басқарыў системасы ҳаққындағы сиясий ҳәм ҳуқықый көз-қараслары жәмленген еди. Түркистанның Патша Россиясы тәрепинен басып алынып, өз отарына айналдырыўы нәтийжесинде, үлкеде оғада унамсыз жәмийетлик жағдайлар жүзеге келгенин байқаған жәдитшилер, буны сапластырыў ислери мәлим бир жәмийетлик-экономикалық, мәдений ҳәм ағартыўшылық тәсирлер тийкарында ҳәм халықты оятыўшы, жәмийетти силкиндирип, ләрзеге келтириўши белгили бир ҳәрекетлер нәтийжесинде әмелге асыўы мүмкин екенлигин түсинди.[1]

Сөз етип атырған дәуирдеги қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының пикиринше, билимли халық өзлериниң тийисли ҳақ-ҳуқықларын талап етип, Ўатан ҳүрлиги ҳәм ғәрезсизлиги ушын гүресиўге умтылмай қалмайды. Усы себепли олар билим-ағартыў ислериниң халық ҳәм ел тәғдириндеги ролин мүмкин болғанынша жетилистириў лазым деп есаплады. Үлке халықларының тәбийий байлықлары жергиликли елдиң өзлери ушын пайдаланылып, Патша Россиясы тәрепинен алып кетилмесе, бул халықтың миллий раўажланыўы жолға түсип, кең мүмкиншиликке

[1] Р.Шарипов, Ф.Муҳиддинова, Ўзбекистон халқлари сиёсий-ҳуқуқий таълимотлари тарихи. X1X аср охири- XX аср бошлари. Тошкент.ТДЮИ.2004. 289-бет.

ерисиў ушын шәрият, жағдай жаратылған болар еди деп ойлады. Усындай тақлитте жәдитшилик ҳәрекети миллий раўажланыўдың келешектеги, алда турған мәселелерин де өз ишине жәмлеп ала баслаған еди. Жәдитшилик елимиздеги феодаллық артта қалыўшылық ҳәм отарлық езилиў шәриятында ар-сар балып турған халықты оятыўға еристи.[1]

Елимизде демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыў әмелге асырылып атырған ҳәзирги дәўирде, жәдитши шайырлардың ағартыўшылық, сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карaслары үлкен әҳмийетке ийе. Олар қалдырған сиясий-ҳуқықый мийрасларда мәмлекет ҳәм оның ўазыйпалары, жәмийетлик әдалат, инсан ҳуқықлары ҳаққында усы күнимизде де әҳмийетке ийе болған пикирлер орын алған. Усы себепли Президентимиз И. А. Каримов; «Бүгин бизиң алдымызда сондай тарийхый имканият пайда болды, биз басып өткен жолымызды сын көз бенен баҳалап, миллий мәмлекетшилигимиз негизлерин анықлап, уллы мәдениятымыз тамырларына, әййемги мийрасларымыз дереклерине қайта оралып, өтмишимиздеги бай дәстүрлерди жаңа жәмийет қурылысына пайдаланыўымыз керек»[2]-деген еди. Биз демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўды мақсет қылған екенбиз, атақлы ойшыл, шайыр, ағартыўшыларымыздағы жетилискен ой-пикирлерди, ҳуқықый көз-карасларды айрықша инабатқа алыўымыз зәрүр. Усы зәрүрликлерди итибарға алған ҳалда биз өзимиздиң магистрлық диссертациямызды: «XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый көз-карaслары» – темасына бағышладық.

Өзбекстанда өтмиштеги ойшылларымыздың сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карaслары бойынша алымларымыз: А.Х.Саидов,Х.Б.Бобоев, А.А.Азизхўжаев,М.Бойдадаев,З.Муқимов, Ж.У.Тошкулов, А.Ш.Жўзжаний,

[1] Сол шығарма. 289-бет

[2] И.А.Каримов. Ўзбекистоннинг сиёсий, ижтимоий ва иқтисодий истиқболларининг асосий тамойиллари. – Т., Ўзбекистон, 19095. 9-бет.

З.М.Исломов,Ҳ.Т.Одилқориев,С.Ниетуллаев.Б.Ж.Матмуратов, .У.Умарова, Е.Кутибаева, Р.Матқурбанов, Ф. Муҳитдинова, М.Хамидова, О.Хусанбаев, М.З.Эргашева, М. Турғунов, М.М.Қулдашев, М.Нажимов, Ж.М.Шодиев, З.М.Хидиров, М.А.Утемуратов, С.А.Садыков ҳәм басқалар тәрепинен көплеген илим-изертлеў жумыслары алып барылып, оларда шайыр-ағартыўшыларымыздың сиясий-ҳуқықый көз-карасларының усы күнимизде де үлкен әҳмийетке ийе екенликлери түсиндирилген.

Усылай екен, қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Омар Сүйирбек улы, Аннақул Мәмбетхожа улы, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Абдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, Сапура Жайылбек қызы, А. Мусаев, С. Мажитов, Қ. Әўезов, Х. Ахметов ҳәм басқада шайыр-ағартыўшылардың сиясий-ҳуқықый көз-карaслары айрықша дыққатқа ылайық.

Сөз етпекши болып отырған дәўирдеги қарақалпақ жәдитши шайырлардың әдебий дөретиўшилиги, жәмийетлик-философиялық пикирлери, эстетикалық, педагогикалық көз-караслары жөнинде Н.Жапақов, А.Пахратдинов, К.Худайбергенов, У.Алеуов, А.Каримов, А.Пирназаров, Ҳ.Утемуратова, У. Худайбергенова ҳәм басқалар бирқанша изертлеў жумысларын алып барды. Бирақта XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы жәдитши шайырлардың көп қырлы бай мийрасларында салмақлы орын ийелеген сиясий-ҳуқықый көз-карасларын илимий тәрептен изертлеп, олардың халқымыз тарийхында тутқан орнын ашып бериў ҳәзирге шекем алымларымыз тәрепинен қолға алынбады. Жоқарыда атлары аталып өтилген XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы шайыр-ағартыўшылардың сиясий-ҳуқықый көз-караслары, өтмиш тәжи-рийбелерин улыўмаластырып үйрениў арқалы, ҳәзирги дәўирдиң сиясий-ҳуқықый машқалаларын шешиў ислеринде үлкен әҳмийетке ийе.

**Изертлеўдиң обьекти**:_Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Омар шайыр, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, С. Мажитов

т.б. шайыр ағатрыўшылардың сиясий-ҳуқықый ой-пикирлериниң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў процессии.

**Изертлеўдиң предмети:** Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Омар шайыр, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, С. Мажитов т.б. ойшыл-ағартыўшылардың сиясий-ҳуқықый көз-қарасларының тийкарғы мазмуны ҳәм оның жөнелис бағдарлары.

**Изертлеўдиң мақсети:** Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы шайыр-ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый көз-қарасларындағы жәмийеттиң раўажланыўы ҳәм жетилисиўине хизмет қылыўшы, сондай-ақ бүгинги мәмлекетшилигимиз басқарыўы ҳәм сиясий-ҳуқықый системасы мәплери менен уйғынлық пайда етиўши ой-пикирлерин изертлеп, үйрениў.

**Изертлеўдиң ўазыйпалары**: 1. XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый тәлийматлардың жүзеге келиўиниң тарийхый шәрт-шараяиларына илимий баҳа бериў.

2. Патша Россиясы колониясы дәўириндеги қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый тәлийматларының өзине тәнлигин ашып бериў.

3. Шайыр Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Қыдырнияз шайыр, С. Мажитов ҳәм басқада ойшыллардың сиясий-ҳуқықый көз-қарасларындағы идеялық бирликти ашып бериў ҳәм ҳәр бириниң өзине тән сиясий-ҳуқықый көз-қарасларын илимий таллаў жасаў.

**Изертлеўдиң илимий-жаңалығы:** Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Омар шайыр, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, С. Мажитов т.б. шайыр ағартыўшылардың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары арнаўлы түрде туңғыш изертлениўде. Сондай-ақ изертлеўдиң жаңалығы сыпатында төмендегидей илимий-теориялық жуўмақларды шығарыўға мүмкиншиликлер туўылды: Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX

әсир басындағы шайыр-ойшылларының сиясий-ҳуқықый көз-карасларының өзине тәнлигиниң қәлиплесиўине тәсир тийгизген тарийхый идеялық факторлар анықланды. Ойшыллардың өз дәўириндеги рус колониализминен қутылыў, қарақалпақ үлкесиндеги нызамшылықларды сапластырыў ҳәм мәмлекетти демократияластырыў ҳаққындағы пикирлери, бийлер ҳәм қазылардың ҳуқық саласындағы хизметлери жөниндеги ойлары сиясий-ҳуқықый тәрептен таллаў жасалынды. Ойшыллардың сол ўақыттағы мәмлекетлик басқарыў исиндеги унамсыз жағдайларға мүнәсибетлери, әсиресе инсан ҳуқықлары, ҳаял-қызлардың жәмийеттеги тутқан орны ҳаққындағы көз-қараслары таллаў жасалынып, XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый ой-пикирлериниң миллий мәмлекетшилигимизди раўажландырыўдағы тарийхый орны ҳәм ҳәзирги әҳмийети жөнинде көрсетпе, усыныслар ислеп шығылады.

**Изертлеўдиң илимий болжамы**: Егерде қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы шайыр -ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый көз-қарасларының тийкарғы мазмуны ҳәм оның раўажланыў бағдарлары илимий тәрептен изертленилип, ашып берилсе, жоқарғы оқыў орны юриспруденция қәнийгеликлеринде өтилетуғын “Сиясий-ҳуқықый тәлиматлар тарийхы” курсы жаңа материаллар менен толықтырылып, студентлердиң бул тараў бойынша билим-түсиниклери және де сапалы мазмунға ийе болады.

**Изертлеў дереклери:** Изертлеўдиң тийкарғы дереклери XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Қарақалпақстан тарийхында жүз берген ўақыяларды сәўлелендириўши тарийхый-уқықый шығармалар ҳәм архив материаллары, Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры – XX әсир басындағы Омар шайыр, Қулмурат Қурбаналы улы, Сыдық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Қыдырнияз шайыр, С. Мажитов т.б. шайыр-ағартыўшыларының әдебий-илимий мийраслары есапланады.

**Изертлеўдиң методологиялық тийкары**: Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Өзбекстан Республикасы Президенти И. А. Каримовтың китаплары менен баянатларында баян етилген миллий мәмлекетшилигимиздиң фундаментал-методологиялық тийкарларын белгилеп бериўши пикирлери, көрсетпелери ҳәм тараў алымлары тәрепинен алып барылған фундаментал изертлеўлер, монографиялар диссертациялық жумысымызға методологиялық тийкар болып хизмет етти.

**Изертлеў методлары:** Изертлеў барысында диалектикалық, тарийхый, ҳуқықый, формал-логикалық, дизимли ҳуқықый салыстырыў т.б. методлардан пайдаланылды.

**Изертлеўдиң әмелий әҳмийети:** Изертлеў нәтийжесинде ислеп шығылған теориялық ҳәм әмелий жуўмақлар, көрсетпе ҳәм усынıслар Өзбекстан халықлары сиясий-ҳуқықый тәлийматлары тарийхы, Өзбекстан мәмлекети ҳәм ҳуқықы тарийхы пәнлерин, сондай-ақ, үрп-әдет ҳуқықына тийисли арнаўла курсларды оқытыў барысында пайдаланыў мүмкин. Булардан тысқары, жумыс нәтийжелерин тарийхый тәжирийбелер сыпатында мәмлекет ҳәм ҳуқық тараўындағы ислерди жетилистириў бойынша да инабатқа алса болады. Әсиресе, усы күнимизде жарасыў институтлары, аўыл-ақсақаллары ҳәм бийлериниң ел аўыз биршилигин беккемлеў ислеринде, өзин-өзи басқарыў органлары дизимин шөлкемлестириў барысында да қолланыў мүмкин.

Диссертация мазмуны ҳәм одан алынған илимий жуўмақлар толығы менен баспа сөзде жәрияланып, бул бойынша 25 мақала илимий журналларда, илимий теориялық -конференцияларда басылып шықты. Жумыс толығы менен әмелиятта қолланылып, сиясий ҳуқықый тәлиматлар тарийхын үйрениў курсларында студентлер, муғаллимлер тәрепинен пайдаланылып атыр.

**Диссертацияның дүзилиси ҳәм сыпатлама:** Диссертация кирисиў, алты параграфты өз ишине қамтыған үш бап, жуўмақ ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Жумысытың биринши бабы «XIX асирдиң ақыры -XX асир басларындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый талийматлардың жүзеге келиўиндеги тарихый жағдайлар» деп аталып бунда XIX асирдиң ақыры -XX асир басларындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый талийматлардың жүзеге келиўиниң тарихый шәрт-шәраятлары, рус колонияшылығы гезиндеги империя тәрепинен шығарылған нызамлардың мазмуны үйренилген.

Ал диссертацияның екинши бабы "Патша Россиясы колониализми дәўириндеги қарақалпақ шайыр-ағартыўшыларының сиясий- ҳуқықый талийматлары" деп аталып, бунда Қулмурат Қурбаналыулы ҳәм Сыдық Тоқпан улының халықты әдалатлылық ушын гүресиўге шақырған көзқараслары менен рус колонияшылығына қарсы айтқан сиясий – ҳуқықый пикирлери, сондай-ақ, Қыдырнияз шайырдың рус большевик-лериниң тонаўшылық ҳәрекетлерин ашықтан-ашық сынға алыўлары анализ етилген.

Мийнеттиң үшинши бабы С. Мәжийтовтың сиясий-ҳуқықый көзқарасларының өзине тән өзгешеликлери деп аталынып, бунда С.Мәжийтовтың сиясий-ҳуқықый көзқараслары менен ағартыўшының мәмлекет Конституциясы ҳәм инсан ҳуқықлары жөниндеги көзқараслары илимий таллаў жасалынған.

Диссертация жуўмағында сөз етип отырған X1X әсир ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ шайыр-агартыўшыларының сиясий-ҳуқықый көзқарасларындағы жетилискенликлери ҳәм олардың қарақалпақ халқыгның сиясий-ҳуқықый ой-пикирлери талиматындағы тутқан орны ашып берилген

# 1 БАП. XIX ӘСИРДИҢ АҚЫРЫ-XX ӘСИР БАСЛАРЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДАҒЫ СИЯСИЙ-ҲУҚЫҚЫЙ ТӘЛИЙМАТЛАРДЫҢ ЖҮЗЕГЕ КЕЛИЎИНДЕГИ ТАРИЙХЫЙ ЖАҒДАЙЛАР

## 1.1. XIX әсирдиң ақыры -XX әсир басларындағы Қарақалпақстандағы сиясий-ҳуқықый тәлийматлардың жүзеге келиўиниң тарийхый шәраятлары

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында қарақалпақ халкының жәмийетлик-сиясий турмысы өзине тән өзгешеликлерге толы болып, бул дәўирде жасларды өз ҳуқықларын аңлаған ҳалда миллий азатлық руўхында қәлиплестириў тийкарғы ўазыйпалардың бири есапланылды. Бул жәмийетлик машкалалар сол ўақытта үлкеде жүзеге келген жадитшилик ҳәрекети менен байланыслы пайда болған еди. Сөз етип отырған дәўирдеги жадитшилик ҳәрекети тек ағартыўшылық ислери менен емес ал, ел ишиндеги сиясий-ҳуқықый машкалаларды да көтерип шыққан еди.

Қарақалпақстанда патша Россиясы колонияшылығы орнатылғаннан кейин (1873), отаршылықтың аяўсызлық пенен ис алып барыўшы әскерий-ҳәкимшилик басқарыў дизими орнатылды. Түркистан үлкеси ушын колониялық ис алып барыўшы дәслепки нызам (1867) “Сырдәрья ҳәм Жетисуў ўәлаятларын баскырў ҳаққындағы Нызам” жойбары дүзилип, бул нызамға көре үлкеде әсирлер даўамында сақланып келинген үй қулшылығының бийкар етилиўи менен биргеликте, олар улыўма империялық нызамлардағы Россияның тийкарғы пуқараларының ҳуқықларына теңлестирилместен “ғайры қатлам халық” (сырт елли халықлар) сыпатында қабылланылып, қырғызлар ҳәм сартлар деп басқарыў ҳәм тиккелей Түркистан жерлериниң ийеси болыў, сондай-ақ, бул үлке халықларын Россияның мәплерин гөзлеп хызмет етиўши “исши күшине” айландырыў белгилеген еди.[1]

---

[1] М.М.Кулдашев.Туркистон ўлкаси ҳуқуқининг манбалари (1864-1917) Номзодлик дисс. Автореферати. Тошкент, 2005. 10-бет.

1886 жылдағы “Түркистан үлкесин баскарыў ҳаққындағы нызамда” Түркистан үлкесиниң жергиликли халқы көшпели ҳәм отырықлы тузем халықларына бөлинип, Россияның түпкиликли пуҳараларының қалалылар ҳәм жабанлылар ҳуқықынан пайдаланыўы белгиленсе де, ҳаслында тийкарғы ҳуқықларынан айрылған Түркистан халықлары, таза түриндеги отаршылыққа айналдырылған үлкениң тутқынлары есапланды. Нәтийжеде, “үлкеде жасап атырған рус адамлары Түркистанның жергиликли халқын инсан емес, ал исши күш сыпатында қарап, оларды қыйнаў, талаў, сабаў кереклиги түсинигинде тәрбияланып жасады»[2].Сондай-ақ, Түркистан үлкесин соның ишинде қарақалпақстан елин басқарыў 1865-жылдың 6-августында ислеп шығылған “Түркистан ўәлая-тын басқарыў ҳаққындағы ўақтынша Нызам”, 1867-жылдағы “Сырдәрья ҳәм Жетисуў ўәлаятларын баскырў ҳаққындағы Нызам жойбары”, 1868-жылдағы “Зарафшан округин басқарыў ҳаққындағы ўақтынша Нызам”, 1873-жылы К.П. Кауфман тәрепинен ислеп шығылған “Түркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы Нызам” жойбары, 1874-жылдағы “Әмудәрья бөлимин басқарыў ҳаққындағы ўақтынша қағыйдалар”, 1886-жыл 12-июндағы “Түркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы Нызам”лар хәм басқа да ҳүжжетлер тийарында алып барылған.

Түркистандағы отаршылық тутымы 1864-жылдан 1886-жылғы нызамға шекемги аралықта “таза түриндеги әскерий басқарыў”, 1886-1898- жыллар аралығында «әскерий халық басқарыўы», буннан кейин административлик -полиция басқарыўында алып барылса да, булар мазмун тәрепинен дәслепки нызам түринде болып, өзгериссиз қалған еди. Яғный: а) жоқарғы дәрежели –генерал губернатор ҳәкимшилиги ҳуқықлары менен әскерий округ армия командирлиги мансапларын бирлестириў; б) орта дәрежели ўәлаят баслықларына сол жердеги бар болған армияға командирлик алып барыў: в) төменги дәрежедеги

[2] Садыков Х.Д. Колонияльная политика царизма в Туркестане и борьба за национальное независимость в начале XX века. Автореферат дисс.докт.истор. наук.-Т. 1994. 7-бет.

баслықларға, яғный ўәлаятларды қураўшы уезд баслықларына уездеги армия командирлигиниң ўазыйпаларының берилиўи. Усы үш басқышлы басқарыў усылы отарлаўшылардың 1865-1916 жыллар аралығында Түркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы нызамлардың негизи болды.[1]

Жергиликли халақларды ишки тәрептен басқарыў жумысларында сиясий әҳмийетке ийе болмаған барлық ислерди жергиликли халықлардың өзлерине тапсырып, жергиликли ҳуқық шәрият ҳәм үрп-әдет ҳуқықларына тийкарланыў арқалы әмелге асырыў шәртлери белгиленди. Булар: а) жоқарғы ҳәкимияттың тийкары сыпатында әскерий ҳәм административлик ҳәкимшиликтиң бөлинбеслиги; б) шөлкемлестирилген органларды имканы барынша патша Россиясының басқа аймақларындағы басқарыў ислерине жақынластырыў; в) төменги жәмәәтти басқарыў органларын сайлаўлар жолы менен шөлкемлестириў; г) халық мекеме-уйымларындағы Россия мәпине зиянлы болған тәртип, қағыйдаларды бийтәреплестириў; д) административлик органлардың ҳуқық шегараларын анық белгилеп, жергиликли зәрүрликлерге муўапық уйымластырыў ҳәм раўажландырыў; е) жергиликли шәраятлар дәрежесинде администрацияны судтан ажратыў ислеринен ибарат болған.

Жергиликли ҳуқық дизимлерин отаршылық мәплери ушын өзгетиў, Россия империясының ҳүкимдарлығына кесент беретуғын қағыйдаларды бийтәреплестириў ушын оларды үйрениў шаралары белгиленди. Натийжеде Түркистан халықларының ҳуқықый дизимлерин екиге, яғный: а) қырғызлардың (көшпели түркий халықларының үрп-әдет ҳуқықы) б) сартлардың (отырықлы жасайтуғын түркий халықлардың шәрият суды) ҳуқуқ дизимлери сыпатында бөлип үйрениўди нәзерде тутты.

Бул мәселеде отарлап алыўшылардың тийкарғы ислери шәрият ҳуқықын үйрениў, оның тийкарғы қолланбаларын рус тилине аўдарыў ҳәм колониялаўшылардың административлик ислерин тәмийнлеў бағдарында болды. Булардан гөзленген тийкарғы мақсети: а) колониялық басқарыўды

[1] М.М.Кулдашев.Туркистон ўлкаси ҳуқуқининг манбалари (1864-1917) Номзодлик дисс. Автореферати. Тошкент, 2005. 11-бет.

ансаталастырыў; б) англишанлардың бундай ислерде Ҳиндистанда жол қойған қәтешиликлерин тәкирарламаслық; д) бурыннан дәстүр болып келген ҳуқықый мүнәсебетлерди (жер, суў, шаңарақ, неке) тәртипке салыўда жергиликли суд ҳуқықый дизимлерине белгили дәрежеде бейимлесиўден ибарат еди[1].

Отарлап алыўшылар өз мәплеринен келип шығып, Түркистан үлкесиндеги дунялық нызамшылықтың жедел түрде қәлиплесип, жетилисиўин ҳәм секуляризация (мәмлекетти дин тәсиринен азат етиў) ислерин алып бара баслады. Усылай етип, биз сөз етип отырған дәўирдеги Түркистан генерал губернаторлығында әмелде болған ҳуқық мәселелерин төмендегише тайпаластырыў мумкин:

- отарлаўшылық мақсетлеринде қолланылган нызамлар: а) енгизилген улыўма ипериялық нызамлар; б) арнаўлы ислеп шығылған колонияшылықты алап барыў ҳуқықлары;

- отарлаўшылық мәплеринен келип шығып тән алынған нызамлар: а) мусурман (шәрият) ҳуқықы; б) үрп-әдет ҳуқықы.

Түркистан үлкесиниң биринши генерал губернаторы К. П. Кауфманга 1867-жылы Александр-2 тәрепинен берилген “Алтын жарлық” юридикалық таманнан Россия империясының нызам формаларының бири сыпатында Түркистан үлкеси ушын дәслепки конституциялық ҳужжет есапланды деп айтыў мүмкин. Усы отаршылық ҳужжетлери тийкарында Түркистан генерал губернаторы басшылығындағы үлке әскерий хызметкерлери тиккелей колониялық ҳуқықын жаратыў менен биргеликте, Россиялық улыўма империялық нызамларды да басқышпа басқыш, избе-излик пенен жәрия ете баслады. Бул империя нызамларынан: “Империялық нызамлар топламы”(1835),“Суд уставлары”(1864), Кауфманға берилген жарлық (1867), “Түркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы нызамлар”, “Жинаят ҳәм дүзетиўши жазалар ҳаққындағы нызам”(1885), “Саўда кредит векселлер ҳаққындағы уставлар”ды айтып өтиў мүмкин.

---

[1] М.М.Кулдашев. Уша асар. 12-бет

Отарлаўшылық ҳуқықы басып алынған мәмлекеттиң экономикалық, социал ресурсларын империя мәплерине хызмет қылдырыўшы, жергиликли халықларды бағынышлылықта ҳәм азапланыўда услап турыўды тәмийнлеўши, отарлық дизимди жаратыўға бағдарланған, монарх ҳәм империя нызамшылық органлары тәрепинен шығарылған нызамлар ҳәм колонияшы хүкимдарлардың усы ҳужжетлерди айланып өтип, жергиликли халық ҳуқықларын шеклеў, оларды кемситиўге тийкарланған, (бириақ нызам күшине ийе болған) нызам асты актлардың топламынан ибарат еди.

Усы колониялық басқарыўды алып барыў ҳуқықы "Рус империясы нызамлар топламы"ның екинши томында (1835) орын алған еди. Бул 1892 жылы және де толықтырылып басылды. Ал, 1913 жылы сөз еттип отырған нызамлар топламы қайтадан бастырылып шығарылды. Топламға Россияның орайлық губернияларындағы басқарыў ислери менен биргеликте, барлық колонияға айналдырылған еллерди басқарыў ҳаққындағы нызамлар да киргизилген еди.Усылардың ишинде: Туркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы нызам, Ақмола, Семипалатинск, Жетисуў, Орал ҳәм Торғай ўәлаятларын басқарыў жөниндеги нызам, Қазақ пухаралық басқарыўы мекемелери ҳаққындағы нызамлар ҳәм т.б. бар еди.

Булардан тысқары, шығарылған көпқана улума империялық нызамларда колонияға айналдырылған халықларды кемситиў менен байланыслы ҳуқық нормалары жийи орын алды. Ал Түркистан үлкеси ушын буған және жүзлеген административлик тәртипте шығарылған пәрманлар менен қарарлар, көрсетпе ҳәм жол-жоба бериўши хатлар тез-тез болып турды.

1889-1909- жылларда Түркистан генерал губернаторының империя нызамларын өзгериске түсирип қолланыўды нәзерде тутқан 208 көрсетпе, бағдар бериўши хатлар жазылды. Усының ишинде генерал губернатор лаўазымын атқарыўшы Флугтың 1914-жыл 12-августдағы көрсетпе бериўши хатында полиция хызметкерлерине жергиликли халыққа

мүнәсебетте мийримсиз болыўға көрсетпелер берилген еди.[1] Пухаралық ҳуқықый мүнәсебетлерди тәртипке салыўшы улума империалистлик нызамлардың енгизилиўиндеги машқалалар ҳуқықый нигилизм жағдайын келтирип шығарды.Колонияшылар мәлим дәрежеде ислам ҳуқықын, шәрият нызамлары менен халықтың үрп-әдет ҳуқықларын тән алыўға мәжбүр болды. Буның тийкарғы себеби, бириншиден патша ҳүкимдарлары тәрепинен үлке халықлары ушын артқша ғәрежетлер сарыпламаслық болса, екинши тәрептен бунда түркий халықлардың ҳуқықый дуньяға көз-карaслары жәмленгенлигинде еди.

Көшпели түркий халықларында (қарақалпақларда) үрп-әдет ҳуқықының орын алыўы, биринши гезекте урыўшылық турмыс тәризи-менен байланыслы болды. Неге дегенде, урыўға бөлинген халықларда ҳәр бир жеке адам- урыў ағзасы сыпатында, өз урыўының қорғаўында жасайтуғын еди. Бунда: а) урыў ағзасының қылмысы ушын қылмыскердиң өзи емес ал, тамамы урыўдың яки жақын аталас урыласларының жууапкер болыўшылығы; б) айыпты жууыў ушын ант бериўди ҳуқық бузыўшылықта айыпланған адам емес, ал оның ушын урыў ақсақалларының бириниң ант ишип кепиллик бериўи; в) айып яки қун төлеў ислери жинаят қылған адамға емес ал, урыўға тийисли болыўшылығы, г) өлтирген адам қунын төлемегенлиги ушын жинаятшының тиккелей өзи емес, ал урыўласларынан биреўиниң өлтирилиўи мүмкинлиги; д) жесир қалған ҳаял өлген күйеўиниң урыўласларының әменгерлигине берилиўи ҳәм т.б. орын алды.

Отаршылар өз үстемликлерин толық орнатыў мақсетинде, көшпели түркий халықлардың үрп-әдет ҳуқықларының ислеў механизмлерин истен шығарыў ушын, оларды отырықлы турмыс тәризине өтиўге мәжбүрлей баслады. Усыған қарамастан үрп-әдет ҳуқықы тийкарында ис алып барыўшы бийлер институты колонияшылардың мәпин гөзлеген ҳалда реформа исленилип, сақлап қалынды. Түркистан үлкеси ушын 1865

[1] М.М.Кулдашев.Туркистон ўлкаси ҳуқуқининг манбалари (1864-1917) Номзодлик дисс. Автореферати. Тошкент, 2005. 14-бет.

жылдан баслап еки түрдеги жергилиикли суд дизими: отырықлы халықлар ушын қазы судлары, көшпели халықлар ушын бий судлары ис алып барды.[1] Бирақ Түркистан үлкесинде ҳәкимшилик әскерий армияға берилгенлиги себепли, жергиликли суд дизими: қазы ҳәм бийлер суды әскерий армия басқармасына бойсындырылды.

Сөз етип отырған дәўирде патша Россиясы үлкени басып алғаннан кейин "бөлип тасла да бийлик жүргизе бер" деген принципти нәзерде тутқан ҳалда, миллет тутаслығын бузыў мақсетинде аўызбирликли жасап атырған қарақалпақ елин Әмиўдәряның оң жағалағы ҳәм шеп жағалығы деп екиге ажратып, шеп қырғағын (Хожели, Шоманай ҳәм Қоңырат) Хийўа ханлығы сорамына берип, ҳукимшилик шегарасын ярым хан дәрежесинде қалдырды. Оң жағалығын (Шымбай, Шорахан, Төрткүл) Әмиўдәрья бөлими деген атпенен, пайтақтын Петро-Александровск (Төрткүл) деп белгиледи. Нәтийжеде колониялық сиясат ақыбетинде инақ жасап атырған бир миллет, бир-биринен бөлек болған еки басқарыў ҳәкимшилигине бойсындырылды.

Бул сияқлы отарлап алыў басқыншылығына халық оғада наразылықта еди. Булар жөнинде қарақалпақ халқының белгили шайыры, жадитшилик ҳәрекетиниң белсенди ўәкили, рус отарлап алыўшылығына қарсы сиясий ҳуқықый пикирлерин тартынбастан баянлаған[2] Сыдық Тоқпан улы (1857-1917) «Заман» атлы қосығында: «Журтымыз еки бөлинди, Пухара тозып бүлинди», «Аржақта жарым хан болды (Әмиўдәрьяның шеп жағалығында ), Сүўрети бар бийжан болды». Усылар елге бийлик жүргизди. «Бержакта бар рус ҳәким, Ғамға толып тур жүрегим», нәтийжеде бир тутас етекли ел болып жасап атырған қарақалпақ миллети бөлек-бөлек болып, ақыбетинде ара қатнасықлары қыйынласты.

---

[1] **Г.Ө.Әлеўова**. Бердақ қарақалпақ бийлериниң жәмийетлик -турмыста тутқан орны ҳаққында. // Журн. Әмиўдәрья. 1912. №1. 88-бет.

[2] **Р.Әлеўова**. Сыдық Тоқпан улының сиясий-ҳуқықый көз-карaслары. // Этникалық өзгешеликлер ҳәм оқытыўды жойбарлас-тырыў технологиясы. РИМК материаллары топламы Нөкис.ҚМУ. 22-23 Ноябрь, 2013 ж. 114-124- бетлер.: **Р.Әлеўова** Сыдық Тоқпан улы рус патшасының колониялық сиясаты ҳаққында..// Ғәрезсизлик дәўиринде театр өнериниң раўажланыўы. РИТК материаллары. Өз.МКӨМИ Нөкис филиалы Нөкис.2014.24-январь. 123- 127 бетлер.

«Кетти елдиң қуўаты, Мәгар, ақыр заман болды»[1] -деп жазған еди. Шайыр ел аймағының қастиянлық пенен екиге бөлиниўин отарлап алған руслар ушын пайдалы екенлигин, халықтың күшин азайтыў, қуўатлылығын жойтыў усылы екенлигин өз халқына саналы түрде түсиндирген еди.

Колониялық мүнәсебетлердиң кескинлесиўине қарамастан, Россия менен Қарақалпақстан арасында экономикалық қатнаслар бурынғыға салыстырғанда бирқанша раўажланды. Феодаллық мүнәсебетлердиң капиталистлик мүнәсебетлер менен алмаса баслаўы, жәмийетлик өндирис күшлериниң раўажланыўы көзге түсе баслады. Усының менен бирге, патша Россиясы бул үлкедеги билимлендириў ислерин өзлериниң ҳүкимдарлық сиясатына сәйкеслендирип қайтадан дүзиўди де нәзерде тутты. Қарақалпақ елинде рус мектеплерин шөлкемлестириўге кирисилди. Н.И.Ильминский усылындағы бул мектеплерде рус устазлары басшылығында рус тили ҳәм әдебияты, мәдenияты үйретилип, аўдармашы дилмашлар менен русларға хызмет етиўши майда ҳәмелдарларды таярлаған. Әсиресе, халықты русларға жақсы мүнәсебетте болыў, олардың мәмлекетлик нызамларының әдалатлылығына исениўге үгитлеў, оларменен бирге жасасыўға тәсир жасаў ислери алып барылған.

Усыған қарамастан бул дәўирде колонияға айналыўы менен жүзеге келген аўыр шәраятлар тек қарақалпақ халқының гана емес, ал, Орта Азия халықларының ойшыл ағартыўшылары арасында халықты руслардың отаршылығынан қандай жол менен қутқарыў мүмкин деген машқалалар пайда бола баслады. Қарақалпақ халқын отаршылыққа шекемги дәўирде бирликли, бир тутасқан ел сыпатында сақлап келген – ел бийлери менен ақсақаллар, руўдың жасы үлкенлери басқаратуғын еди.

[1] Сыдық Тоқпан улы. Заман. // XIX әсир ақыры- XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы.- Нөкис: Билим, 1995.-76- б.

## 1.2. Қарақалпақстандағы жадийтшилик ҳәрекети ҳәм жаңа сиясий-ҳуқықый талаплардың жүзеге келиў жағдайлары

Пүткил Түркистан аймағына тән болған тарыйхый шәраят, алды менен ғәрезсизлик ушын ҳәрекетти агартыў ислеринен баслаў зәрүрлигин, ағартыў жәрдеминде халықтың миллий санасын оятып, өзлигин аңлаўға қәлиплестириў, сиясий-ҳуқықый түсиниклерин тереңлестириў әҳмийетлилигин талап еткен еди. Усы зәрүрликлерден келип шығып, XIX әсир ақыры - XX әсир басларында талантлы ағартыўшы педагог И.Гаспринский (1851-1914) тәрепинен шөлкемлестиорилген, өз ишине сиясий-ҳуқықый пикирлерди де жәмлеген жаңа усыл-жадит мектеплерин ашыў ислери Орта Азияда кең ен жайды.

Дәслепки гезлеринде жадитшилер, дурысрағы жаңа ағартыўшылар ҳәрекети ески мектеплерди реформа етиў ҳәм рус мектеплериниң оқытыў усылында жасларға билим бериў идеяларын көтерип шыққан мәдений-ағартыўшылық ҳәрекет болып көринди. Олар нызамлы түрдеги миллий раўажланыў жолларын өзлеринше жағдайға қарап усыныс ете баслады. Жадитшилик ҳәрекетлери пайда болып атырған дәслепки күнлерден-ақ миллий ояныў ушын шәраят таярлап, халықты дунья мәдenияты жетискенликлеринен хабарлы етиўге мүмкиншиликли болды. Усындай жәмийетлик тәбиятқа ийе болған жадитшилик ўәкиллериниң жәмийетлик –сиясий санасы кейин ала жетилисип, өзлериниң алдыларына үлкен ўазыйпаларды қоя баслады. Олар миллий ояныў, миллий азатлықты қолға киргизиў мақсетинде халықтың ҳуқықын қорғаўшылар сыпатында ҳәрекет ете баслады.

Жадитшилик ҳәрекети ағартыўшылық ислеринин жаңа басқышы тәризинде қәлиплесе баслады. Бул ҳәрекет ўәкиллери жәмийеттеги социаллық ҳәм сиясий ҳуқықый жағдайларды бақлап отырды. Сиясий ағымлар менен партиялардың (пантуркистлик, панисламистлик, большевиклик, меньшевиклик ҳәм т.б.) алдына қойған программаларын үйренди.

Өзлериндеги миллий менталитетти инабатқа алған ҳалда, барлық машкалалардың тыныш, әдалатлылықпенен нызам тийкарында шешиминиң табылыўына умтылды. Сол жыллардағы мәдений-ағартыўшылық саласындағы изде қалыўшылық ҳәм пикирлеўдеги турғынлық жадитшилерде жәмийетлик раўажланыўды тезлестириўдиң әмелий мүмкиншиликлерин табыў пикирлерин ояткан еди. Олар өз үлкелериниң мәдений-экономикалық тәрептен кем раўажланыўы халықтың илим-ағартыў ҳәм нызамшылық тараўында артта қалыўшылығының акыбетинде деп есаплады. Усы себепли жадитшилер билимлендириў тараўын реформа ислеўди рус колониализминее қарсы гүресиўдиң тийкарғы жолы деп түсинди. Жадитшилердиң ағартыўшылық идеологиясы жәмийетлик сиясий тәрептен көпқана мәселелерди: демократияны раўажландырыў ҳәм миллий ояныўды, отаршылықтан қутылып, ғәрезсиз мәмлекет болыўға ерисиў тилегин жеделлестириўди өз ишине алатуғын еди.

Жадитшилер жәмийеттеги кризис ҳәм турғынлықта қалыўды, тарийхый жағдайға байланыслы алға умтылыўшылықтың кемлигин дурыс байқап, халықтағы ҳуқықый ҳәм мораллық нормаларды жақсылаўға әмелий тәрептен көпқана ҳәрекетлер алып барды. Олардың өзине тән жетискенлилклери: жадийтшилер билимли ҳәм ойлаў дәрежеси бәлент, шығыс ҳәм рус мәдениятынан қабары бар ойшыллар еди.

Халықтың өтмишиндеги ҳәм өз заманындағы жағдайларын таллаў жасаған жадитшилер елдиң келешеги ҳаққында ойлай баслады. Себеби олардың көпшилигиниң көзкарас, түсиниклери Шығыс ойшыл данышпанларының жәмийетлик ҳәм сиясий-ҳуқықый пикирлери руўхында қәлиплескен болып, қоңсы еллердеги (рус) илим ҳәм мәденият жетискенликлери, еркинлик, ғәрезсиз жасаў ҳаққындағы түсиниклери менен мәлим дәрежеде таныс еди (Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш). Олар қоңсы еллердиң, әсиресе, рус мәмлекетиниң турмыс тәризин, олардағы инсанлар ҳуқықы, теңлиги мәселелерин үйрениўге умтылысты.

Ол жерлерде раўажланған билим, илим, техника жетискенликлерин өз халқының турмысында пайдаланыўға ҳәрекет етти.

Қарақалпақстандағы жадитшилик ҳәрекетлери бир тәрептен ағартыўшылық ҳәм сиясий-ҳуқықый көз-караслар сыпатында X1X әсирдиң ақырларында жүзеге келиўине қарамастан, 1905-1906 жыллары Хийўа қаласында бас ўәзир Исламхожа ҳәм Камил дийўанбеги басшылығында "Жас хийўалылар ҳәрекети"[1] тарзинде жүзеге келген еди. Бул ҳәрекетлер сол ўақыттағы Хийўа ханлығы сорамына тийисли Әмиўдәрьяның шеп жағалығындағы Хожели, Шоманай, Қоңрат аймақ-ларында үлкен тәсирге ийе болды. Әмиўдәрьяның оң жағалығына тийисли Қарақалпақ пайтахты Петро-Александровскиде (Төрткүлде) жәдийитшилик ҳәрекетиниң тәслепки уйымы болған жәмийетлик-сиясий ҳәрекет – "Хария жәмийети" (1907) дүзилди. Қарақалпақ халқы жасап атырған аймақтағы бул еки жәмийеттиң өз халқын азатлыққа алып шығып, ғәрезсиз мәмлекет болыў басламаларын макул көрмеген рус ҳәмелдарлары "Жас хийўалылар" сиясий ҳәрекетин көп отпей қыскыға алып,, басшыларын жоқары дәрежедеги жазалаўға буйырып, базыларын қамаққа алды. Нәзир Шалыкаров, Палўанияз Юсупов ҳәм Жуманияз Султануратовлар қарақалпақ елине баспаналаў ушын қашып келген ҳәм "Жас хийўалылар" ҳәрекетин астыртын түрде Хийўадан Төрткүлге (Петро-Александровскийге) көширип алып келиўге мәжбүр болған.[2] Булар енди миллий азатлық ҳәрекетлерин, халықтың ҳуқықын қорғаў ислерин қарақалпақ жадитшилери менен биргеликте әмелге асыра баслады. Ағартыўшы жадитшилердиң тийкарғы мақсети, дуньялық илимлерди ана тилинде оқытыўды нәзерде тутқан жаңа усыл мектеплерин коплеп ашып, феодаллық дәўирден қәлиплескен ағартыў дизимин реформа қылыў менен бирге, руслардың нызамсыз отарлап алыўшылығына қарсы жаслар

---

[1] Палванов Н. Ёш хиваликлар партияси фаолияти тарихидан. //Ўзбекистонда миллатлараро муносабатлар тарихидан. -Т.: Университет, 1998. 31-32 бетлар;

[2] Маҳмудов Ғ. Жадид адабиётида миллий истиқлол мавзуи.-Тошкент: Ўзбекистон, 1999.-28- бет

арасында жәмийетлик ҳәм сиясий-ҳуқықый, демократиялық характердеги ҳәрекетлер алып барып, миллий ғәрезсизликке ерисиўден ибарат еди.

Жадитшилик сиясий-ҳуқықый ҳәрекетлери ҳам жадит мектеплериниң жасларды миллий ояныў пикирлери менен тойындырыўы, олардың дуньяға көз-карасларын ғәрезсизлик түсиниклери менен байытыўды, әсиресе нызам тийкарында ҳарекет етиўге шақырыўлары рус патшасына жақпаған еди. Олар жергиликли халықлар арасында жүз берип атырған азатлық ҳәрекетлери өзлериниң колониялық дүзимине қәўип туўғызып атырғанлығын сезе баслады. Бул дәўирлери Қарақалпақстанда миллий азатлық ҳәрекетлери бирқанша жанланған еди. 1899 жылда Шымбайда[1] ақ патшаның нызамшылыққа туўры келмейтуғын сиясатынан наразы болған халық қозғалаңы жүзеге келгени мәлим.

Жадитшилик тийкарындағы сиясий-ҳуқықый көзкараслар Орта Азия бойлап ХХ әсир басларында бирқанша ҳәўижге енди. Ағартыўшы шайырлардың басламасы менен сиясий-ҳуқыкый билимлер, идеялар қәлиплестириўши жаңа усылдағы мектеплер шөлкемлестириле баслады. ХХ әсир басында Қарақалпақстан аймағында жигирмаға жақын жаңа усыл мектеплери жумыс ислеп,[2] олар жасларды тек саўатлы етиў иси менен шекленбей, халықтың колониялықтағы турмысы қыйыншылық пенен өтип атырғанлығын түсиндириўге, жаслардың сиясий-ҳуқықый санасын оятыўға да ҳәрекет қылды. Жаслар санасына ғәрезсизлик, еркинликте жасаў пикирлерин сиңдире баслаған еди.

Булардан тысқары жадитшилер қоңсы еллердеги сиясий жағдайларды билип, өзлериниң нызамға сүйенген ғәрезсизлик ушын ҳәрекет етиў бағдарларын айқынластырып отырды. Ағартыўшы жадитшилер руслар таярлық көрип атырған инқылаплық ҳәрекетлерге өзлериниң азатлық ғәрезсизлик мәплерин нәзерде тутып мүнәсебетте бола баслады. Усы себепли сөз етип отырған дәўирдеги Әмиўдәрья бөлими баслығы Галкин: «Қандайда бир қолайлы пурсат туўылған гезде бул

---

[1] Кудияров А.Р. История города Чимбая (XIX начало XX вв.): Автореф.дисс.канд.ист.наук.-Нукус, 1999.-16-бет

[2] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис, «Билим» 1993. 386 –бет.

жердиң халықлары ҳәзирги ҳүкимдарлық қылып турған басқарыў тәртибине қарсы ҳәркыйлы түрдеги жинаятлар ислеў итималынан аўлақ емес»[1] деп бийкарға мағлыўмат береген емес еди. Бул сияқлы колонияға айналдырыў нызамсызлықларына халықтың наразы екенлигин рус ҳәмелдарлары да сезип жүрген еди.

XX әсир басларында Түркия ҳәм Иранда, 1905 жылы Россияда жүз берген инқилаплық ҳарекетлер сол дәўирдеги агартыўшы зиялылардың ядында сақлаўлы еди. Олардың көтерип шыққан сиясий ҳәм хуқықый мақсетлери менен алдына қойған ўазыйпаларына таллаў жасап, үйренди. Нәтийжеде жадитшилер жоқарыда болып өткен инқылаплар тәсиринде әстен-әстен ҳәўиж алып атырған рус колониялық сиясатына қарсы шығыў ҳәм азатлық, ғәрезсизлик ушын гүресиў ҳаққындағы пикирлерин инқылап пенен байланыстырып жетилистире баслады. Әсиресе, Түркистанда жүзеге келип атырған рус рабочилары менен большевик-лери, буған қосымша жадитшилик ҳәрекетиниң ақ патша ҳүкимети сиясатына қарсы бағдарланғанлығы жергиликли халықтың миллий ояныўын және де жанландырды.

Бул дәўирде Қарақалпақстандағы ғәрезсизликке ерисиў ҳәрекети-ниң белсенди үәкиллериниң бири Қарақум ийшанның ақлығы Мухаммед Идристиң (1869 жылы туўылған) хызмети оғада көп болды. Ол рус отаршылығында жасаўға қарсы ҳәрекетлер баслап, ғәрезсиз ел болыў жолларын излестирди. Ақыбетинде қоңсы түркпен ханы Жунайд пенен бирлесип ҳәрекет қылыўға киристи. Ол патша Россиясының ҳүкимдарлығын нызам жолы менен бийкар етиў ҳәм мәмлекетти бурынғыдай мусырманшылық тийкарында басқарыўға кирисиўди, ғәрезсиз мәмлекет болып жасаўға ерисиўди мәсләҳат етип, Жунайид ханға томендегидей мазмунда ҳат жазған еди. Бунда: «Енди сизге бир ис қалды: Россия ҳәм Хийўа ортасында дүзилген (1873) шәртнаманы таўып алып, усы негизде ханлықты рус колонияшылығынан азат етиў ҳәм бурынғы

[1] Ўз.Р.МДА.ф.17.оп.1.д.1136.л.29

басқарыўды әмелге асырыў, яғный, ханлық руслар араласпаған ҳалда өз ўәкиллери тәрепинен басқарылыўы зәрүр»[1] - деп келтирилгени мәлим. Усылай етип, Идрис ийшан қарақалпақ халкын ғәрезсизликке алып шығыўдың конституциялық жол менен әмелге асыўына умтылды. Бирақ та, жағдайға таллаў жасай отырып , тынышлық пенен ңызам тийкарында ғәрезсизлик қолға кирмеслигин байқаған Идрис ийшан, әскерий жол менен ҳәрекет етиўди де ядынан шығармады. Усы гезлерде «Идрис ийшан ғәрезсиз ел болмақ ушын қозғалаң көтериў мақсетинде 1500 ләшкер топламақта»[2] - деген хабар ақ патшаға жетип, рус чиновниклери оны 1916 жылы тутқынға алады. Рус колонияшыларының бул әдалатсызлықларына халық наразы болды. Усы наразылықларды сәўлелендирип молла Абдулла (Сейдабулла шайыр) «Қарақум ийшан дәстаны» («Әзийз ийшаным») атлы қосық пенен дәстан жазып, бунда руслардың нызамсыз ислерине, отаршылық зулымлығына қарсы пикирлер баянланған еди. Әсиресе: «Әдил болып сорамады орысың»[3] - деб, рус басшыларының әдалатсызлықларын ашықтан-ашық бетлерине айтып, елдиң ғәрезсизлиги, әдалат ушын умтылған адамларды нызамсы қамаққа алып, тюрмаға отырғызыўларына наразылығын билдириўге ерискени мәлим.

Булардан тысқары Россия империясының 1916 йил 24 октябрдеги армия урыс арты ҳызметине Орта Азия халықларынан, сондай-ақ Қарақалпақстаннан да адам алыў ҳаққындағы буйрығына байланыслы халықтың колонияшыларға карсы наразылығы айрықша күшейип кетти[4]. Аймақларда халықтың наразылық көтерилислери жүзеге келди. Әсиресе, бундай бас көтериўлердиң Шорақан, Хожели, Шымбай қалаларында шөлкемлескенлик пенен өтиўи дыққатқа ылайык болды. Хожелидеги ҳалық қозғалаңы бурын сиясий сүргинде болып қайтқан Жуман Маматқул улы тәрепинен уйымластырылып. Әўезжан хожа басшылығын-

---

[1] Сапаев Р.Х., Идрисов А.Р. Идрис ийшан туўралы жаңа мағлыўматлар.//Вестник КК отд.АН РУз.,- Нукус. 2004. 3-4 сон. 90 -бет
[2] Сапаев Р.Х. Уша асар. 91- бет.
[3] Сапаев Р.Х.Уша асар. 91- бет
[4] Төреев А. XIX әсирдиң ақыры -XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийханлар ҳәрекети.-Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.-24- бет.

да алып барылды. Көтерилиске жергиликли ҳаял-қызлар да белсендилик пенен катнасты. Жоқарыда айтып өткен аймақларда елдиң ғәрезсизлиги ушын азатлық ҳәрекетлери бир-бири менен беккем байланысқан ҳалда әмелге асырылып, халықтың миллий ояныў түсиниклерин тезлестирди, ҳәм олардың өз-ара бирлесиўине, адамларда миллий сезимлердиң жанланыўына, өз ҳуқықларын талап етиўлерине күшли тәсирин тийгизди.

Россиядағы сол гезлердеги жүз берип атырған сиясий кризис, миллий буржуазияның ўақытша ҳүкимет пенен мүнәсебети, жадитшилердиң сиясий талаплар менен шығыўы ел ғәрезсизлигине ерисиўдиң мәмлекетти күшпенен аўдарып таслаў (революция) яки реформа жолын таңлаў мәселесинде олардың еки топарға бөлиниўине алып келди.

Биринщиси, миллий азатлықты өз-ара келисим, конституция жолы менен алыўға ҳәрекет еткен, конституциялық монархия тәрептары, миллий ғәрезсизликти реформа ислеў арқалы жүзеге асырыўға умтылған, инқылапты мақул көрмейтуғын «оң» қанат жадитшилер топары. Булар өзлериниң сиясий-ҳуқықый талапларын конституцияға, ҳуқыққа тийкарланған патшалық дүзимди орнатыў аркалы жүзеге асырыў мүмкин деп, инқылапқа карсы болды. Идрис ийшан, Аббаз шайыр (дәслепки дәўирде), Қазы Маулик, Қыдырнияз шайыр, Сыдық Тоқпан улы,Жалил мақсым, Ҳажы ийшан (Абдижамил ахун), Барлықбай баспашылардың ис-ҳәрекетлири буған мысал бола алады. Өз идеологиясын ислам дини менен байланыстырған бул жадитшилердиң сиясий–ҳуқықый мақсетлери өз үлкесин конституциялық нызам жәрдеминде ғәрезсиз етиў еди.

Екиншиси, миллий азатлықты қолға кигизиўде революциядан, инқылаптан үмит қылған, мәлим дәрежеде большевиклер менен байланыста болған «сол» қанат жадийтшилер топары есапланды. Булар: С.Мажидов, Қулмурат шайыр, А.Мусаев, Жангабай шайыр, Абдиқадир, Омар шайыр, Қазақбой, Қудайберген, Сейдабулла сияқлы шайыр ағартыўшылар еди. Бирақ бул еки топар да бир мақсетте, халқының миллий азатлыққа ерисиўи ушын өз ҳуқықый мәмлектеине ийе

болыўдың еки түрли жолын таңлаў аркалы айырлып турса да бир нийетте хәрекет қылган еди.

Демократиялық бағдардағы сиясий ҳуқықый талаплар менен шыққан жадитшилердиң «сол» қанатында инқилаплық руўх күшли еди. Олар өзлеринен бурынғы ағартыўшылардың идеяларын жетилистирип, миллий азатлыққа умтылды, миллий ғәрезсизликке ҳәр тәреплеме дереклер таярлаўға хәрекет етти. Әдалатлылықты, теңлик ҳәм абадан турмысты мақсет еткен «сол» қанат жадитшилер, большевиклердиң революциялық ҳәрекетлерине, «халық мәплерин» гөзлеген мақсетлерине исеним менен қарады. Большевиклер партиясы пуқаралардың жарлы, гедей қатламына жаңа совет ҳүкимети арқалы айрықша қолайлы мүмкиншиликлер, жеңилликлер берилиўин ўәде қылған еди. Бул ўәделер мәлим дәрежеде иске асырыла баслады. Ақыбетинде, соңғы көринислери қандай нәтийжелерге алып келиўи биймәлим болған совет ҳүкимети айырым жадитшилер тәрепинен қоллап-қуўатланды. Халықтың тийкарғы бөлеги «бул қандай зия»[1], деп хайран қалди, базылары екиленген ҳалда қарады.

Совет ҳүкиметиниң орнатпақшы болған жәмийетлик дүзими путкил дунья жүзи тәжирийбесинде еле сынап көрилмеген дүзим еди. Олар тәрепинен жаңа жәмйетлик-экономикалық мүнәсебетлердиң жуўмағы неге алып келиўшилиги қыялда, утопиялық тәризде түсинилди. «Сол» қанат жадитшилик ўәкиллери усы болевиклик ўәделерге исеним билдире баслады. Нәтийжеде олар биринши гезекте өзлериниң нызамлы түрдеги миллий азатлық мәплерин нәзерде тутып, үлкедеги инқылаплық ҳәрекетлерге араласыўға киристи.

Түркистанда большевиклик революция әмелге асқаннан кейин, Қарақалпақстан аймағының Әмиўдәрья бөлиминде 1917 жылы декабрде совет ҳүкимети орнатылып, бул территория Түркистан АССР қурамына кирди. 1920 жылы апрелде Хийўа ханлығы аймағында Хорезм халық Совет Республикасы (1920-1924) шөлкемелестирилгеннен соң, сол

---

[1] Мәжийтов С. Шығармалары.-Нөкис: Қарақалпақстан,1992.-22- бет.

жағалықтағы Қарақалпақсат аймағы Қазак-Қарақалпақ автоном обласы делинип, Хорезм қурамына енгизилди.1920 жылы декабрде Әмиўдәрья бөлими Туркистан АССР ының Әмиўдәрья областына айналдырылып, 1921 ж. 25-июнда обласлық партия комитетиниң конференциясында Қарақалпақстан област партия шөлкеми рәсмийлестирилди.

Совет дүзиминиң дәслепки ўақытларынан-ақ жадитшилик ҳәрекети даўамы сыпатында қарақалпақ зиялыларының алдында биринши гезекте сиясий ғәрезсизилик ҳәм мәмлекеттиң суверенитети турды. Усы мақсетте Әмиўдәрьяның оң ҳәм шеп жағалаўындағы патша Россиясы дәўиринде екиге бөлинген қарақалпақ халкын қайтадан бирлестирип, Қарақалпақстан-ның ғәрезсиз автоном област болыўы ушын гүресиў тийкарғы ўазыйпа есапланды. Бунда: А.Досназаров, Қ.Әўезов, И.Бекимбетов, К.Нурмуҳамед-ов, А.Қудабаев ҳәм басқа қарақалпақ зиялыларының хызмети айрықша үлкен болды. Нәтийжеде 1924 жылы 14-октябрде пүткил Россия Федерациясы 2-сессиясы қарарына мүўапық Орта Азия Республикалар-ында миллий мәмлекетлердиң шегараланыўы барысында Туркистан АССРының көпшилик қарақалпақлар жасайтуғын аймақта Қарақалпақ Автономиялы Обласы дүзилди. Буның қурамына Хорезм Республикасы-ның қарақалпақ округлары,Казак-қарақалпақ автоном обласы (Әмиўдәрьяның шеп жағалығы да) кирди. Карақалпақ Автоном областының дүзилгенлиги Қарақалпақстан советлериниң 1- уйымласыў-шылық съездинде Төрткүл қаласында 1925жылы 12-19 февралда дағазаланылды ҳәм нызамменен рәсмийлестирилди. Усылай етип қарақалпақ халқынын мәмлекетшилиги қайтадан тикленди. Қарақалпақ Автономиялы обласы 1930 жылға шекем Қазақстан АССР қурамында, 1930 жыл 20-июлдан 1936 жылға шекем РСФСР қурамында болды.

Революциядан соң Қарақалпақстанда «жадитшилик» сөзин атама сыпатында қолланыў бирқаша пәсейди.Себеби жадитлер астыртын ис ислеўге өткен еди. Нәтийжеде «сол» топарындағы жадитлер иләжсыздан большевиклерге қосылып, олар өзлерин большевиклер шөлкемлестирген

мекемелердиң ўәкиллери деп есаплап, бул мекемелерде коммунистлердиң хызметлерин әмелге асырыўы барысында өз мақсетлерине ерисиў ушын қолайлы пурсат күтиўге ҳәрекет ете баслады. Буның менен қарақалпақстанда «сол» қанат жадитшилик яки миллий азатлық ҳәрекети тоқтады деген түсиник орын алмады. Олар жадитшилердиң ғәрезсизлик идеяларын совет ҳүкимети қурамында хызмет етип жүрип, жасырын түрде пайтын күтип даўам еттирди. Жадишилердиң «оң» қанаттағы топары большевиклер тәрепинен «баспашылар» яки «халық душпаны», «жамай жаўы» деген атқа ийе болып, өзлериниң алдына қойған миллий азатлық ушын гүресин ашықтан-ашық даўам еттирди (Жалий мақсым, Барлықбай баспашы, Идрис ийшан,Үсен қазияқлы т.б.).

Жадитшилик ҳәрекетлериниң алдына қойған мақсетлерин ядында сақлап, елдиң ғәрезсизлигин шақырык кылып алған миллий зиялылар совет дәўиринде болшевиклерден өзлери ўәде еткен миллий ғәрезсизликти нызам тийкарында талап етип, тынымсыз ислер алып барды. Бирақ бул ўәделер орынланбады, орынланса да сөзде орынланып, ис жүзинде бурынғы отаршылық сиясатының бир түри болып қалды. Себеби, миллий зиялылардың ғәрезсизлик ҳаққындағы нызамға негизленген бул талаплары отаршыл қызыл империяға жақпайтуғын еди. Олардың алдаўшылық ҳәрекетлерине шыдамаған айырым зиялылар өзлеринше ғәрезсиз түрде ис алып бара баслады. Бирақ олар бандай «қылмыслары» ушын коммунистлер тәрепинен қатты жазаланды. Мысалы, 1921 жыл өз бетинше ис алып барып, миллий мәселелерди өзлигинше шешиўге қарар қабыл етип, қол қойғаны ушын Хорезим Республикасының орайлық басқарыў шөлкеми баслығы М.Алламбергенов, Қазақ–Қарақалпақ автономиялы областы ўәкили, Хорезм халық ўәзирлери кеңесиниң баслығы М.Ибнияминов ҳәм басқалар когнституцияда белгилеп қойылған нызам бойынша ис алып барса да, айыплы деп табылып, ҳуқық қорғаў мекемелерине тапсырылған[1]. Бул сияқлы ислер турмыста тез-тез ушрасып турды. Нәтийжеде миллий

[1] Сапаев Р.Х. История развития Казахско-Каракалпакской автономной области в составе Хорезмской Республики (1920-1925 гг.):- Автореф.дисс.канд.ист.наук. Нукус, 2000. 19 с.

азатлық ушын гүрес ўәкиллери большевиклерден алданғанлықларың түсинип жетти. Усы себепли миллий азатлық ҳәрекети басшылары совет ҳүкимети менен ўақытша келисип ислеў, миллий ғәрезсизлик ушын қолайлы мүмкиншиликти гөзлеп, ўақты келгенде ҳәрекет етиў, буған совет ҳүкимети қурамында турып жасырын, астыртын түрде таярлықлар көриўди даўам еттириўге мәжбүр болды.

Усылай етип қарақалпақ үлкесиндеСовет ҳүкимети орнатылғаннан кейин, «сол» канатқа кириўши жадитшилер өзлери биргеликте әмелге асырған Октябрь инқылабынан кейинги совет ҳүкимети қурылысына «белсендилик пенен» араласа баслады. 1918 жылы совет ҳүкиметиниң Қарақалпақстандағы басқарыў шөлкемлери өз жумысларын баслап, жәмийетлик-экономикалық қатнасларды қайта қурыў, мәмлекет ислерин жаңа талапларға муўапық шөлкемлестириў ушын ҳәрекет қыла баслады. Халықтың талап етиўи тийкарында саўатсызлыққа қарсы ағартыўшылык ислери жүргизилди. 1920 жылы июлда саўатсызлықты сапаластырыў бойынша Пүткил Россия төтенше комиссиясы (ВЧК) Әмиўдәрья халық тәлими бөлими иске түсти[1]. 1923 жылы шөлкемлестирилген «Саўатсызлықты сапластырыў жәмийети» (ОДН) ўәлаяттағы барлық район ҳәм аўылларда өз бөлимлерине ийе болып, бул жәмийет халықты сиясий-ағартыўшылық ҳәм инсан ҳуқықлары түсиниклерин ен жайдырыў ислери менен шуғылланды.

Халықтың билимлилигин, сиясий саналылығын арттырыў мақсетинде 1924 жылы бурынғы араб графикасын реформаланған ҳалда жаңа, ансат оқылатуғын альфавит пенен алмастырыўға, усылай етип қарақалпақ тилиниң өзине тән өзгешеликлери инабатқа алынған қарақалпақ жазыўын жаратыўға ерисилди. Усы жаңа альфавит тийкарында жәмийетлик ҳәм сиясий-ағартыў ислерин жетилистириўши «Еркин қарақалпақ» (1924) атлы газета шығарылды. Бул газетаның дәслепки аты «Батраклар ҳақыйқаты» деп белгиленген еди. Бирақ бул атқа

[1] Қорақалп.Респ.МДА.ф.229.д.38.108-бет

ғәрезсизликти әрман еткен зиялылар жәмәәтиниң наразылық көрсетиўи ақыбетинде «Еркин қарақалпақ» деп ат берилди. Газетада көтерилип шыққан сиясий-ҳуқықый талаплар, ғәрезсизликти талап етиў ҳәрекетлери большевиклерге және мақул түспеди. Бул газета 1928 жылы жабылып, «Мийнеткеш қарақалпақ» деп өзгертилип қайтадан шыға баслады. Буларадың бәрлығы жергиликли большевиклердиң, бурынғы жадитлик ҳәрекетин даўам етиўши зиялылардың талап етиўлери нәтийжесинде жүз берген ўақыялар еди.

Жадитшилик ҳәрекетлериниң даўамшыларының белсендилик көрсетиўи нәтийжесинде елдеги ҳаял-қызлар ҳуқықын қорғаўға ҳәм олардың жәмийетлик турмысын жақсылаўға айрықша итибир қаратылды. Олардың билимин, сиясий саўатлылығын, өз ҳуқықларын тусиниўин жетилистириў ислери алып барылды. 1925 жылы Төрткүлде педагогикалық техникумның, 1935 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик муғаллимлер институтының ашылыўы үлкеде зиялылар топарының жетилисиўинде, әсиресе олардың сиясий түсиниклериниң, ҳуқықый билимлери дәрежесиниң артыўында үлкен хызметлер иследи.

Үлкеде ағартыўшылық ҳәм сиясий-ҳуқықый билимлерди жетилистириў менен биргеликте жадитшилердиң даўамшылары, миллий азатлық ҳәрекетиниң ўәкиллери елдиң ғәрезсизликке ерисиў талапларын пәсейтпеди.Атақлы шайыр Аббаз Дабылов «оң» қанат жадитшилер қатарында турып, мәлим бир дәўирлерге шекем (1925) совет ҳүкимети сиясатына қарсы болды. «Өткен заман қайта айланып келерме»[1] хам баска да қосықларын жазып, қызыл империя отарлап алыўшылығын сынға алып, қаралады. Бирақ шайыр бирқанша ўакыт өткеннен кейин жадитшилердиң «сол» топарына қосылып, иләжсыздан коммунистлер менен ўақтынша бирге ислесиў сиясатын қоллап қуўатлады. «Оң» қанат топарында болған Қазы Мәўлик (1885-1950) ҳәм Қыдырнияз шайыр (1880-1840) сияқлы шайырлар қызыл империяға тиккелей қарсы шыққанлығы ушын

[1] Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери. Ташкент: Фан. 1968. 192 – бет

күўдалаўға ушырап, журттан шығып кетиўге мәжбүр болды ҳәм репрессия қурбанлары болыўдан аман қалды.

30- жылларда елдеги эономикалық қыйыншылықлардан тысқары руўхый мәдений тәрептен де халықтың турмысы аўырласты. Хүкимет жергиликли халықлардың мәдений мийрасларына менсинбей қарады. Динди ҳәм диний билимге ийе ойшылларды бийкар етип, сол дәўирге шекемги топланған халық арасындағы ҳуқыққа ҳәм мораллық мүнәсебетлерге тийисли өлшемлерди бузыўды әмелге асырды. Адамлардың руўхый дуньясына, руўхый кешинмелерине зиян келтиретуғын ҳүждан еркинликлерин қысып қойды. Ҳәттепки жасларды өз ата-аналарына қарсы «шын коммунист» етип тәрбиялаўға ҳәрекет етти.

Пухаралардың өз ҳуқықларын қорғап, ҳүкимет ҳәм оның тоталитарлық сиясатына қарсы пикирлер билдириў оғада қыйын еди. Усындай аўыр шәраятта қарақалпақ халкының әзийз перзентлери: А.Досназаров, Қ.Әўезов, О.Ерманов, К.Нурмуҳамедов, И.Бекимбетов, С.Мажитов хам басқалар совет ҳүкимети шөлкемлеринде хызмет исследи. Олар қызыл империя менен ел ғәрезсизлигин ийелеў пурсаты келгенше бирге ислесиў зәрүрлигин түсинди. С.Мажитов, А.Муўсаев, Х.Ахмедов, Қ.Әўезов, И.Фазиловлар Октябрь инқилабын патша Россиясының колониялық үстемлмгин аўдарып таслаў деп түсинген еди. Усы инқылаптан соң қарақалпақ халқының өз тағдирин, ғәрезсизлигин ози белгилеў ҳуқықы иске асады деп ойлаған еди.

Қызыл империя басшылары ақ патша дәўириндеги колонияга айналдырған аймақларын сақлап қалыўды баслы мақсет етип, өзлери ҳүким жүргизип турған халықлардан түсип турған пайдадан айырлыўды қәлемейтуғын еди. Олар баска халықларға «жолбасшылық қылыў», «ақыл үйретиў»ди сылтаў етип, колонияда услап турыўдың «мәдений» түрин ойлап тапты. Буны жақсы түсинген миллий зиялылар (жадит ҳәрекетиниң даўамшылары) совет мәмлекети қурамында жаңа лаўазымларға ийе болыўларына қәрамастан, кеўиллеринде миллий ғәрезсизликке ерисиў

мақсетлерин сақлап келген еди. Отызыншы жылларда қатағанлыққа ушраған адамлардың дерлик бәршеси усылар қатарындағы азаиатлар еди. Нәтийжеде совет ҳүкимети жергиликли зиялыларды өз-ара бир-бирине аңлытып, бир-бирине қарама қарсы қойып, иштен ыдратыў ислерин алып барды ҳәм оларды өзли-өзин тутқын қылып услап бериў жолларынан пайдаланды. Усыларды байқаған миллий азатлық ҳәрекети ўәкиллери «баспашыларға» жасырын түрде жәрдем берип, гейде оларға ашықтан-ашық қосылып кетти. Руслардың колониялық сиясатларына қарсы түрли наразылық ҳәрекетлерин әмелге асыра баслады. Нәтийжеде олар миллий азатлық, демократия, әдалатлы нызам конституциялық жол менен емес ал, ашық қураллы күшпенен шығыў жолы арқалы әмелге асады деген тоқтамға келди. Усылардың ақыбетинде 1919 жылы августа Шымбайда, ғәрезсизлик ушын көтерилис иске асырылды.Көтерилисшилер Шымбай, Мойнақ, Нөкис қалаларын ийеледи. Алты айдан соң, 1920 жылы февралда бул көтерилис бастырылды.[1] Әсиресе, 1929 жылы болып өткен Тақта-көпирдеги Барлықбай басшылығындағы көтерилис айрықша дыққатқа миясар болды.1925-1929 жыллар ишинде елдиң ғәрезсизлигин талап еткен көтерилисшилердиң ҳәрекетлери қызыл империяға мәлим дәрежеде қәўип туўғызды. Усы себепли миллий зиялылар жадийтшилик идеяларын даўам еттириўшилер сыпатында гүмен етиле баслады. Нәтийжеде отарлап алыўшы қызыл империя ғәрезсизлик идеяларын көтерип шыққан миллий зиялыларды жисимлик жоқ қылыў ҳәрекетине киристи. 1929-1939 жыллар аралығында сиясий саналылығы жетилискен, өз елиниң ғәрезсизлиги ушын гүресиўи мүмкин болған тийкарғы зиялылар топарын қатаған етип, «халық душпаны» деген жала менен қамаққа алды, ҳәм атып таслаўға ҳүкимлер шығарды.

Усылай етип, X1X әсир ақыры, -XX әсир баслары Қарақалпақ үлкесинде ағартыўшылық ҳәм жадитшилик дәўири сыпатында өзиниң қоспалы ўақыяларға толы болыўшылығы менен айырлып турып, Орта

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем.- Нөкис: Қарақалпақстан, 2003.-192- бет.

Азияның басқа үлкелериндеги сияқлы қарақалпақ халқының тарийхында да миллий ояныў дәўири болып орын алды. Бул ояныў дәўири: Омар шайыр, С.Мажитов, А.Муўсаев, Жангабай Қаратай улы, Қулмурат Қурбанали улы, Әбдиқадир Бекимбет улы, Қазы Мәўлик, Қыдырнияз шайыр, Сыдық Тоқпан улы ҳәм басқада ойшыллардың жәмийетлик ҳәм сиясий-ҳуқықый көз-карасларының жаңа идеяларға бай болыўына алып келген еди.

# II БАП. ПАТША РОССИЯСЫ КОЛОНИЯШЫЛЫҒЫ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ШАЙЫР ОЙШЫЛЛАРЫНЫҢ СИЯСИЙ-ҲУҚЫҚЫЙ ТӘЛИЙМАТЛАРЫ

## 2.1. Шайыр Қулмурат Қурбаналы улының сиясий-ҳуқықый көз-караслары

Қарақалпақ халқының XIX әсир ақыры –XX әсир басындағы миллий ояныў дәўириндеги көрнекли шайырларының бири, атақлы Аяпберген шайыр ҳәм көрнекли ағартыўшы С.Мажитовтың устазы, Қулмурат Қурбаналы улының (1845-1926) сиясий- ҳуқықый ой-пикирлери[1] өзине тән жаңа идеяларға оғада бай болды. Қоңырат жәдитшилик ағымынан тәсирленип жасаған шайыр, Сор көлдеги (Қоңырат) баслаўыш мектеп-мешитте билим алып, жетерли дәрежеде диний саўатқа, ислам дини шәрияты ҳәм фикҳ илимлери бойынша түсиниклерге ийе болып ержетти.

Шығыс шайырларының әдебий мийрасларынан баҳра алып, көркем сөз өнерине қызығыўшылығын арттырған Қулмурат, атақлы қарақалпақ ағартыўшы- ойшылы Әжинияздың аўылласы еди. Ол данышпан шайыр Бердақ ҳәм Күнхожаларды көрди. Олардың пикир дуньясынан нәр алды. Бозатаў ўақыясы ўақтында Қулмурат 14-15 жасар өспирим еди. Қарақалпақ халқының XIX әсирдеги Хийўа зулымлығына қарсы азатлық гүреслериниң қан төгис пенен бастырылыўы, халық батырларының қурбан болыўлары, әдалатсыз жәмийет машқалалары оның дуньяға түсинигине үлкен тәсир жасады.Шайырдың өзи топлап, жийнаған бай әдебий мийраслары 1926, 1928 жыллардағы суў алыспада суўдың астында қалып, жоқ болып кеткен. Оның бизге жетип келген шығармалары поэзия шайдалары мола Искендер, Нызаматдин, Аяпберген шайыр, Жумамурат, Шамурат сыяқлы қыссаханлар жазып алып, қыссаҳанлық жолы менен халық арасына тарқалған нусқаларынан ибарат.

Қулмурат тийкарынан аўылында дийханшылық пенен шуғылланып, өз күнин өзи көретуғын орта ҳал жағдайда жасаған. Усының менен бирге

---

[1] **Р.Әлеўова.** Кулмурат Курбаналы улынын сиясий-хукукый коз-караслары // «Урто Осиё тамаддуни: утмиши ва келажаги». Проф. Ж. Уринбаевнинг 105 йиллик таваллудига богишланган Халкаро илмий-назарий анжуман материаллари туплами. Нукус. КДУ. 2012. 122-130 бет

қосық жазып, дөретиўшилик ислерин алып барған. Деген менен шайырдың турмысы теңлик жоқ.  әдалатсыз заман тәсиринде аўыр кешкен.Ким күшли болса соның сөзи сөйленип, адамгершилик мүнәсебетлер сақланбаған орталық  оның бул ҳаққында ойланыўларына тәсирин  тийгизди. Буның үстине коңсы түркмен баспашылары менен жийи жаўгершилик болып, тез-тез халықтың тынышлығы бузылыўы орын алды, баспашы, қарақшылардың топылысы менен қатар ел басшыларының халықты ҳәдден тыс езип әдил басқармаўы да аўырманлықты күшейтти.

Шайырдың дүньяға көз-қарасы, сиясий түсиниклери қәлиплескен жигит ўақытларында пүткил Орта Азияны,усының ишинде қарақалпақ үлкесин руслар жаўлап алып, өз колониясына айландырды (1873). Нәтийжеде жаңа ел басқарыў тәртиплери орнатылып, дәстүрий нызамлар, ҳуқықый мүнәсебетлер өзгерислерге ушырады. Рус ақ патшасының тыныш елди басып алып, өз қарамағына бағынышлы етип отарлап алыўы шайырдың наразылығын пайда етти.

Усындай тарийхый жағдайлар тәсийринде Қулмурат шайырдың дуньяға көз-қарасы, жәмийетлик-сиясий түсиниклери  қәлиплесип, халық турмысы, жәмийетлик басқарыў тәртиби ҳаққындағы көз-қарасларын жетискенликлерге толы етти. Оның сиясий-ҳуқықый ой-пикирлери, жәмийеттеги әдалатлы турмыс, инсанлар ҳуқықы, теңлиги жөниндеги көз-қараслары «Он тоғыз» атлы поэмасында, сондай-ақ «Жүз басы», «Залымлар исин үдетти», «Йўришим», «Демишлер» т.б. қосықларында кең сәўлелениўин тапты.Шайыр бул шығармаларында инсан ҳуқықларын, олардың турмыстағы қарым-қатнасын тәртипке салыўшы дереклерди, үрип-әдетке тән  тәртип қағыйдаларды ҳәм буларға ҳәрбир инсанның  әмел қылып жасаўы зәрүрлигин сөз етти. Әсиресе инсанлық ҳуқық нормаларына мойынсынып, жәмийеттеги тәртип қағыйдаларды тән алып жасаў, адамдағы ақыл түсиникке байланыслы-лығын, ақыл-еси пүтин, адамлар ғана ҳадал мийнет етип, өмир сүретуғынын, ақыл адамды усы минез-қулықларды услап турыўға еристиретуғын дерек, руўхый қубылыс

екенлигин: «Ақыл (лы адам) бул дүньяның әнжамын етер, Ақмақлығым шул бийпарўа юришим» -[1:20] деп ескертип, тиришиликтиң барлық тәртип-қағыйдалары, адамдағы ақыл тәрепинен бир тәртипке салынып турыўшылығын айтты.

Шайыр тәртипке бойсынып, заң қағыйдаларын сақлап өмир сүриў, адамдағы ақылға байланыслы деген пикирлерин «Йўришим» атлы қосығында және даўам еттирди. Адамның ҳуқық бузыўшылық ақыбетинде қыйын жағдай-ға дуўшакерлесип, өкинишке түсиўи, ақыллылық пенен өзин-өзи услап тута билиўине, қанаатлы жасаўшылығына байланыслылығын, нәпси инсанды надурыс жолға, ҳуқық бузыўға умтылдыратуғын ишки сезимлер екенлигин, сол ушын адам өз нәпсисин ақыл күши менен жылаўлаўы кереклигин, булай ислемесе инсан екиниң биринде намақул ислер ислеп, жинаятқа жол қойыўы, бийабрай болыўы мүмкин екенлигин түсиндирди.

Ким қанаат етсе мехнеттен аман,
Қанаат етпеген ҳәргиз тынбаған.
Нәпсим айтар: таҳ өлгенше бер маған
Шул нәпсиме ҳалым етмей йүришим -[1:20]

деп нәпсисин, еркин ирке алмайтуғын адамлардың жөнсиз ислер ислеўи ақыбетин-де тынышлығы кетип, изинде ҳуқық бузыўға гириптар болатуғынын ескертти.

Шайыр сиясий ҳуқықый көз -қарасларында ҳәр бир халық өзине тән миллет сыпатында еркин жасаўы зәрүрлигин, басқа бир халықтың оған үстемлик етип, колониясына айландырыўын әдалатсызлық деп түсиндирди. «Залымлар исин үдетти» атлы қосығында, қарақалпақ халқының «ериксизден хийўа-лыға бағынғанлығын, халықты сатып, бийлер ханға жағынғанлығын» [1:17] сөз етеди. Бул жағдайға халық наразы болып, ханлық үстемликке қарсылық көрсетсе, иштен шыққан сатқын «Залымлар зулымлық исин үдеткенлигин» [1:17], адамларды азаплап, еркин қысып қойғанлығын айтты. Мәмлекет, ондағы ел басшылары, аталық ҳәм бийлер, ҳәттеки ханлардың өзи шәрият ҳәм үрип-әдет ҳуқықына бойсынып, адамгершилик пенен ис алып бармағанлы-

ғын, ел ишинде инсанлардың ҳақ-ҳуқықларын шеклеў ислери ҳәўиж алғанлығын, адамларға мүнәсебетте ҳәдден тыс зорлық, зулымлық ислеўлер күшейгенлигин: Жерди думан басқан болды заманлар,

Бек бийлерге қул болды көп адамлар,

Ҳүкимин жүргизди аталық, ханлар

Шектен шыққан зорлық исин үдетти -[1:18] деп жазып, әпўайы халық емес, ал ел ишинде мәмлекет басшылары тәрепинен ҳуқық өлшемлериниң жийи бузылғанлығын айрықша сынға алды.

Шайыр жәмийетлик турмыста жынаяты ушын жаза қолланыў ислеринен көпшилик жағдайда бай, ҳәмелдарлар аман қалып, ал жеңил-желпи қылмыслары ушын камбағал, гедейлер аўыр жазаға тартылғанлығын, оларды тюрмаға қамаў яки сүргинге жибериў жийи ушырасқанлығын, көпшилик ўақытта «Қаллашқа душакер болды сүргинлер» -[1:19] деп жазған еди. Шынында да сүйениши кем, қоллап-қуўатлаўшысы жоқ ғәрип-қәсерлерди айыплап, гуна тағыў, жөнсиз жазалаў турмыста жийи орын алды. Оларға қарата «Иретсиз аларды байлардың көзи» [1:19], әйтеўир нәрсе ушын камбағалларға зулым ҳәмелдарлар тәрепинен кейис сөзлер айтылып, жекирнип бақырыўлар жүз бериўшилиги орын алды. «Гил ҳәмелдар болды, бузықлар теги, Жапакешти езди бай, ийшан, беги» -[1:18] деп жазып жарлылар тайпасына кириўшилердиң инсанлық ҳуқықының, адамшылық ҳүрметиниң аяқ асты болыўшылығын шыдамаслық жағдай деп баҳалады.

Қулмурат шайырдың ҳуқықый көз-қарасларының мазмунласыўында оның «Жүз басы» қосығы айрықша дыққатқа миясар болды. Қоңсы халықлар менен жүзеге келген миллетлер аралық машқалаларды, ел ишиндеги орын алған ҳуқық бузыўшылықлар менен бийбастақлықларды баянлаўға бағышланған бул қосығында, Х1Х әсир ақырындағы қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысы, бул дәўирдеги қоңсы түркменлер менен қарым-қатнас мәселелери, олар арасындағы ушрасып туратуғын ҳуқық бузыўшылық ислери сөз етилген.

Бул дәўирде туркмен халқының гейпара топарларында « аламан» деген жинаятшылык ислер менен шуғылланыўшы тайпалар бар еди.Бул гейде дәстүрге айланып кеткен. Орта Азияны руслар жаўлап алған гезде қолға түскен туркмен туркмен тутқынларынан сораў–жуўап алған гезлерде неменен шуғылланасызлар деген сораўға : «дийханман, егин егемен жәнe аламанға қатнасаман», «Устаман, қолым бос гезлерде аламанға бараман» - деп жуўап берген.[1] Аламан туркмен ҳалқы ушын өзине тән күн көрис түрине айналған. Қоңсы туркмен халқы күнделикли турмыс тиришилигин: дийханшылық ислеў, мал бағыў, өнерментшилик ислери менен шуғыллана отырып,олар « аламан» -коңсы еллерди тосаттан шаўып, дунья –малларын айдап кетип, адамларын тутқынға алып, оларды басқа еллерге сатып жибериў яки күң орнына үйлениў ислери жүз Берген. Туркменлердиң бул аламан-басқыншылық топылысына жақсы қарыўланған, әскерий таярлықлар көрген 10- 30 яки буданда көп ( жүзге шекем) адамлар қатнасқан. Туркменлер аламанлап қоңсы иран, қарақалпақ, қазак еллериниң дара, жеке отырған аўылларын көп шапқан. Тутқынға түскенлерин Бухара ҳәм Хийўа қалалары базарларына алып барып қул етип сатқан. Бундай аламаншылар қарақалпақ халқына Х!Х әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басларына шекем топылыс жасап турған. Шайыр бул тарийхый уақыяларды жақсы билген.

Түркменлер ишинен айырым адамлардың қарақалпақ аймағына келип малларын урлап, қылмыслы ислер менен шуғылланыўын, қоңсы халықлар арасындағы татыўлықты бузыў, ҳуқықый қатнасларды аяқ асты етиў деп баҳалады. Еки халық ортасындағы бул тынышсызлықларды болдырмаў ушын ел ақсақаллары өз-ара келисим жасасыўы зәриүрлигин , бул исте тәртип сақлап, халықтың парахатшылықта өмир сүриўин тәмийнлейтуғын ел сақшылары яки жүз басының хызметлери үлкен екенлигин ескертти. Сөз етилип отырған «Жүз басы» қосығында Сейдалы деген адамның Хожели, Шоманай ҳәм Қоңырат бекликлеринде жүз басы болып

[1] А.Тоқтабай. Барымтадан батыршылдық дәстүрге. // Дәстур. Алматы. 2009.№ 1.

сайланғанлығын, ол бул хызметке кирискеннен кейин басқыншылыққа байланыслы жынаятлардың орын алыўына шек қойылғанлығын, гәззап, урыларды тутқынға алып, елде тәртип орнатқанын, оның «Йурттың тынышланыўына себеп болып» -[1:27], өз нөкерлери менен халықлар арасында турақласқан қарым-қатнасты сақлап турыўға ерискенлигин айтты. Әсиресе, уры-басқыншыларды ислеген қылмысына сай жазалаған-лығын, нәтийжеде «Қарақшылардың өз аманлығын ойлап, жаман қиялын қойып, ел ишине аяғын бийдәрек баспайтуғын болғанлығын, олардың қарақалпаққа (урлық ушын) келмекти өзлерине азап билгенин» [1:28], келсе жынаяты ушын жүз басы тәрепинен жуўапкершиликке тартылатуғынын түсиниўге мәжбүр еткенлигин баянлады.

Булардан тысқары шайыр усы қосығында сөз етип отырған дәўирде ойдалы қазақларының қыс басланғанда бир тайпасы Үстирттеги Өлиқум, Өлмений ҳәм Шаған жаз жайлаўларынан ойға түсип, қарақалпақлар менен бирге араласып жасап отырыўына қарамастан олар арасындағы айырым уры -қарақшылар елдиң малын айдап кететуғын жағдайлар ушырасып турыўшылығын, жүз басы-дан бул урыларға да бақлаў жүргизип, қылмыслы ислерге қол урыўының алдын алыўын ескертти:

Жайлаўы Өлиқум, Өлмений, Шаған,
Қыс ылдыйға қулап ҳәмме бер маған
Әўели нан тилеп, соң мал урлаған
Бундай урылардан үмит үз, басы- [1:29] деп жазып, қазақ-қарақалпақ халықлары қоңсышылықта, өзлери аралас, маллары қоралас жасап атырғаннан кейин адамлар биймәлел, тыныш-татыў өмир сүриўи кереклигин, өзгелердиң малына сұқланып қараў надурыс екенлигин «араласып жүрип (малын) урлаған жаман» -[1:29] болатуғынын түсиндирди.Шайыр қоңсы түркмен ҳәм қазақлар арасында гезлескен айырым урыларды сөз етип қоймай, ал қайсы миллет болыўына қарамастан уры-газзап, жынаят-шылар бар болса, оларға шара қолланып, жынаятлы ис-ҳәрекетлерин тыйдырыў керек. Халықлар миллий айырмашылығына

қарамастан тынышлықта,өз-ара сыйласықта, ҳуқық бузыўшылыққа жол қоймай, абадан турмыста жасаўы тийисли.

Қай халықтан шықса да уры-қалтаман,
Оларға бир шара қоллан, жүз басы -[1:29] - деди.

Жынаятлы ис жазасыз қалмаўы лазымлығын, буның басқа ҳуқық бузыў-шылықлардың алдын алыў ушын да әҳмийетке ийе екенлигин, қанша дәрежеде ел арасындағы уры-қарақшылар жылаўланса, халық биймәлел, еркин өмир сүретуғынын уқтырды.

Усылай етип шайыр ел ишиндеги тынышлықты сақлаўшы, халықтың абадан турмысын қорғаўшы ҳуқық ўәкили жүз басы лаўазымы адамлар арасында мақулланған тәртип-қағыйдаларды, адамгершилик мүнәсебетлер-ди әмелге асырыўда әҳмийети үлкен екенлигин түсиндириўге еристи

Шайыр адамлардың қылған жинаяты ушын жууапкершиликке тартылыўын сөз етиў менен қатар, гейде әдалатсыз заман тәсиринде оларға жала жабылып, наҳақтан қамаққа бәнт етилиўин, инсан еркинли-гиниң бузылыўы деп есаплады. Бундай ўақиялар турмыста ушрасып турды. Усыларды инабатқа алып Қулмураттың: «Дөҳмет билен бенде зиндан болсаңыз, Сонда белли елде ҳәздиң ләззети»- [1:13] деп жазғаны мәлим. Шайыр адамның еркинлигине, бостанлықта жасаўына тең келету-ғын бахыт жоқлығын, сол ушын ҳәрбир инсан жинаятқа баслаўшы ҳәрекетлерге жол қоймай, өз жүрис-турысын дурыс басқарыўын, әсиресе жала бәлесинен аман болыўын, нызам-тәртипке мойынсынып өмир сүриў-ин, қайсысы болса да: дөҳмет жабылып яки ҳуқық бузыў ақыбетинде қамаққа алынып, жаза тартыў, инсан ушын қыйын кешеди, сол ушын инсанларға дөҳметтен ҳәм жинаятлы ислерден аман болыўды ескертти.

Шайыр адамлардың гейде жинаятлы ислерге араласып қалыўында ол жасап атырған орталықтағы жаман адамлар менен қарым-қатнасы, олардың жағымсыз қылықлары тәсирине берилиўлери себеп болыўы мүмкинлигин де инабатқа алды. «Қашқыл мақсумнан жыраққа» атлы қосығында аўыллас мақсым адамның өзиндеги унамсыз минез-қулықлар

тәсиринде басқаларды да тәртип бузыўға азғырып, уятлы ететуғынын, унамсыз қылықлар ислеўге ийтермелеп, жолдан шығаратуғынын түсиндирип, бундай «шайтанға тәқаббил» адамлардан қашық жүриў лазымлығын мәсләҳәт етти:

Сөзинде кемис йоқ,әжеп шийрин тил,
Минез-қулқы шайтаниға тақаббил.
Янташсаң азғырар мисли әзезүл.
Сақ болың залымнан, қашқыл жыраққа.
Мисли сүлик яңлы йантассаң, қалмас,
Үрдиси ялған сөз, ҳәргиз уялмас,
Суўдыр алдаўшыны алдына салмас,
Жоламаң залымға, қашқыл жыраққа. -[1:19] деп, минез-қулқы қылмыслы ислер ислеўге бейим адамларды тәрийплеп, бундайлардың тәсирлерине берилмеўди талап етти. Адамгершилик пенен интизамға бойсынып жасаў, жаман минез-қулықтан аўлақ болыў, адамдағы қылмыслы ислердиң алдын алўда, надурыс ислерге аяқ баспаўда үлкен әҳмийетке ийе деп есаплады.

Қулмурат шайырдың сиясий-ҳуқықый көз-қарасларының раўажланған көриниси, жаңа басқышқа көтерилиўи, оның «Он тоғыз» атлы поэмасының жазылыўы менен байланыслы болды. Дәстан 1898 жылы Шымбай уездине қараслы Таллық болыслығындағы Қулен Қудайшукировты усы аймаққа болыс сайлаў ислериндеги әдалатсызлықларға қарсы халықтың наразылық көтерилисине, бул көтерилисте он тоғыз жигиттиң мәртлик пенен бас көтерип, рус ҳүкимдар-ларының сайлаўды әдалатсыз алып барғанына қарсы шыққанлығына бағышланған еди.

Қарақалпаққа белгили Қулен болыс дәслебинде Қазан ҳәм Орынбар қалаларына Қызыл Орда үсти менен барып балық сатыў, қайтарсын ол жақтан аў, жылым, үй рузгершилигине тийисли ҳәр қыйлы буйымлар алып келип, саўда ислеў менен шығылланыўы арқасында турмысын жақсылап, байыйды. Нәтийжеде халық ушын унамлы ҳәм унамсыз ислери көп болған Қулен байлығының күши менен Таллық болыслығында 1892, 1895-

жыллары еки мүддетке, алты жыл даўамында болыс болып сайланады. Болыслыққа сайланып хызмет атқарып жүрген Қулен, халықты ақ патшаның тутымына, жүргизип атырған сиясатына мойынсындырып услаў ислерине белсендилик пенен қатнасып, ақ патшаға жағынады.Өз гезегинде бундай хызметлери ушын ақ патша да Қуленди ҳүрмет етип, өзиниң қайыл болғанлығын сездириў мақсетинде оны Станислав лентасының екинши дәрежели гүмис медалы менен сыйлықлайды [2:233,3:9]. Рус ҳүкимдарлары менен жақын қатнаста, сыйласықта болған Қулен, «Парахорлар пара исин үдеткен» [1:18] заманда. сайлаўшылардың қарсы даўыс бериўине қарамастан, съезд шақырып тастыйықлатып отырмай-ақ тиккелей ақ патшадан жарлық шығарттырып, 1898 үшинши мүддетке тағы болыс болады [3:9].

Нызамсыз түрде Қуленниң үшинши мәртебе болыс болғанына наразылық билдирген халық сайлаўды қайтадан өткериў бойынша ақ патшаға арыз жазады. Усы арза бойынша Шымбай оязы (Шымбай уездиниң начальниги) Корнилов, Таллық болыслығының баслығы Қулен Қудайшукиров болыслыққа келген. Бул жерде жасаўшылар оларға сайлаўдың нәтийжеси менен келиспейтуғынын билдирген ҳәм сайлаўды қайтадан өткериўди талап еткен. Буған Карнилов келисим бермегеннен соң наразы болған еки жүздей адам көтерилис шығарып, приставты урыўға ҳәм болысты өлтириўге шақырған. Нәтийжеде приставты, болыс баслығын, аўыл ақсақалларын, пристав пенен хызмет бабында бирге келген басқа адамларды көтерисшилер таяқлаған. Усы ўақыялар бойынша Шымбай оязы Карнилов тәрепинен музапатқа хат жибериледи. «Хат көргеш қәҳәр етип келди музапат» [1:15]. Нәтийжеде 1899-жыл 20-мартта музапат - Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги Галкин казармадан бир взвод әскер алып, көтерилис болған жерге келип тексериў жүргизеди. Сорастырыўлар алып барып, жинаятшы деп есапланған он тоғыз адамды анықлайды [3:10]. Бул исте Қулен болыстың да қолы бар екенлигин, онықон тоғыз адамды дизимлеп, көрсетпе бергенлигин Қулмурат шайыр

билген еди. Усы жағдайларды бақлап отырған шайыр-дың: «Болыстан да болды хабар әзелден» -[1:15] деп жазғаны мәлим. Қуленниң болыс сыпатында бул адамлардың қамалыўына көрсетпе бергенли-ги ақыбетинде «Шеп айланып бул пәлектиң гәрдиши, Бийгуна қатланып он тоғыз киси» -[1:13] үстилеринен жынаятшы сыпатында ис қозғалып, Петро-Александровский қаласына алып барылып, тюрмаға бекитиледи.

Шайыр бул он тоғыз адамның надурыс қамаққа алынғанлығын түсиндирип, дәлиллесетуғын Шымбай оязында адвокаттың (төрениң) болмағанлығына, елде заң қағыйдаларын билетуғын ҳуқық хызметкер-лериниң кемлигине оғада ашынды.

Әдил төре таппай сорамағанан,

Әрман билен булар айдалып кетти. - [1:15] деп жазып, нызамды жақсы билетуғын адвокатлардың жоқлығынан он тоғыз адам бийгуна жуўапкершиликке тартылыўға гириптар болып атырғанлы-ғын түсиндирди. Дуньяға көз-қарасы, сиясий пикирлери жетик Қулмурат шайыр бул ўақыя бойынша адвокат жаллаў зәрүрлигин ескертип, дәслепкилерден болып рус суды процессинде адвокат (ақлаўшы) термин-ин қолланды ҳәм қарақалпақ үлкесинде руслар менен даў –тартыс жүз бергенде адвокатлық хызметтиң зәрүрлигин машқала етип көтерип шықты.

Ақ патша ўәкиллери тәрепинен он тоғыз адамды қамаўға алыў ўақыясы болып атырған аласапыран гезде патша солдатларына туттырмай қашып кеткен Қәлимбет Асқаров ҳәм елдеги басқа да адамлар тәсиринде Атамурат Қулмуратов -[5:24,1:34] деген ел азаматының әдилсиз иске шыдамай, он тоғыз тутқынның даўын даўлаў ушын «Өз-өзине берип қарыў, ғайратты, …журттан шығып кетти Атамураты» -[1:17], ақыбетинде Шаржаў қаласына барып, ол жерден от арбаға (поездға) минип, Ташкенттеги генерал-губернаторға Шымбай оязы начальниги Карнилов тәрепинен Қуленди болыслыққа бекитиўдеги болған ўақыяның әдалатсызлығын баянлап касасациялық арыз береди. Нәтийжеде исти қайтадан тергеў жүргизиўге рухсат алады.Усы жағдайларды шайыр:

Ғайрат етип барып Шаржаўдан түсти.

От арбаға минип Ташкент жетисти.

Уллыға арыз етти, аңлатты исти.

Сондай жайда туўры сөздиң ләззети -[1:17] деп баянлаған еди.

Усылай етип, Түркистан генерал-губернаторы Атамурат Қулмуратов берген арза мазмунын үйренип, исти қайтадан қарап шығыўға жибереди.Усы жағдайды шайыр қайтадан: «Тергесин!» деп буйрық етти губернат.» -[1:17] деп жазған еди. Губернатордың 19 адам исин қайта тергеўге жибериўге көрсетпе бергенлигине ерискен Атамурат Қулмуратов он тоғыз адамның ҳәр бирине жүз манаттан адвокат жаллаўға келисип, пул табыў ушын Самарқандқа барып саўда менен шуғылланып, ғәрежет топлайды. Булар ҳаққында шайыр:

«Тергесин!» деп буйрық етти губернат

Буны еситип және кетти Самарқанд

Қыяр саўда етип тутты адвокат

Он тоғыз жүз бермек жаллаў манатты -[1:17].

Нәтийжеде Атамурат Қулмуратов сол ўақыттағы тажирийбели ҳуқық хызметкери ақсақ Әминди адвокат (төре) етип жаллап, Петро-Александровскийге алып келеди. Атамураттың бул ислерин шайыр: «сөзин баян етип (генерал-губернаторға) отлыға минди, Ақсақ төре алып қайтты Әмийнди» -[1:17] деп жазған еди. Жуўмағында Атамурат он тоғыз адамның наҳақ қамалғанын түсиндирип, ис бойынша қайтадан тергеў жүргиздирип, олардың нызамға қылап ис етпегенлигин дәлиллетип, қамақтан шығарыўға ериседи:

Ақсақ төре Әмийн тергеди тағы,

Ғам билән қайғырып қалды бул жағы

Тоғыз ай жатқан соң хош болып ўағы

Он тоғызда шықты шегип меҳнетти - [1:17] деп жазып, Таллық болыслығындағы халық көтерилиси бойынша қозғалған ис қайтадан тергелип, он тоғыз адамның ақланып шығыўға ерискенлигин, бундай исте әдиллик талап етип тартынбастан ҳәрекет етиўдиң, адвокат-лық хызметтиң әҳмийети үлкен екенлигин ескертти.

Он тоғыз ўақиясы қарақалпақ халқы тарийхында мийнеткешлер массасы менен рус отарлаўшылары ўәкиллери арасындағы биринши қураллы соқлығысыў еди. Көтерилис мәлим дәрежеде табысларға ийе болды. Нызамсыз болыс болған Қулен болыслықтан босатылады. Шымбай участкасы приставы Корнилов жумыс орнынан алынады [4:30]. Қулмурат шайыр бул ўақыяларға бастан-аяғына бақлаў жүргизип, қамаққа алынғанлардың тюрмадан шығыўына тилеклеслик билдирип, жол-жоба, ақыл-кеңес берип отырған идеолог сыпатында ҳәрекет етти. Әсиресе, руслардың елди қорқытып, күш көрсетип басқарыў сиясатына қарсылық билдирип, Шымбай оязының (уездиниң) начальниги Карниловты, Әмударья бөлиминиң начальниги (музапаты) Галкинди ҳәм баска да ҳәмелдарларды «Ҳаслы залым, адамлықты умытқан» [1:14], ҳуқық бузыўшы адамлар деп баҳалады. Ақ патша чиновниклериниң өз колониясы аймақларында бийбастақлық ислемей, нызам негизинде ҳәрекет етиўлерин талап етти.Усылай етип шайыр «Он тоғыз» дәстаны мазмуны арқалы рус патшасының  нызамды бузыўшылық ҳәрекетлерин қаралап, бул ислерге қарсы халықты  жигерлендириўге, елдиң  сана сезиминиң ояныўына, олардың ақ патша чиновниклеринен әдалат талап етип, еркинлик, теңлик ушын гүресиўине бағдар берди

Ақ патша дүзиминдеги  әдилсизлик ислерди көп көрген шайыр, елге рус большевиклериниң, Кеңес ҳүкиметиниң келиўине сын көзбенен қарап, инқылаплық ислерди унамлы баҳаламады. Болшевиклик  дүзимниң де ақ патша дәўириндеги рус отарлаўшыларының  даўамы екенлигин түсинди. Кенес мәмлекети алды менен елдеги инсан ҳуқықын шеклейтуғынын, халық мәпине сай келмейтуғын нызамлар шығаратуғынын, әсиресе бунда жетим-жесирлер азап шегип, өз теңлигине ерисе алмайтуғынын, ҳуқық бузыўшылық көбейип, жынаятшылардың жазаланыўы орнына, керисинше оларды еркинликке жиберип қойыў ҳәўиж алатуғынын алдын ала сезди. Усы себепли «Демишлер» атлы қосығында:

Бул ўақытта болмас ҳалал тайыплар

Малын урлатсалар жесир-зайыплар,

Өндирип бере алмас ҳәким, найыплар,

Жүрер уры-гәззеп дәрқан демишлер-[1:29] деп, Кеңес елиниң дәслепки дәўирлеринде-ақ бурынғы үрип-әдет ҳуқықы ҳәм шәрият қағыйдалары инабатқа алынбай, ел арасында жаңа сиясат тәсиринде жынаятшылықтың көбейип кетиўин көрегенлик пенен байқаўға ерискен еди.

Шайыр көпқана шығармаларында, әсиресе «Он тоғыз» поэмасында қарақалпақ халқының отаршыларға қарсы гүресиниң тынбай даўам етип киятырғанлығын байқатты. Рус патшасы ҳәм оның ўәкиллериниң әдалатсыз бийлеўшилигине, елди ериксиз аҳўалда тутыўына қарсы шығып, басшы лаўазымларға халыққа тәрептар, елдиң мәпин қорғайтуғын адамлардың сайланыўын талап етти. Ел пухараларының өз мәплери ушын гүреске толық бирлесе алмағанлығын сынға алып, халықтың өз күшине исенимин оятыўға, өзлерин-өзлери қоллап қуўатлаў сияқлы руўхый кейиплердиң орын алыўына, аламанның мәмлекеттен әдалатлық, теңлик талап етиў ҳуқықлары бар екенлигин түсиндириўге умтылды.

Усылай етип Қулмурат шайыр сиясий-ҳуқықый көз-қарасларында өзи жасаған дәўирдеги ҳуқықый машқалалар ҳаққында пикирлерин билдирип, адамлардың жәмийетлик тәртип-нызамды сақлап жасаўшылығы алды менен олардың бул ҳаққындағы ақыл-түсинигине, өз еркин бийлеп, нәпсисин тыйа билиўине,өзи ерискен турмыс дәрежесине канаатлланып жасаўына байланыслылығын түсиндирди. Феодаллық дүзимдеги теңсизликлер ақыбетинде зулым ҳәмелдарлар менен бай сүтхорлардың камбағал, гедейлер ҳуқықын аяқ асты қылғанлығын айрықша сынға алды. Олардың әдалатсыз ҳәрекетлерине ханлық басқарыўдың тыйым салмағанлығы ақыбетинде зулымлықларын үдетип отырғанлығын ескертти. Усыған қарамастан ел арасындағы тәртип бузыўшылықтың алдын алыўда ҳәм жинаятшылықларды болдырмаўда ел сақшысы -жүз басының хызмети дыққатқа ылайық болғанлығын, ҳәр бир миллет қоңсы миллетлер менен дослықта жасап,жүз бериўи мүмкин болған қарама-

қарсылықлардың алдын алыўы зәрүрлигин, бул исте дәстүрий ҳуқық нормаларына, шәрият қағыйдаларына сүйениў лазымлығын түсиндирди. Адамлардың жәмийетлик турмыста жинаятлы ислерден аўлақ болып яки наҳақтан жала жабылмай еркин өмир сүриўин, инсанлық бахытының тийкарғы тәреплериниң бири сыпатында баҳалады.

Әсиресе жәмийетлик басқарыў ислеринде болыс сайлаў әдалатлы өткерилип, халық мәпин ойлайтуғын адамлар болыс болыўын, ҳәркандай әдалатсыз ислер халықтың наразылығын пайда ететуғынын, бундай тәртиплер сақланбағанлығы ақыбетинде Таллық аймағында халық көтерилиси жүз бергенлигин түсиндирди. Халық күшлериниң тутаслық пенен бирикпеўи, сиясий мәселелерде олардың көз-карасларының тар болғанлығы, шөлкемлес-тириў ислеринде тәжирийбесизликлердиң жүз бериўи қөтерилистиң жеңилиў-ине алып келди. Усыған қарамастан шайыр ел пухараларының ақ патшаға күн сайын артып баратырған наразылықлар-ын, миллий ғәрезсизликке ерисиў тилеклериниң жанланып атырғанлығын дурыс баянлап бериўге еристи. Әсиресе, қандай заман болса да мәмлекет халықтың ҳуқықын, мәпин қорғаўы тийислилигин, ханлық заманда, сондай-ақ ақ патша ҳүкиметинде де бул талаплар қанаатландырылмаған-лығын, ал орнатылып атырған большевиклик ҳүкиметте де инсанлар ҳуқықы мәселеси қыйыншылықлы кешетуғынын алдын ала сезиўге ерискенлиги, шайырдың келешекти дурыс бағдарлай алатуғын жәмийетлик-сиясий пикирлерге ийе көреген ойшыл болғанлығын аңлатты.

Қулмурат Қубаналы улының Х1Х әсир ақыры ХХ әсир басындағы теңсизлик орын алған, әдиллик жоқ жәмийеттен инсан ҳуқықларының аяқ асты болмаўын талап етип, үстем қатлам ўәкиллерине қарсы пикирлерин баянлаўы, халықтың демократияға, өз ҳуқықларын қорғаўға, сиясий саналылығының ояныўына, миллий ғәрезсизликке умтылыў ҳәрекетлериниң жанланыўына айрықша тәсирин тийгизди.

## 2.2. Сыдық Тоқпан улы рус колонияшылығы ҳаққында

Қарақалпақ халқының X1X әсир ақыры -XX әсир басындағы шайыр –ойшылларының бири, жетилискен сиясий-ҳуқықый пикирлерин[1] баянлаўға ерискен Сыдық Тоқпан улы (1857-1917), Қарақалпақстанның Хожели аймағында жайласқан «Сарай көл» аўылында диний-улама шаңарағында туўылады. Әкеси Тоқпан медресе тамамлап, жетик билим алған, ағартыў исине айрықша кеўил бөлген уламалардың бири еди. Ол аўылында мектеп ашып, ел балаларына билим бериў иси менен шуғылланған.

Тарийхтан мәлим, X1X әсирдиң соңғы шерегинде Орта әзияны, усының ишинде қарақалпақ елин Россияның басып алыўынан соң руслар тәрепинен қарақалпақ үлкеси еки аймаққа бөлинип, рус колонияшылығы ҳәм Хийўа ханлығы сорамында болды. Бир пүтин елдиң күш пенен екиге бөлиниўи ақибетинде Хожели, Қоңырат, Шоманай аймағы Хийўа ханлығы сорамында қалды. Бул жерлерде «Хийўа ханының ҳәдден асқан зулымлығы, халықты аш-әптадалыққа түсириў сиясаты»[1] Тоқпан шаңарағы ушын да турмыс қыйыншылықларын жүзеге келтирди. Нәтийжеде ол бала-шағасы менен Хийўа ханлығы сорамынан Россия патшалығы қол астындағы Кегейли аймағына (Әмиўдарья бөлимине) көшип барады.

Тоқпанның Сыдықтан басқа үш баласы болып, усының биреўи Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Садық шайырдың әкеси Нурымбет еди. Сыдық бес жасқа шыққанда әкеси Тоқпан (1862 ж.) қайтыс болады. Соң, ол жигит ағасы Нурымбеттиң қолында тәрбияланып, ер жетеди.Болашақ шайыр аўылындағы баслаўыш мектепте билим алып, саўатын ашады. Реал ҳәм диний билимлер ийелеп, соңын ала өзбетинше

[1] Р.Ө.Әлеўова. Сыдык Токпан улынын сиясий-хукыкый козкараслары. // Этникалық өзгешеликлер хам тәлимди жойбарластырыў технологиялары. РИМК материаллары топламы. Нукус КДУ. 2013.108-111- бет. Р.Ө.Әлеўова. Сыдык Токпан улы рус патшасының колониялык сиясаты хаққында // Ғарезсизлик дауиринде театр онеринин рауажланыуы. РИТК материаллары. Нөкис, ӨзМКӨМИ Нөкис филиалы. Нөкис, 2014. 172-178-бет. Р.Ө.Әлеўова. Сыдык Токпан улынын доретпелеринде ҳуқық маселелери // Материалы ХШ республиканский научной конференции молодых ученых Каракалпакстана. Нукус: Илим.2013.109-110 бет. Р.Ө.Әлеўова. Сыдық Тоқпан улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары // Журн. Вестник Каракалпакского государственного университета.. Нукус. 2013. № 3-4. 89-95 бет.

[1] Н.Жапақов, К.Мамбетов, Қ.Султанов.А.Каримов. Қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983. 303-бет.

изленип, көпкана фольклорлық шығармаларды, әсиресе қаҳәрманлық дәстанларды үйренеди. Әжинияз ҳәм Бердақ дөретпелери менен танысады. Нәтийжеде балалық гезлерден-ақ қосық жазыўға машықлана баслайды. Ол есейе келе ойлаўшылық жетискенликлерине бола турган жерде мәлим бир ҳәдийсеге бағышлап қосық шығаратуғын суўырып салма шайыр дәрежесине ериседи.

Сыдық шайырдың өмири сол дәўирдеги халқымыз басынан кеширген жәмийетлик турмыстағы қыйыншылықларға бола аўыр кешти. Ол шайырлық дөретпелерин қыссаханлық жолы менен ел аралап, той мерекелерде айтып жүрген. Бирақ, бул ислер оның турмыс тиришилигин, күн көрис аўҳалын жақсылай алмады. Усы себепли сол ўақыттағы ҳәўиж алып атырған жалланба күнликшилик, мәрдикарлық сияқлы талаплар менен де шуғыллана баслаған.Бир халықтың «ар жақ», «бер жақ» болып, еки түрли басқарыў тәртибине өткерилип, тоз-тозы шыққан аўыр заманда, жәмийетлик әдиллик, адамлардың инсан сыпатындағы ҳуқықы, теңлиги сақланбады. Олардың ислеген мийнети ис бериўши бай, феодаллар, рус отарлаўшылары тәрепинен ҳәдден тыс эксплуатацияланды. Усындай жәмийетлик турмыс тәсирлери ҳәм халықтың оғыры ҳуқықсыз жасап атырғанлығы оның дуньяға көзқара-сында мәмлекетлик дүзим ҳәм инсан ҳуқықлары мәселесине айрықша әҳмийет бериўине алып келди.

Сыдық Тоқпан улы ойшыл сыпатында өзи жасап атырған жәмийетлик турмысқа, үлкени орыслар басып алғаннан соңғы гездеги мәмлекетлик өзгерислерге, оның дүзилисине, басқарыў ҳәм басқыншылық тәртиплерине дыққат пенен таллаў жасады. Орыслардың басқыншылық ислеп, халықтың бирлигин бузыўшылығына наразылық билдирип, оларды жек көргенлигин баянлап, жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый ой-пикирлерин сөз етиўши «Заман» атлы қосығын жазды. Бир пүтин ел болып жасап атырған қарақалпақ халқының орыс басып алыўынан соң еки аймаққа бөлингенлиги (оң жағалық, сол жағалық) нәтийжесинде «бир журтқа еки патша, болып кетти басқа-басқа». Бул бүлгиншиликтен

пухараның қыйын турмысқа дуўшакерлескенин ақ патша әскерий бюрократиялық тәртип пенен адамларға дөҳмет жаўып жазалап, жөнсиз салықлар салғанын, «пухараның айын алып», елдиң қуўатын кетиргенлигин, адамлардағы инсанлық ҳуқықлардың пүтинлей бузылғанлығын баянлады.

Шайыр жоқарыда айтып өткен «Заманда» қосығында орын алған сиясий- ҳуқықый көз-қарасларында жаңа идеяларды көтерип шыққан еди. Алды менен шайыр рус патшасының Орта Азияны, усының ишинде қарақалпақ үлкесин басып алып, өзлериниң колониясына айналдырыўын, олар тәрепинен тыныш жасап атырған елдиң бүлгинишиликке салыныўы халық аралық ҳуқықый нормалардың бузылыўы деп баҳалады. Рус басып алыўшы-ларының зулымлық пенен елди өзлерине бағындырып, үстемлик жүргизиўи ахыбетинде:

Журтымыз еки бөлинди,
Пухара тозып бүлинди [1]

Нәтийжеде халықтың күн көриси оғада аўырласты. Олардың ел басқарыў ислери, бир пүтин халықты екиге бөлип таслаўы, халықты қыйын жағдайға, сергизданлыққа түсирди.

Заман нешук заман болды,
Жылдан жылға жаман болды.
Залымлар менен бас қосқан
Гедейлерден жырақ қашқан
Шубҳалы тағамлар ишкен.
Аның жолы раўан болды. [2]

Руслардың отарлап, басып алыўы ахибетинде үлкедеги халықтың жәмийетлик-экономикалық тиришилиги жылдан жылға төмен кетсе кетти, ал жақсыланыў тәрепине көтерилмеди. Ел басшылары елдеги экономиканы жақсылаўды иске салыўшы мийнеткешлер тайпасын, мийнет күшлерин қоллап-қуўатлап, олардың ис өнимин жетилистириўине мүмкиншиликлер жаратпады. Әсиресе, жергиликли феодаллар рус патшасы ўәкиллери менен бирлесип, елди парахорлық пенен басқарып

---

[1] Ә.Пахратдинов, Ҳ. Өтемуратова. Х1Х әсир ақыры ХХ әсир диң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Хрестоматия. Нөкис, «Билим», 1995. 75-бет

[2] Сонда. 76-бет

атырғанлығына наразы болды. Мийнетсиз табыс таўып, шубҳалы -ҳадал емес, өз мийнети менен табылғаны гүманлы аўхатлар ишип-жеп атырғанлығын, бундай аўхатлар «ҳарам» екенлигин баянлады. Ҳәм усындай адамлар тайпасының ислери жүрисип атырғанлығына, елде әдилсизлик ҳәрекетлериниң жол алып турғанлығынан деп баҳалады.

Әсиресе, руслар елди басып алып, өзлериниң колониясына айналдырған-нан кейин қарақалпақ елиниң дәл ортасынан ағып турған Әмудәрьяның шеп жағалығы Хийўа ханлығы сорамында қалдырылғанын, бирақ, оның хан деген аты болмаса, тийкарғы басшылықты руслардың өзлери бақлап отырғанлығын, руслардан рухсатсыз Хийўа ханлығының ҳешнәрсе ислей алмайтуғын дәрежеде екенлигин, ал, оң жақ Туркистан генерал губерниясы-ның Әмиўдәрья бөлими аймағы деп аталып, бунда руслардың өзлери басқарыў ислерин жүргизетуғын тәртиплер енгизилгенлигин: Аржақта ярым хан болды,

Сүўрети бар, бийжан болды.
Ҳарам дуня жыйған болды,
Залымлар бий ийман болды.
Бержақта бар орыс ҳәким,
Ғамға толып тур жүрегим,
Ҳақ бермес мениң тилегим,
Сондай пәсент заман болды.[1] – деп баянлап, еки жақта бөлек-бөлек жасап атырған қарақалпақ халқының теңнен кыйын турмысқа гирипдар болғанлығын, кеўиллеринде өз заманына налыў күшли екенлигин, елди басқарыў еки тәрепте де әдилсизлик пенен алып барылып атырғанлығын түсиндирди.

Булардан тысқары шайыр елдеги басқарыў тәртибиниң де өзгергенлигин, бурынғы бийлер орнына руслар тәрепинен енди болыслар (волостнойлар), руў басылары бийлер орнына ақсақаллар (старшинлер) бекитилгенин сөз етти. Бул ҳәмеллер руслардың мақуллаўлары менен ғана белгилени-лген. Бундай усылда ҳәмелдарларды бекитиў бурынғы ел

[1] Сонда. 75-бет

басқарыў дәстүрине туўра келмеслигине қарамастан, өз тәртиплерине көндирип, өзлериниң нызам қағыйдаларына мойынсындыра баслады. Жаңаша ел басқарыў ислери аўыл-елди унамсыз әламатлы сиясатқа гириптар етти. Халық арасындағы усы машқалалы турмыс тиришилик-лерин шайырдың: Бири ақсақал, бири болыс,

Муны қойған ҳәким орыс,

Өзиниң мәзҳәбине дурыс,

Бир әламат (әлеўмет) заман болды[1] - деп баянлағаны мәлим.

Бурынғы бийлердиң ел басқарыў аймағын өзгертип, орнына старшинларды-ақсақалларды қойыў зәкүни (законы) шығарылды. Бундай бийлик тәртиби руў-руўға бөлинген халықтағы ел басқарыў дәстүрине туўра келмейтуғын еди. Руўда яки өз-ара бирлескен тайпа, қәўимде қанша шаңарақ бар болса оның барлығын сол урыўдың бийи басқарған, шаңарақлар көлеми мәлим бир сан менен шекленбеген. Нәтийжеде бийлердиң руўлык басқарыў системасы бузылды. Халық бул ислерге наразылық билдирген менен бийиләж қалды. Елдеги усы унамсыз ишки жағдайларды шайыр: Старшинға елиў үйлик,

Залымның дәртинен күйдик.

Жигирма беске бир бийлик,

Закүн деген зибан болды.[2] – деп, руслардың жәмийетлик баскарыў қурамындағы өзгерислерге кеўли толмағанлығын билдирди. Бирақ руслар енгизген бул нызамға қарамастан ҳәрбир руў өзлериниң руў бийлерин сақлап қалған ҳәм жүз берген ишки машқала-ларын өзлериниң бийлери арқалы шешип отырған[3].

Сыдық Тоқпан улы булардан тысқары ел ишиндеги арық ақсақаллары менен суў мураплары да халықтың тынышлығын бузып, пәтенге келтирип атырганлығын байқады. Нәтийжеде қыйын турмыстағы журтқа ҳәмелдарлар да тынышлық бермей, «диңгирлеген заман болды». Адамларды қақсатып, ҳәдден тыс бүлгиншиликли ҳалға түсирди. Усындай

---

[1] Сонда. 75-бет.
[2] Сонда. 75-бет.
[3] Г.Әлеўова. Бердақ қарақалпақ бийлериниң жәмийетлик турмыста тутқан орны ҳаққында. / Жур. Әмиўдәрья. Нөкис,1912. № 1.77б.

ел басқарыў ислериниң ақыбетинде халық тоз-тоз болады, бул ислер жөнге салынбаса, «ақыры болар журтың қарап»-деп, халық дыққатын мәлим бир әдалатлы тәртип орнаты-лыўы арқалы жәмийетлик аўҳалдың жақсыланыўы кереклигине қаратты.

Руслардың мәмлекетлик тәртиплерге өзгерислер енгизиўи кем-кем ҳәўиж алды. Полиция мекемеси, тюрма деген орынларды көрмеген, кең далада еркин турмыс кеширген халық, енди қалалар менен елатлы пунктлерде рус ақ патшасы мәпин, тәртиплерин әмелге асырыўшы ҳуқық қорғаў орынлары, мекемелери менен ислес болды. Жаңа жәмийетлик нызамлар бойынша кимдур орнатылған тәртипке көнбесе оның үстинен болыс тәрепинен ақсақалға буйрық берилип, белгилеп қойылған тәртипке бағынбаған пухараларды рус мекемесине алып барып, жүз берген ҳуқық бузыўшылығы ушын тәртипке шақырыў яки жазалаў ислерин әмелге асырыўын талап еткен. Бурынғыдай ел бийлериниң даў-жәнжелди өзлери шешип, өзлери жайғастыр-ыў ислери бийкар етилип, енди даўлы ис полиция мекемесинде көрилип шығылыўы тәртип түсине енгизилгенлигин шайыр:

Болыс айтур, ақсақал дер,
Пухараңды жыйнап ал дер.
Мәкамага алып бар дер.
Әмири сондай пәрман болды.
Ақсақалҳәм ҳүким етер,
Хызметке жасаўыл жетер,
Пухараны қуўып кетер,
Әмири бойла пәрман болды.[1] – деп жазған еди.

Усындай дәрежеде болыслардың талап етиўи арқалы ел ақсақал-ларының көрсетпеси менен жасаўыл (полиция) жиберилип, гүналы делинген яки тәтип бузған пухаралардың қолын байлап, мәжбүрий түрде полиция мекемесине алып келген. Бул жерде уезд (ояз) баслығы халықтың мереке өткеретуғын майданына адамларды топлап, ортаға қойылған столы бар гүрсиде отырып, бенде етип алып келинген пухараларға өзин айбатлы

[1] Сонда. 75-бет

түрде көрсетип, қабағын үйип, зәҳәрин жайып тергеў ислерин алып барған. Шайыр оязнойдың судлау процессин жан алатуғын қынзарға - әзрайылға мегзейди деп тәрийпледи:

Мереке майдан толтырып,
Ортаға гүрси қондырды,
Оязной шығып ол турып,
Саўал билан зибан болды.
Турысы яман ҳайбаты,
Қынзарға мегзер сөҳбети[1] – деп, айыплы сыпатында гуманланылған пухараның исин анықлаў мақсетинде сораў-жуўап алыўшы уезд баслығының тергеў жумысларын зулымлық пенен алып барыў ҳәрекетлерин баянлады.

Елди нызамсыз түрде отарлап алған руслар, жергиликли ҳәмелдарларға дийдиндегидей етип жумыс алып бармағанлықтан, көпшилик орынларда басшылық етиў ислерин руслардан келген адамларға, яки рус тилин билетуғын ноғайларға жүклеген. Олар жаңа тәртип деп халықтың бурынғы тоғайлар менен көллерден еркин пайдаланыўын қадаған етип, оны қорып турыўшы «ағаш түбине бир адамнан» бажбанлардың, тоғай төрелер-диң белгиленгенлигин, тийкарғы өткел ҳәм байланыс жолларына қараўыллар қойып, адамлардың алып баратырған затларын тексерип, айырымларын қадаған деп тартып алып, өткермей қойғанлығын, атлы, пияда баратырған жолаўшыларды жол бақлаўшы қараўыллар көрип қалса, алыстан атын шаўып келип, оларға дөҳмет, жала жаўып, мал –мүлкин нызамсыз басып алыўлар жийи жүз бергенлигин:

Сени көрип атын шаўып,
Дәрҳал сендин айып таўып,
Дөҳмет етип, жала жаўып,
Мөҳмин малын алған екен.
Кимниң атын, тайын алды,
Көкнар менен шайын алды.
Пухараның айын алды,

[1] Сонда.76-бет

Сондай пәсент заман болды.[1]

Ел ишиндеги дәрья өткеллери, көллер ҳәм жолларды бақлаўшылар менен тоғай бажбанлары халықты оғада қыйын жағдайға түсирди. Дәрья жағыстан өткени ушын, бурынғы бийпул үлкен тоғайзарлықлардан отын ушын қыста ағаш шаўып алғаны, көллерден балық аўлап яки қамыс орғаны ушын көп муғдарда бажы пул төлеўге мәжбүр етилди. Олардың нызамда көрсетилмеген ҳәрекетлер менен қысым жасап, пухаралардың жеке мүликлерин талан-тараж етип, тартып алып атырғанлығын, рус ҳәмелдарлары тәрепинен заманның аўыр ҳалға түсирилгенлигин, халық еркинлиги шекленип, инсан сыпатында-ғы ҳуқықлары бузылып атырған жағдайларды: Қорық болды бисяр тоғай,

Өткермес көкнар менен шай,
Старшины орыс, ноғай,
Машҳури –муҳая болды.
Ортамыздан ағар дарья,
Пухара өтер гүзарға,
Ҳәр ағашта бир бийҳая,
Сорғуўшыдай ҳәзир болды.
Өңиринде бир зат жылтырар,
Көрип бәдениң қалтырар.
Пухара атын алдырар,
Жаяў қалып сайыл болды.
Биреў келер төремен деп,
Қоржыныңды көремен деп,
Қадаққа жетсе шайыңыз,
Ал, патшалық қыламан деп.
Булҳәм ҳәкимниң буйрығы,
Пухаралар жыламаң деп.[1] – деген қатарлар арқалы, рус отарлап алыўшыларының ҳәдден тыс нызам бузыўшылық қылықларын , адамлардың минип жүрген астындағы атларын зорлық пенен тартып алып, ийелерин жаяў қалдырғанлығын, бир пүтин халықтың өз туўысқанлары

[1] Сонда. 76-бет
[1] Сонда.76-бет.

менен қарым қатнас жасаўы ушын дәрья жағыстан «ар жақ»қа яки «бер жақ»қа өтиўи зәрүр болса, ҳәким бекиткен ҳәмелдарлар пухараларды тинткишлеп тексерип, алып баратырған затларын зорлық пенен тартып алып, өзлерине өзлестиргенлигин, руслардың елдеги бурынғы тәртип, қағыйдаларды бузып, пухараларды эксплуатациялаўдың түрли усылларан ойлап таўып, ис жүзине енгизгенли-гин түсиндирди.

Бул сияқлы эксплуатацияға, ҳуқық бузыўшылыққа негизленген колониялық сиясаттың ақыбети 1911-1912 жыллардағы ашаршылық ўақтында айрықша көзге түсти. Ел ишиндеги иригация тараўларының оғада төмен болғанлығы себепли Чимбай участкасының бирқатар болыслық-ларында суўсызлықтан дийханшылық болмай қалды. Суў тамтарыслығы шарўашылыққа да зиян келтирди. Усы жағдайға байланыслы 1911 жылы Чимбай участкасының барлық малларының елиў проценти набыт болды. Есим ҳәм Бегжап болыслықларында аштан өлген адамлар да ушрасты.Адамлар қарабарақ, қызыл тары ҳәм басқада өсимликлерден аўхат етиўге мәжбүр болды.[1]

Усындай халық басына түскен турмыс қыйыншылықлары себепли,ел басшыларының ҳәм руслар қойған ҳәкимлердиң әдалатсыз социаллық дүзимди ҳәўиж алдырғанлығы ақыбетинде, елдиң экономикалық жағдайы дурыс басқарылмағанлығы себепли аўырласты. Халықтың мәдений – рүўхый турмысын айтпағанның өзинде, жийтуғын бир тислем наны уўайым болды.Бирпаралары қоржынын алып ҳақлап жоқарыдағы еллерге кетти. «Елиў бестен екен егинлер» ерте сүўық түсип, писпей қалды. Бул жыл тарийхта (1911 ж.) «Ақ қапшық» деген атпенен орын алды. Шайыр халық басына түскен усы аянышлы ўақияларды өз мазмунына қамтыған «Ақ қапшық» деген арнаўлы қосығын жазды. Бунда:

Жүўери писпеди,бәри көк болды,
Ерте еккен тары зордан сөк болды.
Жаз жыйғанын гүз басында жеп болды.

---

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан X!X әсирдиң екинши ярымынан XX1 әсирге шекем. Нөкис, Қарақалпақстан». 2003. 103- бет.

Халайық сарашма болды, яранлар.[1] – деген пикирлерин баянлап, халықтың посып кетиўшилигиниң бир себеби неден ибарат болғанлығын түсиндирди.

Рәсмий мағлуматлар бойынша, усы жыллары Чимбай участкасында төрт мыңға жақын хожалық азық-аўхатсыз, Шораханда 598 хожалық ашлықта жасаған. Ал, пүткил Әмиўдәрья бөлиминде бес мың шаңарақ ашаршылыққа ушрап, оғада аўыр ахўалда тиришилик еткен.[2] Әсиресе, Шымбай оязлығында ҳалықтын бирқаншасы аштан, ашлықтан келип шығатуғын түрли кеселликлерден өлип кетти. Усы жағдайларды шайыр жоқарыда сөз еткен «Ақ қапшық» қосығында және де мазмунластырып баянлаўға еристи: Байлар нан жемеди, жарлы зағара,

Төңкерилди қамыр еткен дағара.
Шай ҳалқаға жеди муштай ноғала,
Гүнжара да аўхат болды яранлар.
Жарма суйық болды, түйир болмады,
Сол жылгы дәнлерде үйир болмады.
Адамлар сып-сыйдам бүйир болмады,
Күн-күннен узайып кетти, яранлар.
Басалай, ат шоқай, жоңышқа болды,
Не жуўан адамлар жиңишке болды.[3]

Ашлықта қалған халыққа мәмлекет тәрепинен жәрдемниң болмағанлығын есапқа алып, мүмкиншилиги бар жергиликли бай адамлар басқа жақлардан Қарақалпақстанға дән ҳәм ун алып келип, хожалықларға тарқата баслады.Олардың ишинде Халмурат Қурбанов, Ибрайым Маткарим-ов т.б. ири саўдагерлер бар еди. Булар сырттан әкелинген ғәлле ҳәм унларын қарызға бериўине қарамастан, ашырқаганларға жәрдем қолын созып, үлкен саўаплы ислер иследи. Шымбайлы Халмурат бай Қурбанов көп дийханлардан берген қарызларын қайтып алмаған. Деген менен ашаршылық даўам етип, ол Хийўа ханлығының барлық районларына

[1] Сонда. 76- бет.
[2] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан X!X әсирдиң екинши ярымынан XX1 әсирге шекем. Нөкис, Қарақалпақстан». 2003. 103- бет.
[3] Сонда. 78-бет.

тарады. Усы жағдайларды көрген патша ҳүкимети үәкиллери халықтың табанлы түрде талап етиўи нәтийжесинде, ҳәм елде наразылық көтерилислериниң туўып кетпеслиги ушын сол ўақыттағы Россия-Азия банкиниң Жаңа Ургенч бөлими арқалы елге дән, ун алдыра баслады.[1]

Ақ қапшық жылына байланыслы жағдайларды өз көзи менен көрген Сыдық Тоқпан улы: Мен айтайын өткен жылдың шидатин,

Инсанларға салған дәрти-илләтин.
Ҳәр шәхәрден алып келди қапшықты
Халмурат пайдасына барди , яранлар.
Кимсәга ун берди, кимсагә буғдай,
Алып ишти ийшан менен мола бай
Сол қапшықты қылды Шымбайда бәржай,
Андын соң гияға жеттик , яранлар.[2] – деп жазған еди.

Шайыр сөз етип отырған «Ақ қапшық» қосығында жәмийетти басқарыўдың экономикалық тәреплери дурыс алып барылмағанлығын, ел ишинде буған жуўапкер адамлардың өзи жоқ екенлигин, нәтийжеде пытраңқы ҳалдағы экономикалық қатнаслардың жолдан шығып кеткенлигин, ақ патшаның елдеги ҳәким, ҳәмелдарлары ашлықтың алдын алыў ислерин ойламағанлығын, олардың ел басқарыў ислериниң нәтийжеси халыққа пайда келтириўи тийислилигин түсинбейтуғынлығын сынға алды.

Сыдық Тоқпан улы сиясий-ҳуқықый көз-карасларында мәмлекет көлеминдеги ўақиялардан тысқары, ел ишиндеги мийнеткешлердиң ҳуқықый жағдайларын да нәзерден тыс қалдырмады. Әсиресе, пухаралардың мәрдикарлық қылып, ислеген хызмети ушын тийисли ҳақысын дурыс алыўы мәселесине, сондай-ақ адамлар арасында ушрасып туратуғын ҳәрқыйлы ҳуқық бузыўшылықлар бойынша да өз пикирлерин баянлаған. Шайыр мийнет еткен адамға тийисли ис ҳақы төлениўи зәрүр деген мәселе бойынша «Пирман байдың дийханына» атлы арнаўлы қосығын дөретти. Бунда аўыр жумыслар ислеп атырған күнликшиге аўылдағы

---

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан Х!Х әсирдиң екинши ярымынан ХХ1 әсирге шекем. Нөкис, «Қарақалпақстан». 2003. 103- бет.
[2] Сонда. 77-бет.

Пирман деген байдың тийисли аўхатын берместен жумысын ислеткенин, буның менен шекленип қалмай, соңында мийнетине төленетуғын ҳақысына қылаплық қылғанлығын, күни-түни тынбай байға хызмет ислеп ҳақысын ала алмаған күнликшилердиң шаңарақ тиришилигин жақсылаўға мүмкиншилиги жетпей атырғанлығынәдалатсызлық, инсан ҳуқықының бузылыўы деп түсиндирди. Усы арқалы шайыр бай хожалығында жалланып жумыс ислеўши мийнеткешлердиң көзин ашып, өзлериниң ҳақ–ҳуқықларын түсиниўи кереклигин, келисилген мийнет ҳақысын ис буйырыўшылардан талап етиўи тийислилигин түсиндириў ислерин алып барған.Булардан тысқары Сыдық Тоқпан улы аўыл-ел арасындағы майда-шүйде ҳуқық бузыўшылық ислерин әмелге асырған адамлардың тиккелей намысына тиймей, айыбын ҳәзил дәлкек түринде бетине басып, тәртипке шақырыў усылын қолланыўды да усыныс еткен. Шайырдың бул сияқлы жазалаў усылы «Әбий сағал» атлы қосығы мазмунынан орын алды. Бунда пикири, ойы, «нийети дурыс емес» сағал минезли, усы ҳәрекетлерине бола «сағал» деген лақап алған Әбий деген кисиниң улкен жасқа шыққанына қарамастан майда урлык ислеўин қоймағанлығын, рухсатсыз өз аўылласының атызындағы писип турған жүўерисиниң басларын кесип алып, пайдаланбақшы болған нызамсыз ҳәрекетлерин сөз етеди.

Әбий сағал бас урлайды,
Үлкен атыз тасырлайды.
Атыздан неге бас алдың,
Бийабрай болдың сағал…
Халыққа қарар не бетиң,

Бийабрай болдың сағал.[1] – деп жазып, урлық ислеген Әбийдиң аўыл –елге бул қылығы ушын масқара болғанлығын,урлық адамның абрайын, адамшылық сапасын пәсейтип жиберетуғынын, майда ма ири ме урлық бәрибир ҳукық бузыўшылыққа киретуғынын, екинши адамның ҳадал мийнети менен өндирген мүлкине қол суғыў есапланыўын, бул ҳәрекетлер инсан сыпатындағы әдеп-икрамлылықты, «кисиниң затына тиймеў керек»

[1] Сонда. 78-бет

деген халықтың ҳуқықый дәстүрлерин бузыў екенлигин, бундай айып ислер жазаланыўы тийислилигин, Әбийге берилген жаза , тәртип шаралары ҳәзил- дәлкек секилинде, оның айыбын бетине басып, уялдырыў жәрдеминде иске асырлғанлығын, бул да жаза қолланыўдың, урлығын қойдырып, тәрбиялаў-дың бир жолы есапланатуғынын баянлады.

Усылай етип, Сыдық Тоқпан улы сиясий-ҳуқықый көз-қарасларында X1X әсир ақыры –XX әсир басындағы қарақалпақ үлкесин руслардың зорлық пенен басып алып, колонияға айландырыўы нәтийжесинде, әсиресе, халықтың ел басқарыў дизимине өзгерислер енгизилгенлигин, бурынғы басқарыў тәртиплериниң алмастырылғанлығын, бунда қарақалпақ халқының миллий өзгешеликлер-инен келип шыққан бийлер басқарыў дизими орнына, болыс ҳәм ақсақаллар арқалы ис жүргизиў орын алғанлығын сынға алды.

Шайырдың жетик мазмундағы сиясий-ҳуқықый көз-қарасларға ийе болғанлығы оның Қарақалпақстанды колониясына айналдырған рус басып алыўшыларының ҳәрекети халық аралық ҳуқық нормаларын бузыўшылық деп баҳалаўында көринди. Усы себепли ол сиясий-ҳуқықый көз-қарасларын-дағы баслы пикирин әдалатсызлық пенен қарақалпақ елин орыслардың отарлап, бийлеп алыўына наразылығын билдириўге қаратты. Әсиресе, орыслардың бир пүтин халықтың бирлигин бузып, екиге бөлип таслаў арқалы басқарыўды енгизиўи, қарақалпақ халқының миллий бирлесиў күшин ҳәлсиретиў усылы деп түсиндирип, бул сумлықлы сиясий ҳәрекетлерине халықтың саналы қатнаста болып, қарақалпақ миллети бир тутас миллет ҳәм өзлериниң бир тутас аймағында жасаўы керек деген идеяны көтерип шықты.

Сыдық Тоқпан улы рус патшасының халыққа түрли салықлар салыўын, олар бекиткен елдеги ҳәмелдарлардың пухара халықтың тийкарсыз түрде мал-мүлкин патшалық етип, тартып алыўларын нызамсы ҳәрекет сыпатында баҳалады. Бундай ҳуқық бузыўшылықлардың мәмлекет

басшылары тәрепинен қоллап-қуўатланыўын елдеги инсан ҳуқықларының пүткиллей аяқ асты болыўшылығы деп түсиндирди.

Шайыр тәрепинен жәмийетлик турмыстың, мәмлекетлик тәртиплердиң әдалатлы түс алыўын талап еткен, халық арасында демократиялық қарым-қатнаслардың орын алыўын ойлап, ҳәрбир адамның өз ҳуқықларын түсиниўи зәрүрлигин баянлаған пикирлери Х1Х әсир ақыры-ХХ әсир басындағы қарақалпақ халқының сиясий-ҳуқықый тәлиматлары тарийхында белгили орынға ийе болып, жасларымызды руўхый тәрептен тәрбиялаў ислеринде, сондай-ақ, ҳәзирги ғәрезсиз елимиздиң қәдир-қымбатын еледе тереңрек түсиниўде, әсиресе, инсан ҳуқықларын үйрениў тараўында тарийхый дереклер сыпатында үлкен әҳмийетке ийе.

# III БАП. ТОТАЛИТАРЛЫҚ ДҮЗИМИНИҢ ДӘСЛЕПКИ ЭТАПЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚАСТАНДАҒЫ СИЯСИЙ-ҲУҚЫҚЫЙ ЖАҒДАЙЛАР

## 3.1. С.Мәжийтовтың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары

С.Мәжийтов XIX әсир ақыры XX әсир басындағы Россия отаршылығында жасаған Қарақалпақстандағы феодаллық дүзимди ҳәм жаңа капитилистилик жәмиетке өтиў барысын, сондай-ақ халықтың ғәрезсизлике умтылыў, миллий ояныў дәўирлерин басынан кеширип, жәдийтшилик ҳакрекети тәсиринде жәмиетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый түсиниклерин[1] қәлиплестириўге ерискен қарақалпақ халқының үлкен шайыр- ағартыўшысы. Шайырдың жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый пикирлериниң мазмунланыўында Шығыстың суфизм тәлиматына тән болған тәбият ҳәм жәмийет қубылысларының өз-ара байланыслығы, тәбият-нызамлықларын инсанлар бәрқулла инабатқа алып ҳәрекет етиўи лазым деген философиялық түсиниклер үлкен әҳмийетке ийе болды.

Шайыр «Мәҳәл деген не?», «Еркинликти күсеў», «Тозған заман», «Аталар ай», «Жерди бежер», «Болып өтти», «Қызларға», «Бәҳәр паслы», «Жаз» ҳәм басқада қосықларында жәмиет ҳәм тәбияттың өзине тән болған обьектив раўажланыў нызамлықлары орын алғанлығын, инсан өзиниң турмыслық ислерин, келешегин алдын ала жобаластырып, белгилеп алўда жәмийетлик турмыстағы реал мүмкиншиликлерди есапқа алып ҳәрекет етиўи тийислилигин, адамның жәмийет ҳәм тәбият сырларын билиў, оны бақлап, ондағы ҳақыйқатларды, реал жәмийетлик қублысларды үйрениў-лери, тәғдир деп шегараланып қалмастан, өзи умтылып,оны жаратыўы лазымлығын, инсан ҳақыйқатлыққа туўры келетуғын нәрселерди өзиниң тәғдирине айналдырыўы арқалы келешек болмысын,халықтың ғәрезсиз

---

[1] Әлеўова Г.Ө., Әлеўова Гж. Ө. С.Мәжитов инсан ҳуқықлары ҳаққында. // Вестник каракалпакского отделения АН РУз. 2002.№ 5-6. 75-76-бет; Алеўова Г.Ў.,Алеўова Гж.Ў. С.Мажидовнинг сиесий-ҳуқуқий қарашлари. //Роль педагогики и психоглогии в развитии общечеловеческой культуры. Материалы РНТК. Нукус. КГУ.2008 -63-73-бет. Гж.Ө.Әлеўова. С.Мажитовтың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары. // Журн. "Вестник каракалпакского отделения АН Республики Узбекистан".- 2004. №. 5-6. Гж.Ө.Әлеўова.С.Мажитовтың сиясий-ҳуқуқый көз-қараслары . // Келтеминарская школа древнего Хорезма. Материалы РНМ конференции. Нукус. КГУ. 2007.68-72 бет. Ў.Алеўов, Гж.Ў.Алеўова С.Мажитовнинг ижтимоий-сиясий қарашлари. // Қарақалпақстан тарийхының заманагой мақашалары РИТК материаллары . Нукус. ҚМУ. 2007. Г.Алеўова, Гж.Ў. Алеўова. С.Мажидовнинг сиесий-ҳуқуқий қарашлари. // Роль педагогики и психоглогии в развитии общечеловечесмкой культуры. Материалы РНТК. Нукус. КГУ. 2008. 63-73- бетлер

жасаў имканиятларын ийелеў жоллары ашылыўы мүмкин екенлигин нәзерде тута отырып: Заманға қарап сер етип

Ҳақыйқатты тағдир етип

Табийғатты тәсқыйр етип

Ийе болың қәне қызлар[1] -деп жазған еди.

Тәбият ҳәм жәмийттиң обьектив ҳәрекет етиў қағыйдаларын жақсы түсинген шайыр, жәмийеттиң экономикалық қуўатлылығының артыўында ҳәм оны ҳәрекетке келтириўши руўхый күшлер қурамында, халықтың сиясий саналылығы билим, илим, мәдeният, әдалатлы нызам, тәртип қағыйдалары үлкен әҳмийетке ийе деп есаплады.Әсиресе халық еркин жасаўы ушын отарлап езиўшилердиң қол астында езилиўде жасаўы емес, ал ғәрезсиз ел болыўы керек деген сиясий-ҳуқықый идеялар бул дәўирде пүткүл Орта Азия бойлап ҳәўиж алған еди. Усы түсиниклер тәсиринде жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый көз караслары қәлиплескен С.Мажийтов, Россия патшасының Орта Азияны, усының ишинде Қарақалпақстанды әскерий күш нәтийжесинде ҳәм ҳәр қыйлы сиясий ҳийлеликлерди иске салып, өзине отарлап алып бағындырғанлығын, олардың бул үлкелерди басып алыўы таза түриндеги басқыншылық, халық аралық көлемдеги ҳуқық бузыўшылық болғанлығын сиясий-түсиниги жетилискен ойшыл зиялы сыпатында баҳалаған еди. Шайыр өз елиниң ғәрезсиз жасаўы кереклиги жөниндеги пикирин, руслардың елди отарлап алыўына қарсы болыўшылығы арқалы баянлады. «Қайсы күни «қосығында:

Шынды қойып , қолланып еп,

Бәрин отар қылайын деп,

Қаныы сорып, көз майын жеп

Сорпасына қанған күни [2]- деп жазды.

Рус империясының Орта Азияны колония етип басып алыўы, бул үлке еллерин ғәрезсиз, еркин жасаўынан айырып, оларды өзлериниң бийлигине зорлықпенен бағындырыў, қол астында услап турыў

---

[1] С.Мәжийтов, Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992.38-бет.
[2] С.Мәжийтов, Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992.40-бет

болғанлығын түсиндирип, экономикалық тарептен артта қалыўшылықта болыўына қарамастан ҳәр-бир елдиң өз-алдына еркин , ғәрезсиз жасаўының тәрептары болды. Патша Россиясы коланиялизмине берген бул баҳасы С.Мажийтовтың жәмийетлик-сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карасларының қәлиплесиўиниң биринши басқышы сыпатында көринис тапты.

Жәмийетлик дүзимге бәрқулла таллаў жасап, бақлап отырған С.Мәжийтов феодаллық қатнаслардың елдеги экономиканы, мәдениятты жедел раўажландырыўға күши әззи екенлигин сезди, Усының менен бирге оның Орта азияның,сондай-ақ Қарақалпақстанның ақ патша тәрепинен жүргизилген отаршылық сиясаты нәтийжесинде Россияның экономикалық турмысына тартылыўы, усы арқалы дүнья жүзлик товар айланысы ағымына араласыўы, капиталистлик қатнаслар себепли елде жалланба рабочийлардың жүзеге келиўи булардың табиятында сиясий жақтан өз ҳуқықына, ғәрезсизли-гине умтылыў сезимлери бар екенлигин т.б. байқаўы орын ала баслады.

Миллий ояныўшылық ҳәм жәдитшилик ҳәрекети тәсиринде дүньяға түсинигин, жәмийетлик пикирлерин жетилистириўге ерискен С.Мәжийтов, паша Россиясы, рус колониялизми дәўириндеги жәмийетлик дүзиминиң, елди басқарыў усылларының ҳуқықсызлыққа, «қыянетке толы» екенлигин көзи менен көрди ҳәм өз басынан кеширди. Қарақалпақ халқының тәғдирине дуўшакерлескен карама-карсылыкларға толы бул дәўирдиң: «Ашылмас қара думандай, Тоқсанда болған сырындай»[1] даўам еткенин ҳәм «жүз жарлыға бир бай төре, қулдай жумсап келгенлигин»[2] әдалатсызлық ҳәм халықтың еркин, ғәрезсиз жасаўын, ҳуқықын буўып қойыў деп баҳалады.

Шайыр рус капиталистлери ҳәм олардың жергиликли малайлары бай, феодаллар тәрепинен әдалатсыз түрде халыққа ҳәр түрли салықлар салып, орынлы-орынсыз төлемлер төлеўге мәжбүрлегенине наразы болды.

---

[1] С.Мәжийтов. Шығармалары. «Қарақалпақстан», Нөкис 1992 52-бет
[2] Сонда. 51-бет.

Артықмаш салық салыў халықты езиўдиң баслы усылы екенлигин түсиндирди. «Қарақалпақ» атлы қосығында халықтың ҳәдден тыс езилип, қыйыншылықта жасап атырғанлығын нәзерде тутқан ҳалда:

Тек сеннен билди алыўды,

Жөнли-жөнсиз пул салыўды[1] -

деп рус колониялизминиң жән жақлама күш алғанлығын баянлады. Әсиресе: «Жарлы ислеп, (жемисин) байлар алып, ҳал димары питип»[2], сүтхорлық ахыбетинде аўыр аўҳалда турмыс кеширгенлигине, халықтың жәмийетлик әдалатсызлықлар себепли жәмийеттен кеўли толмай, тәғдирине налыш етиўшиликте, ғәрезсизликти, еркинликти аңсап өмири өткенлигине айрықша күйинген пикирлерин баянлады:

Дүньяға неге келдик деп,

Келип көп азап көрдик деп

Қашан болар еркинлик деп

Жарлы күтип-күтип кетти[3]-деп халықтың ерки, ықтыяры өзинде болмай ақ патшаның ҳүкимдарлығы астында жасағанлығын, жәмийетте халық өзин еркин, ғәрезсиз түсинбесе бахытлы турмыс кешириўи қыйын екенлигин түсиндирди.

Шынында да XIX әсир ақыры XX әсир басындағы патша Россиясы отарлаўындағы экономикалық қарым-қатнаслар тийкарынан рус капиталистлери ҳәм жергиликли байлардың мәпин қоллап қуўатлайтуғын систимаға қурылғанлықтан қарақалпақ зиялыларының жәмийетлик турмысқа, мәмлекетке наразлығы күшли еди. Жәмийет халықтың еркин, азатлықта, инсанлық ҳуқықлары қорғалған ҳалда жасаўына мүмкиншилик бермей турғанлығын ағартыўшы аңлап жеткен еди. «Дийдиңнен шықпады заманның сақты»[4] деп жәмийетлик турмыстың насазлығынан пайда болған халық қайғысына өзиниң ортақ екенин ескертти. Жәмийеттеги басқарыў системасы, оның елди услап-тутыў сиясаты әдилсизликке,

---

[1] Сонда.55-бет.
[2] Сонда .52-бет.
[3] Сонда .52-бет
[4] Сонда. 51-бет

колониялық езиўшилик мақсетлерине бойсындыр-ылғанын, буны халықтың түсиниўи зәрүрлигине идеялар берди. Елдеги экономиканы раўажландырыў усылларының пәслигинен, халықты бир қәлипке түскен тәртип, нызам арқалы басқарыў исиниң жоқлығынан, колониялық қысаўметтиң күшлилигинен «Жарлы елдиң соры қайнап, зәҳәр заққум жутып»[1], аўыр турмыс кеширип атырғанлығын, ақыбетинде көп қана адамлардың: «Тамақ таппай, күн көре алмай» дәрдесерликке гриптар болғанлығына жәмийетлик турмысты таллаў жасаўшы зиялы сыпатында ағартыўшылық демократиялық көз-қарастан баҳа берип, булардың тийкарғы себеби мәмлекетте колониялизмниң үстемлилиги, әдиллик, теңлик қағыйдаларының орын алмағанлығы нәтийжеси деп есапланады. Отарлаўшы-лар менен жергиликли феодаллардың «Жарлы елге күн көрсетпей, ўайран етип бузып»[2] келгенлигин, еркинлик бермей,қысқыда, қуллық буғаўда услап турғанлығын баянлады.

Шайыр рус патшасы езиўшилигин, буған қосымша жергиликли байлардың жүзеге келтирген қыйыншылықларын жеңиў исиндеҳәр бир адамның ел ғәрезсизлиги ушын талпыныўы лазымлығын, турмыстағы майда машқалалар менен шекленип қалмай елдиң еркинлиги, ғәрезсизлиги жолында ҳәрекет етиўи тийислигин ортаға таслады. Адам жәмийеттеги орын алған қыйыншылық ҳәм тосқынлықларға қарсы гүресиўи, оны жеңип шығыўдың шара, иләжларын қыдырып табыўы лазым. Жәмиеттеги әдалатсызлықлардан қутылыўдың жөнин таба алмай, сергизданлыққа түсиў дурыс емес, адам ушын қандай дәрежеде қыйыншылық гезлессе де оны жеңиў керек.«Турмысқа өзин жеңдирген, қайғы ҳәсирет суслық жаман»[3] болады деди. Инсан өз заманасының төменшик, ьийпарқ бендеси болып қалмаўы тийислилигин, жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы ел ишиндеги ушырасқан машқалаларды шыдам берип, жеңе алатуғын белсенди болып жасаўы кереклигин: Заманда жеңдирместей бол,

---

[1] Сонда. 61-бет

[2] Сонда. 71-бет

[3] С. Мәжийтов.Шығармалары, «Қарақалпақстан»Нөкис 1992 98-бет

Дуслассада сыран мәккам[1] -деп жазды.

Адам босаң, турмыс тиришилигине уқыпсыз өзиниң ҳам халқының мәпи ушын умтылып, оны талап ете алмаса, ондай адамды өмирдеги ҳәр-қыйлы әдилсиз зулым ҳәрекетлер ол адамды женшип таслайды, заманның алдыңғыидеяларын өзлестирип умтылыўына пурсат бермейди, ақыбет-инде: «Ҳаўлықтырар, заман жеңер»[2]. Қол астында бағындырып, сиясий қысып қойыў ерки әззи, надан адамлардың тикленип басын көтериўине, ғәрезсиз-лик мазмунын түсиниўине мүмкиншилик бермейди, оларды өз айтқанынан шетке шығармайды деди («Тири қорқақ»).

Шайыр XIX әсир ақырындағы қарақалпақ үлкесиндеги азатлыққа ерисиў ушын жеделленип умтылыўдың көринислерин жақсы байқады. Бул қублысларды жәнеде жетилистириў мақсетинде жарлы дийханлардың сиясий -жәмийетлик уғымларының еледе ояныўы өз тәғдирин, өз ғәрезсизлигин ийелеў ушын умтылыўы лазымлығын нәзерде тутып: «Тәғдирге тән қойдың таппадың шара, барлық өнериңди төге билмедиң» - деп, халықтағы сиясий саналылықтың, өзин-өзи түсиниўдиң еле жеткиликли емеслигин, өзиндеги бар мүмкиншиликлерди жүзеге шығарыўға уқыпсызлық етип атырған-лықларын, қол қаўсырып тәғдирге тән берип шарасын көрмейтуғын бийпарықлықты сынға алды ҳәм усы арқалы халықтың ғәрезсизлик, азатлық, әдалатлылық, өз ҳуқықлары ушын гуресиўлери кереклигин халықтың алдына ўазыйпа етип қойды.

Шайыр халықты әдилликти талап етиўге, ғәрезсизлик ушын гүреске шақырыў көз-қарасларын «Тозған заман» атлы қосығында және де жетилистирип баянлаған. Мийнеткеш халыққа теңлик бермей, олардың турмыс тәғдирине «ақырзаманды» гез келтирип қойған усы рус колония-шылығы ҳәм оның жергиликли малайлары екенлигин, халықтың өз мийнетиниң жемисин, өз еркинлигин өзлери ийелемегенликтен рәҳәтли турмыста жасай алмай: «Тиршликтен, күн көристен тегис үмит үзген»[3]

[1] Сонда. 71-бет
[2] Сонда. 46-бет
[3] Сонда. 62-бет.

лигин, халықтың өмир сүрип атырған жәмийетине, мәмлекетине жалпыламай наразлық сезиминде толқынланыў менен қатнаста болып турғанлығын баянлады.

Халқының мәпин баслы мәселе етип нәзерде туткан С.Мәжийтов рус империясының биринши (1914-1918) дүнья жүзлик урысқа қатнастағы тутқан сиясатына, әсиресе, буның колониялық езилиўде жасап атырған еллерге, усының ишинде қарақалпақ халқына аўыр қыйыншылық туўғызып атырғанына наразылықларын билдирди. Биринши дүнья жүзлик урыстың инсанийат басына көрилмеген дәрежеде мүсийбет келтиргенлигин шайыр жақсы түсинди. Урыс дүнья жүзиниң төрттен үш бөлегин өз шарпыўына қамтыды. 1,5 милиард халыққа ийе 33 мәмлекет урысқа қатнасты. Урысқа тартылған 774 миллион адамның 10 миллионға жақыны қазаланды. Және 10 милионға жақын адам түрли эпидемия ҳәм ашаршылықтан қырылып қалды. 20 миллионнан артық адам жарадар болды[1].Бул урыс рус империясының күткен нәтийжелерин бермеди. Ел ишиндеги қыйыншылықты, қарама-қарсылықларды жәнеде күшейттирди. Колонияда усланып турылған еллерде, Орта Азияда халықты езиўшилик сиясаты, инсн ҳуқықларының бузылыўы бурынғыданда ҳәўижленди. Усы тарийхый жағдайлардың гуўасы болған С.Мәжийтов, бул ўақыялар бойынша «Болып өткен» атлы қосығын жазды. Бунда ол тек Қарақалпақ-стан яки Орта Азия аймағындағы ўақыяларға ғана емес, ал дүнья жүзлик әҳмийетке ийе машқалалар жөнинде де әдил пикир айта алған сиясий ойшыл екенлигин көрсетти.

Шайыр жоқарыда аты аталған қосығында биринши дүнья жүзлик урыс ўақыяларын: Дүнья болып ҳеш болмаған,

Уллы урыс болып өтти,
Тарийхта ҳәм оқылмаған,
Дүньяны сел алып өтти,[2] - деп баянлаған.

---

[1] Д.В.Вержховский. Первая мировая война 1914-1918 гг. М.1964.79-бет

[2] С.Мәжийтов. Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992. 60-бет.

Ағартыўшыға биринши дүнья жүзлик урыстың басланыў себеби, (Австрия-Венгрия империясының тахт мийрасхоры шахзадасы Франц-Фердинандтың өлтирилиўи) дүнья жүзин колония етип империалистлик еллердиң қайтадан бөлиўге умтылыў мақсети мәлим еди. Усы ўақыяларды шайыр: Пайдасы ушын дүнья қуўып

Соннан зор әламат туўып,
Адам қаны жерди жуўып,
Сай- саласы толып өтти.[1] -деп баянлаған еди.

Бул урыстың империалистлик еллер мәпине қаратылғанлығы, ал олардың езиўшилигинде, колониясы болып жасап атырған Орта Азияға, қарақалпақ халқына турысы менен зыян екенлигин С.Мәжийтов жақсы түсинди. Усы мақсетте империалистлик еллердиң дунья жүзлик урысты баслап, халықты қыйыншылыққа, аш-әптадалыққа түсиргенлигин, ал жергиликли бай, феодаллар, рус малайлары бул урысты қоллап қуўатлағанын, урыс артында (тылда) жумыс ислеў ушын мәрдикарлыққа Россияға адам жибериўге мәжбүрлеп атырғанлықларын сынға алды:

Байлар «тулға боламыз» деп
«Басына күн саламыз»деп
«Ол журтты да аламыз»деп
Ийттей улып-улып өтти.[2]

Рус ҳәмелдарларының колониялық езилиўде жасап атырған халықлар мәпин ойламай, бул жерде де өз байлығын артырыўды мақсет еткенлигин, бирақ нийетлери иске аспағанлығын баянлады. Биринши дүнья жүзлик урыс ахыбети қарақалпақ халқы ушында аўыр қыйыншылықларды алып келди. «Кимниң улы, кимниң ери баўры тилинип»[3] мәрдикарға жиберилди. «Ақты муңлының көз жасы»[4]. Усы жағдайларды шайыр:

Бүлген қырылған санда жоқ,
Мәрҳәматлық заманда жоқ,
Ийтке сан бар, адамға жоқ,

---

[1] Сонда. 60-бет
[2] Сонда. 61-бет
[3] Сонда. 61-бет.
[4] Сонда. 61-бет

Жер дастанып солып өтти.[2] - деп баянлады.

Шайыр сөз етип отырған урыстың қарақалпақ халқына мәпи тиймейтуғынлығына, мәмлекетти жәнеде экономикалық қыйыншылық-ларға түсириуге алып келетуғынына буған халық қарсы болыўы кереклигине түсиниклер берди. Пүткүл Орта Азия бойлап, усының ишинде қарақалпақстанда да 1916 ж. халық азатлық көтерилиси усындай дунья жүзлик урысқа қарсы алып барылғаан сиясий ҳәрекетлердиң нәтийже-синде жүзеге келген еди. С.Мәжийтов бул азатлық көтерилисиниң қарақалпақстандағы белсенди идеологларының бири болды.

1916-жылғы халық азатлық көтерилисине үгитлеў, рус империясының колониялық езиўиндеги халықлардан мәрдикарлыққа адам алыў жөниндеги указына[2] халықты қарсы болыўға шақырыў, С.Мәжийтовтың жәмийетлик сиясий ҳәм ҳуқықый көз-карасларының эволюциялық қәлиплесиўинде үлкен рол ойнады. Бул дәўир оның ғәрезсизлик түсиниклериниң, ҳуқықый ой-пикирлериниң жетилисиўиниң екинши этапы сыпатында көринис таба баслады.

Шайыр халықтың руўхый кешинмелерин, дуньяға көз-қарасын үйрене отырып, халық тәрепинен көтерилип шығылған ғәрезсизлик, еркинлик талапларының ўақты келип әмелге асатуғынына, өз үлкесинде жәмийелик өзгерислер орын алатуғынлығына исеним менен қарады. Ол Россиядағы алдыңғы қатарлы жәмийетлик ҳәрекетлерден, халықтың революциялық толқыўларынан хабардар еди. Усы тәсирлер оның жәмийеттеги теңсизлик-лерге, ғәрезсизлик ҳәрекетлерине демократиялық-ағартыўшылық, кейин ала жәдитшилик көз-қарасынан анализ жасаўына алып келди. Нәтийжеде рус колониялық дүзиминиң өзгериске ушыраўы кереклигин алдын ала байқаўға ерискенлиги себепли инсан ҳуқықлары бузылған әдалатсыз, зулымлықларға толы жәмийеттиң қулатылыўы: «Бузылмағы тийис еди»[3] деген жуўмаққа келгени мәлим.

---

[1] Сонда. 61-бет

[3] С.Мәжийтов. Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992. 62-бет.

Ағартыўшы Октябрь төңкериспегин «сол қанат» жәдитшилик ўәкили сыпатында қуўанып күтип алды. Себеби елдиң ғәрезсизликке ерисиў мақсет-ин шайыр большевиклер менен биргеликте әмелге асырамыз деп ойлады. Большевиклер буған алдағы ўақытларда мүмкиншилик туўғызады деп исенди. Оның «Еркинлик таңы» қосығы жәмийетлик-сиясий көз-қарасындағы «сол қанат» жадитшиликти, революциялық руўхты қуўатлағанлығын анықлаў исинде айрықша дыққатқа миясар. Қоңсы үлкелерде инқылап болып, еркинлик таңы атып атырған ўақытта ел ишинде: «Бәрше ҳайран, бул қалай таң десип тур»[1] -еди. Шайыр халық арасындағы ушырасқан бундай екилениўшиликтиң алдын алыў мақсетинде қоңсы еллердеги ғәрезсизлик ушын жәмийетлик аўдарыспақлардың болып атырғанын өрнек етип, бизлерде инқылаплық ҳәрекетлерге қосылайық, ҳәмме: «ағарып атқан ерик таңына», төңкериспек исине умтылып атыр-деп халықты инқылаптың жеңиске ерисиўине үлеслерин қосыўға шақырады. Себеби шайыр инқылап нәтийжеси қарақалпақ халқына миллий ғәрезсизлик алып келеди-деп большевиклер берген ўәдеге исеним менен қараған еди.

Таң саз берип атты күн шығар жақтан,
Оянды бәрше халық бизге не болды,
Қара түнлер өтип шуғласты бар жан,
Қуўанды бәрше халық бизге не болды.

Бул таңға сәлем бер, тур қарақалпақ,
Нурына аралас, жүр қарақалпақ,
Езилдиң, женшилдиң, исиң еди ҳақ,
Журтлар араласты, бизге не болды. [2]

Усылай етип С.Мәжийтов «сол қанат» топарындағы жадитшилер тәрепинде турып, инқылап жүз бериўи алдындағы ғарезсизлик арзыўсын-дағы халықтың сиясий санасын оятыў мақсетинде үгит-нәсият жүргизди. Усы төңкериспек нәтийжесинде халық ушынеркинлик, әдалатлы заман орнаўы әмелге асатуғынлығына үмит етти.

---

[1] Сонда. 22-бет

[2] Сонда.23-бет

Шынында да шайыр «ойлап заманаңы барлап»[1] көрди. Большевиклердиң уәдеси растай түйилди. Усының нәтийжесинде инқылап-ты халыққа ғәрезсизлик алып келеди деп большевиклер менен биргеликте күтип алды. Ол бул ўақыяларға бағышлап «25 октябрь» деген арнаўлы қосығын жазды. Бунда: «Жайылды пүткүл жәҳәнге еркиншиликтиң сәўлеси, шорт кесилди патшалықтың елге пасық ҳийлеси»[2] деп жазған еди. Еркинликти аңсап келген, азатлық ушын гүреслер алып барған жасы үлкен қатламдағы адамларға қарата төңкериспек исине жаслардың тепершилик пенен қатнасқанлығын: «Сениң душпаныңды балаларың жықты»[3] деп айтты. Халық ушын теңлик, әдиллик орнатылған дәуирдиң келгенлигин: «Айналды заман қарақалпақ»[4], «ис қарадан аўып, ақ жаққа дөнди», - деп қуўаныш пенен тәрийпледи. «Бул заманның түри зыят», себеби «Ҳуқық берип сүйиндирип», халыққа теңлик алып келди –деп, бурынғы ақ патша ҳәм ханлық дәуир қысыўметинен қутылыўдың иске асқанын түсиндирди.

Шайыр инқылап жеңисинен соң елимиздиң миллий ғәрезсизлиги дипломатиялық келисим ҳәрекетлери менен кеңесқурамында турып әстен қолға алыныўы зәрүрлигин, бул ушын халықтың ғалаба саўатлы, билимли, сиясий түсиниги жетилскен болыўын тәмийинлеў баслы ўазыйпалардың бири болыўы кереклигин ортаға қойды. Ағартыўшы «Екинши қуралтай», «Жерди бежер», «Әмиўдаря» «Ҳарма дийхан» т. б. шығармаларында жәмийетлик сиясий түсиниклерин жәнеде рауажландырыўға ерискенлигин көрсетти. Жәмийеттиң раўажланыўы, алға умтылыў бағдарында ҳәрекет ететуғын принципке ийе екенлигин нәзерде тутып, «Мәҳәл деген не» қосығында ўақыттың изге шегинбейтуғынын, жәмийетлик турмыс «ат қоспақ, жарыспақ, озбақ заманы»[5] екенлигин, адам озалды, әзелден тәғдирге жазылғанды емес, ал биринши гезекте реал жәмийетлик турмыс

[1] Сонда.36-бет
[2] Сонда.24-бет
[3] Сонда.46-бет
[4] Сонда.55-бет
[5] С.Мәжийтов. Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992. 77-бет

негизинде ойланыўы кереклигин «Келешекке умтыл, озал деген не» [1] деп алга умтылыўға жедел берди. Жәмийетлик турмыс бәрқулла алға рауажланату-ғынын «Заман жүрер күнде алға»[2] деп түсиндирди. Шайыр усы пикирлери менен жәмийеттиң өзине тән болған рауажланыў нызамлықларын жақсы түсингенлигин сездире отырып, елдиң абаданласқан өмирге жетилисиў-инде, ғәрезсизликтиң қолға кириўинде өз ишине руўхый ҳәм материаллық факторларды жәмлейтуғын билим, илим ҳәм өнер-техниканың диң раўажланыўы айрықша ҳәрекетке келтириўши күш есапланатуғынын инабатқа алғанлығын көрсетти.

Ағартыўшы большевиклер менен ерисилген «ғәрезсизликти» сиясий ҳәм экономикалық тәрептен белгили дәрежеде беккемлеп, оны жәнеде раўажландырыў жолының бири илими, билими, өнер-техникасы жетилискен еллерден өрнек алып, өз азатлығына ерискен халықлардың раўажланыў тәжирийбелерин үйрениўден ибарат екенлигин ортаға қойды.Бул исте миллий зиялылар топарының кеңес хүкимети менен ўақытша келисим дүзип, бирге жасасыўы дәўиринде қайтадан миллий ғәрезсизликке ерисиўдиң екинши басқышы ушын ушын таярлық көрип, сиясий сапалылықты жетилистириў ушын халық арасында ҳәр тәреплеме билимли, мәдепниятлы зиялылар, сиясий хызметкерлер таярлап жетилистириў зәрүрлигин түсиндирди.

Шынында да, С.Мәжийтов Қарақалпақстанда кеңес ҳүкимети орнағаннан соң болып атырған турмыс қублысларының ҳәммесине азат болған халық ўәкили, алдыңғы көз-қарастағы адам сыпатында пикир жүргизди. Енди оның жәмийетлик көз-қарасындағы тийкарғы мәселе қурылып атырған жаңа дүзимди халықтың қуўатлаўына ат салысыў, оларға «Ҳүкимет парқын билмесе»[3] жәрдемлесип, саналы түрде жаңа жәмийетлик қурылысқа араласыўын шөлкемлестириў, халық хожалығын жаңадан реконструкциялаў, билимлендириў ислерин қайта қурыў боды. Усы

[1] Сонда 77-бет
[2] Сонда 37-бет
[3] Сонда. 89-бет

ислерди орынлай отырып конституция жолы менен ҳақыйқый миллий ғәрезсизликти қолға киргизиўди нәзерде тутты.

Ағартыўшы бул ислерге халықты, әсиресе, жасларды белсендилик пенен қатнасыўға шақырды. Оларды совет ҳүкимети орнағаннан соң да миллий азатлық, ғәрезсизлик мақсетлерин әмелге асырыў идеясына умтылыў ҳәрекетлерин тоқтатпаўға шақырды. Усы мақсетте «Қарақалпақ» атлы қосығында баслы мәселе елдиң шын мәнистеги өз ғәрезсизлигине ерисиўи зәрүр деген идеясын совет ҳүкимети орнағаннан соң да даўам еттиргенлигин көремиз.

Неге дегенде сол ўақыттағы жәмийетлик тарийхый жағдай бирден миллий ғәрезсиликке ерисиўге имканият бермей қалды. Октябр революциясы тағы руслардың колониялық езиўшилигиниң бир секили болып шықты. Сонлықтан совет совет ҳүкимети орнады , мақсетке еристик деп тоқтап қалмаў кереклигин, ҳақыйқый ғәрезсизлик еле қолға енбегенлигин, ғәрезсизлик ушын гүрести кеңес ҳүкимети қурамында турып және де даўам еттириў зәрүрлигин баянлады.

Шәўкетке, шаңға алданба,
Толықтыр артынан қалма,
Исим питти деп ойланба,
Питпеген ис кән қарақалпақ,

Келешекке салмасаң сер,
Шубалысар буннан бетер,
Талабын қыл билим-өнер,
Боларсаң аман қарақалпақ.

Аманлықта ойланбасаң,
Белди буўып сайланбасаң,
Уйқыңды ашып оянбасаң,
Жетилмек гуман қарақалпақ.

Уйқлаған ел көркейе алмас,
Жетилген елдей бола алмамас
Еркинликтен пайда ала алмас,
Ел болса надан қарақалпақ,

Наданлық кетпей постыңнан,
Қорлық көрерсең достыңнан,
Өткизбе исти үстиңнен,
Бул сөзге инан қарақалпақ. [1] -

деп жазып, орнатылған кеңес ҳүкимети рус большевиклери ушын жеңис болды. Бирақ бул қарақалпақ халқының миллий ғәрезсизлиги ушын толық тамамланған жеңис емес. Миллет мәпине сай келетуғын ғәрезсизликке еле пүтинлей жетисилмеди, «Питпеген ис кән, қарақалпақ». Бул ислерди әмелге асырыў ушын билим, илим, өнер ийелеп, жетилискен

[1] Сонда 56-бет

сиясий түсиниклерге ерисиў зәрүр, бул ушын наданлық уйқысынан ояныў керек, ҳәзирги «еркин-ликтен пайда ала алмайсаң», оны сиясий саўатлылық пенен даўам еттирип, өз ғәрезсизлигиңди ийелеў ушын пайдаланбасаң, неге дегенде дос халық деп есаплаған руслардан еле қысым көресең, «наданлық кетпей постыңнан, қорлық көрерсең достыңнан». Сол ушын сиясий жетик болып, заң қағый-даларын ийелеп, өз ғәрезсизлигиң ушын гүрес.Пурсатты қолдан жибермей ҳәрекет қыл. «Өткизбе исти үстиңнен, Бул сөзге инан қарақалпақ» деди.

Усылай етип С.Мәжийтов «сол қанат» жәдитши сыпатында большевиклер менен ўақытша ислесип турыў зәрүр деген жуўмаққа келди ҳәм жаңа орнап атырған совет ҳүкимети дәўирин ғәрезсизликке ерисиўдиң ўақытша бир басқышы болып турыўы керек деп есаплады. Усы басқышта көп иркилип қалмай, ғәрезсизликке ерисиў ҳәрекетлерин даўам еттириў зәрүрлигин жаслар алдына ўазыйпа етип қойды. Кеңес дәўиринде, ғәрезсизликке ерисиўдиң биринши басқышында «ақыл-ести жыйнап», оң-солды анықлап, барлық мүмкиншиликти есапқа алып болып, белгили дәрежеде беккемлескеннен кейин ҳақыйқый миллий ғәрезсизликке, азатлықты қолға киргизиў ушын умтылыў зәрүр деп түсиндирди. Буны «Жасларға» қосығында: Сол бир жағы нықланған соң,

Ис жайласып байланған соң,
Мунда бираз тоқталған соң,
Сөйлесермиз тағы жаслар.[1] - деп жазды.

Шайыр жүзеге келген жәмийетлик шәратларға байланыслы ғәрезсизликке ерисиўди енди еки басқышта жүзеге асырыў керек деген жуўмаққа тоқталған еди. Инқылап және рус колонияшыларының пайдасына өтип кеткеннен кейин иләжсыздан совет ҳүкимети қурамында турып, бирге ислесип, сиясий-ҳуқықый билимлерди, конституциялық нызамды, ағартыў ислерин жетилистирип, белгили бир ўақытлар аралығында таярлықлар жүргизип, кейнинен екинши басқышқа ҳақыйқый

---
[1] Сонда.33-бет

миллет ғәрезсизлигине умтылыў ҳәрекетине өтиўди ойласыў кереклигин ескертти. Себеби ендиги жағдайда ғәрезсизликке ерисиўдиң өзине қолай пурсатлы тарийхый мүмкин-шилигин жақынластырыўды, сиясий ҳәм экономикалық дерек таярлаўды зәрүр ететуғын еди. С.Мәжийтов усы имканиятлардың жаратылыўына умтылыў лазымлығын түсиндирди.

Усындай миллий ғәрезсизлик идеялары ушын шайыр үлкен қуўғынға ушрады. «Сол қанат» жадитшилик ҳәрекетиниң пидайы ўәкили сыпатында большевиклик сиясатқа сәйкес келе бермейтуғын ой – пикирлерди көтерип шыққанлығы себепли оны « оң троцкий блокқа қатнасыўшы, инқылап душпаны, миллетшил» -деп қысқыға алды.Репрессияға ушратты. Мәмлекет тәрепинен «халық душпаны» деп қуўдалаўға алынып атырған бир дәўирде халықтың ғәрезсизлиги, еркинлиги ушын умтылған С.Мажитовты көпқана зиялылар қорғап қалыўға умтылды. Усылардың бири Артық Шамуратов еди. Ол ағартыўшы ҳаққында сөз ете отырып: «Адам айналасындағы сиясатқа қарап өседи, Мәжийт улына сын бергенде сол ўақыттағы дәўирге де көз салыў керек. Қысқасы Мәжийт улының бираз мийнетинен пайдаланыўмыз керек. Тарийхий өмирди жазыў жағынан үлги алғандай жерлерин пайдаланыўға болады»[1] -деп жазып, «совет ҳүкиметине қарсы» - деп қаралап атырған бир дәўирде оны ақлаўға умтылған еди.

Жадитшилик ҳәрекетин совет ҳүкимети оғада қәўипли ҳәрекет деп баҳалағанлығы себепли ҳәм халықты миллий азатлыққа шақырыў менен айрықша көзге түскен қарақалпақ халкының көрнекли шайыр ҳәм ағартыўшысы С.Мажмтов отызыншы жыллардың ақырында (1938) қызыл империяға қарсы келетуғын жәмийетлик ҳәм сиясий-ҳуқықый көз-карaслары ушын репрессияға ушрады. Шайырдың миллий ғәрезсизлик, еркинлик, инсан ҳуқықы жөниндеги ой-пикирлери 1991 жылы ғәрезсизликке ерисиўимиздиң идеялық дереклериниң бир көринислери сыпатынды үлкен әҳмийетке ийе болды. С.Мажитовтың сиясий-ҳуқықый

[1] А.Шамуратов. Жоқары сапалы әдебият ушын гүресейик. Газ. «Қызыл қарақалпақстан» , 1935 ж. 24-августь N192

көз-қарасларында терең орын ийелеген миллий еркинлик, ғәрезсизлик идеялары, инсан ҳуқықы мәселелери қарақалпақ халкының сиясий-ҳуқықый тәлиматлары тарийхында озиниң белгили орнына ийе. Әсиресе, усы күнги ерисилген ғәрезсизлигимиз мазмунын және де терең түсиниўимизде ҳәм оны беккемлеў ислеринде айрықша маңызға ийе.

## 3.2. Қыдырнияз шайырдың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары

Қарақалпақ халқының X1X әсир ақыры XX әсир басларындағы көркем әдебияты ҳәм жәмийетлик-сиясий, сондай-ақ ҳуқықый ой-пикирлери тарийхында Қыдырнияз шайырдың дөретиўшилик мийраслары белгили дәрежеде өз орнына ийе[1]. Шайыр Қарақалпақстанның Кегейли аймағындағы «Тентек жап» бойы аўылында туўылып, дәслебинде өз аўылындағы мектеп-мешитте билим алған соң бирқанша ўакыт Шымбайдағы Ҳажы ийшан (Абдижамийл ахун) медресесинде оқыған. Шама менен 1880-жыллары туўылып, 1940-жыллары қайтыс болған.

Қыдырнияз жас гезлеринен-ақ ҳалықтың аўыз-еки әдебиятын қызықсынып тыңлаған. Шығыс поэзиясы мийрасларын үйренген. Әсиресе, Әжинияз ҳәм Бердақ оның жақсы көрип еситетуғын шайырлары болған. Өзи де қосықлар жазып, халықтың той-мерекелеринде бақсышылық қылған. Нама алысыўларда қосықларды туўрыдан туўры суўырып салма түрде шығарыў өнерине ийе болған. Усы себепли оны халық Қыдырнияз бақсы деп те атаған. Шайырдың: «Асқар қазы», «Кебирсең», «Ала бер», «Шошқасаң», «Аллек мақсым», «Шерим», «Жол бойына мешит салсам», «Көкнаршыларға», «Халыкабат», «Атаңа нәлет Никалай», «Гәптиң алдың былшылын» ҳәм басқада бирқанша қосықлары мәлим. Ол өз дөретпелер-инде халықтың жәмийетлик турмысын баянлап бериўменен биргеликте, ел ишинде орын алған көпқана сиясий-ҳуқықый машқалаларды да сөз

[1] Р.Ө.Әлеўова. Қыдырнияз шайырдың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары. // Вестник каракалпакского государственного университета. Нукус. 2014. № 1.; Р.Ў.Алеуова. Қидирниез шойр ижодида ижтимоий-адолат масалалари // Становление и развитие профессионального образова-ния. Материалов Респуб научно-теоретической конференции КГУ. Нукус 2010. 119-120 бет.

еткен. Ойшылдың сиясий-ҳуқықый ой-пикирлериниң айқын баянланыўы оның «Асқар қазы» атлы ҳуқық мәселесине арналып жазылған қосығында орын алды. Бунда Шымбай елатындағы ҳуқықый мәселелерди бақлап отыратуғын елдеги белгили адамлардың бири, майлы балта урыўынан Асқар исимли қазының қазылық исин алып барыў жағдайларын сөз етип, оның халық алдында қуран ҳәм шәрият илимине тийкарланып көпқана диянатлы сөзлерди айтатуғынын, бирақ олардағы көрсетилген талап ҳәм қағыйдаларға турмыста өзи иләж ислемейтуғынлығын ескерткен.

Асқар қазы майлы балта,
Пара берсең қалта-қалта,
Алмайман деп айтар жорта.
Миллион берсең қыялы бар.[1] -деп жазып, халықтың даўа арзаларын әдиллик пенен шешип бериўши қазылардың бундай унамсыз қылықлары жәмийетлик турмыста ғана емес, ал, инсанлардың ол дуньясында да хош көрилмеслигин, жаман баҳаланыўын түсиндирген. Шайырдың булар ҳаққындағы Асқар қазыға қаратылған пикирлерин және де даўам еттирип:

Шәрият жолынан жүрмесе,
Ақыретте зияны бар [2]– деп жазғаныда мәлим.

Шайыр усы қатарлары арқалы әдалатсыз қазылардың ақыреттеги дозақ оты азабынан қорқыўы лазымлығын, шәрият қағыйдаларын инсанлар турмысында дурыс қолланыўы зәриурлигин айрықша талап еткен ҳәм қазылардың өз ислерин алып барыўдағы нызамсызлық ислерин сынап, надурыс шәрият ҳүкимлерин шығарыўына адамлардың наразы екенликлерин ескерткен.

Қыдырнияз шайыр өзи жасап атырган дәуирдеги жәмийетлик турмысқа баҳа бере отырып, ел ишиндеги базы бир ҳәмелдар ақсақаллардың өз ислерин халықтың хүкықый урп-әдети, дәстүрлери тийкарында әдиллик пенен алып бармай, дәмегөйлик қылыўшылығын, машқалалы зарүр исиң түссе ақсақалларға шәртли түрде бирнәрселер

[1] Ә.Пахратдинов, Ҳ. Өтемуратова. Х1Х әсир ақыры ХХ әсир диң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Хрестоматия. Нөкис, «Билим», 1995. 255-бет.
[2] Сонда. 255-бет.

бериўдиң арқасында ғана жумысың питетуғынын, бул сияқлы ҳәрекетлер инсанлар турмысында көпкана қыйыншылықларды келтирип шығаратуғынлығын, ескертти. Турмыста жийи дус келинетуғын усы мәселелерди шайр «Ала бер» деп аталған қосығында арнаўлы түрде мәселе етип көтерип шықты. Бунда:

Жетим менен жесирлердиң ҳақысын.

Бетиң былш етпесе, мейли ала бер[1] - деп, ел ақсақалларның инсапсызлық пенен пухаралардан мәжбүрлеп саўға талап етиўлери халыққа унамайтуғынын, үзликсиз дәмегөйлик ислеринен наразы болып, адамлар оның алдына жағдайын айтып барыўға ,ҳаттеки жүзин көриўге бийзар болғанлығын: Бул айыбың унамайды елге де,

Ел де бийзар сениң жүзиң көрмеге[2] - деп жазған еди. Шайыр усы пикирлери арқалы халыққа басшылық етиўши ақсақал ҳәмелдарлардың адамларға адалатлы мүнәсебетте болыўын ел мәпин ойлаўы зәрүрлигин талап қылған.

Сондай-ақ, шайыр сиясий-ҳуқықый көз-карасларында өз дәўириндеги инсанлар ҳүкықы, усының ишинде ҳаял-қызлар ахўалына да токталып өткен. Оның бул мәселе бойынша билдирген пикирлери «Асқар қазы», «Аллек мақсым» деп аталған қосықларының мазмунында жәмлескен. Дәслепки аты аталған қосығында шайыр Асқар қазының бес ҳаялы болғанлығын, оларды қорлап қойғанлығын, бәрине тең,әдалатлы мүнәсебетте болмағанлығын сынға алған. Ал, «Аллек мақсым» қосығында ҳаял-қызларға оғада жаман мүнәсебетте болғанлығы ушын сени «Ислам (дини) урған Аллек мақсым»[3] – деп оның адамгершиликти сақламаған инсапсызлығын, оғыры жөнсиз қылықлары бар екенлигин ашықтан-ашық бетине айтты. Усы пикирлери арқалы шайыр жәмийетлик турмыстағы ҳаял-қызлардың адамгершилик қәдир-қымбатын ҳүрмет етиў зәрүрлигин,

---

[1] Сонда. 256-бет
[2] Сонда. 256-бет
[3] Сонда. 256-бет

ҳаял-қызлар да ер адамлар қатарлы  тең ҳуқықлы инсанлар  есапланатуғынын түсиндирди.

Шайырдың дуньяға көз-қарасындағы өзине тән айырмашылықлардың бири жаңа орнап атырған Кеңес ҳүкимети дүзиминдеги жәмийетлик-экономикалық ҳәм сиясий-ҳуқықый нуқсанларды ўақтында сезгенлигинде көринди.Шайыр  ақ патша заманында болып өткен тарийхый жәмийетлик ҳәдийселерге таллаў жасай отырып, патша Россиясы тәрепинен Орта Азияның, усының ишинде қарақалпақ елиниң отарланып, басып алыныўына, руслардың колониясына айналдырылғанлығына (1873) наразы екенлигин билдирди. Ол кейин ала XX әсирдиң басында жүз берген, өзи гүўасы болған рус большевиклериниң инқылаплық ис-ҳәрекетлериниң қарақалпақ халқы ушын да отарлаўшылық сиясаттың жаңаша түри сыпатында орын алғанлығын, халық ушын бул төңкериспектиң оғада аўыр дәрежеде қыйыншылық туўғызғанлығын байқады. «Жийделери сояў болды» деп басланатуғын қосығында  күш пенен совет ҳүкиметиниң орнатылыўы ақибетинде үлкедеги бәрлық нызам, тәртип қағыйдалар керисинше болып кетти. Тыныш жасап атырған халық аўыр жағдайға түсти. Халықтың абройлы ақсақаллары, ел басқарған бийлер өз лаўазымларынан айрылып, аттан түсип ешек минген дәрежеде  пәске урылып, ҳуқықларынан айрылды. Нәтийжеде:

Атлылары жаяў болды.
Ешек минген заман келди.[1] –деп, XX әсирдиң 20-30-жыллар-ындағы елдиң тоз-тозын шығарған советлер мәмлекетин халық кеўлине қуўаныш, салтанат алып келмеген, ешек минген заман дәрежесинде  болды деп сынға алды.

Қыдырнияз  шайыр сиясий-ҳуқықый көз-қарасларында большевиклердиң халықты тек сиясий тәрептен ғана емес, ал, экономикалық тәрептен де кризислик жағдайға түсиргенлигин байқады. Оның жәмийетлик әдалатлылықты талап еткен  көз-қараслары  большевиклер ҳүкиметине

[1] Сонда. 254-бет

жақпады. Нәтийжеде жәмийетлик шынлықты ашықтан-ашық баянлаған көркем сөз шебериниң мийраслары тоталитарлық дүзим дәўиринде үйренилмеди ҳәм оның дөретпелерин жазып алып, баспадан шығарыў қадаған етилди.

Шайыр Кеңеслик ҳүкиметтиң елди услап-тутыў ҳәрекетлериниң ақ патша дәўириндеги зулымлықлардан да жаман дәрежеде болғанлығын, елде ашаршылық, түрли кеселликлердиң күшейип кетиўи ҳәўиж алғанлығын, адамлардың еркин түрде тиришилигин ислеп, арқайын жасаўы тоқтатылғанлығын, халықтың ҳүкиметтен қорқыўда жасап атырғанлығын нәзерде тута отырып:

Атаңа нәлет, Николай,
Үш тийин болды лампамай.
Атаңа рахмет, большевик,
Отыз тийин болды-аў бир түйнек.
Аўып кетти ел терис,
Дунья болды бес күнлик.
Аўырласты күн көрис,
Бастан кетти еркинлик,[1] - [1]

деп жазып, ақ патша гезинде керосинниң бир шөмиши (литри) үш тийин болғанлығы, коммунистлик дүзим орнағаннан кейин атызда қалып кететуғын қаўынның тасланды түйнегиниң баҳасы отыз тийинға көтерилгенлигин ирониялық түрде баянлап, кеңес ҳүкимети дәўиринде халық арасында бурынғыдан да бетер жәмийетлик-экономикалық аўырманлықлар пайда болғанлығын айтты. Әсиресе, большевеклер тәрепинен инсанларға еркинликтиң берилмей, «гүўенлеп» қойылыўын, ашық түрде халықты ҳуқықынан айырыў жүз бергенлигин, ҳәр бир миллет (ел) бостанлықта еркин турмыс кешириўи зәриўлигин көтерип шықты. Кеңес ҳүкиметиниң таза түрдеги басқыншылық пенен елде отарлаўшылық сиясатын әмелге асырып атырғанлығына шыдамаған Қыдырнияз шайыр:

Большевектиң большойы,

[1] Ө.Әлеўовтың дала жазыўлары. Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының 1965 ж августағы халық аўыз әдебиятын жыйнаў илимий экспедициясы материаллары.

Саяқларды қутыртты.

Қаратпады оң-солды,

Гүўенледи ел-журтты,[1] -

деп, тоталитар дүзиминиң отызыншы жылларында халық турмысында аш-эптадалықлар орын алғанлығын, ак патша отарлаўшылығы дәўириндегиден қалыспайтуғын экономикалық жетиспеўшиликлер жүз бергенлигин, халықтың ерк ҳәм ҳуқықлары бурынғы гезлердегиден де күшлирек қысқыға түсирилгенлигин, Кеңес ҳүкимети патша Россиясы отарлаўшылығының тиккелей даўамы болғанлығын баянлады.

Қыдырнияз шайыр большевиклик дүзим тәрепинен халықтан өндирилетуғын салық түрлериниң көбейип кеткенлигин, жәмийетлик турмыста нызамсыз ислердиң күшейгенлигин, азы-кем дүнья малы бар шаңарақларды «бай», «қулақ» (*кулак* – Р.Ә.) деп мүлклерин бадарға етип (конфискациялап), тоз-тоз қылғанлығын халықты отарлаўшылық езиўдиң аса кеткен түри деп есаплады. Усы себепли шайыр большевиклердиң алдаўшылық сиясатына, елди тонаў ҳәрекетлерине нызамсыз ис сыпатында қарсы шықты. Ол Кеңес ҳүкимети ўәкиллериниң дыққатына қарата:

Гәптиң алдың былшылын,

Ешкиниң алдың қылшығын.

Жердиң алдың дәйегин,

Таўықтың алдың мәйегин,

Алмағаның қай егин,

Сораўың қалай, большевик?

Байдың алдың қулағын,

Қолладың елдиң шунағын.

Парқына жетпей «олланың»,

Ҳуқықын алдың молланың,

Тутымың қалай, большевик?[2] -

деп, ҳүкимет басына большевиклер келгеннен соң жәмийетлик турмыста қыйыншылықлар туўдырыўшы көп ғана машқалалардың жүзеге

---

[1] Сонда.
[2] Сонда

келгенлигин, буған улыўма халықтың наразы болғанлығын, әсиресе большевиклердиң курғақ гәп, былшылды сөз бенен халықты алдап атырғанлығын, елге көп муғдарда салықлар салып, қой-ешкилердиң жүни ҳәм тауықлардың жумырткасына шекем мәжбүрлеп тартып алғанлығын, сондай-ақ суў баратуғын ҳәм өнимди көп беретуғын ҳасылдар жерлерди халықтан алып қойғанлығын, бул жерлерге мәжбүрий пахта ектириў ислериниң жүз бергенлигин: Атызлары тахта-тахта,

Жол үстине ектик пахта.

Күн көрип едик сен жоқта,

Атаңа рахмет большевик![1] – деп жазып, руслардың халыққа күн көрисиңизди жақсылап, абадан турмысқа еристиремиз-деген ўәделер берип, алдағанын, әсиресе, елдеги большевиклерге жағымпазланып, парқына жетпей, олардың айтқанына көнип, алдыларына түсип жүрген «шунақларды» қоллап қуўатлағанын, ал елдеги дийханшылықтың барлық түрлеринен салық өндирип, бурын аты еситилмеген салық түрлерин ойлап тапқанлығын, жазығы жоқ инсанларды, әсиресе, дин ийелерин ҳуқықларынан айырып, оларды нызамсыз түрде жәмийеттен шетлетиў ҳәрекетлерин, мәмлекеттиң динге унамсыз мүнәсебетте болыўшылық тәртиплерин сынға алды. Бул ҳәдийселер халықтың ерк хәм ҳуқықларын бузыў, Кеңес ҳүкиметиниң елди өз мақсетине күш пенен мәжбүрлеп көндириў екенлигин түсиндирди.

Қыдырнияз шайырдың инсан ҳуқықлары жөниндеги көз-қараслары өткен әсирдиң 20-30 жылларында халықтың сиясий саналылығының жетилисиўинде ҳәм олардың өз ҳүкықларын түсиниўлеринде, сондай-ақ тийисли инсанлық ҳуқықларын қорғаўға умтылыўларында, әсиресе, отарлап алған Кеңес ҳүкиметине қарсы XX әсирдиң 20-30 жылларында елдиң ғәрезсизлиги ушын жийи-жийи көтерилис жасаў ҳәрекетлериниң[1] ҳәўиж алыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.

[1] Сонда.

[1] Бабашев Ш. Жазықсыз жазаланған репрессия қурбанлары. Нөкис.: Қарақалпақстан. 2007. 248-249- бетлер

Шайырдың сиясий-ҳуқықый ой-пикирлери усы күнимиздеги ғәрезсизликке ерискен бахытлы дәўиримиздиң өзинен өзи жүзеге келмегенлигин, буған ерисиў ушын көп ғана ойшылларымыздың белсендилик пенен хызмет ислегенликлерин түсиниўинде, сондай-ақ халқымыздың ҳәзирги ийелеп турған ғәрезсизлигиниң қолға киргизилиў тарийхын үйрениў саласында ҳәм буны беккем сақлаў зәрүр екенлигин түсинип барыў ислеринде үлкен әҳмийетке ийе.

## ЖУЎМАҚ

Қарақалпақ халқының X1X әсир ақыры XX әсир басындағы шайыр-ағартыўшыларының сиясий-ҳуқықый ой-пикирлериниң баслы бағдары Рус ақ патшасының Орта Азияны, усының ишинде Қарақалпақстанды күшпенен басып алыўының әдалатсызлығы болды. Усы тарийхый жағдайлар олардың ҳуқық түсиниклериниң жеделлесиўине алып келди. Әсиресе олардың ағартыўшылық идеялардан жадитшилик ағымына көтерилип, жетилисиўине алып келди. Ағартыўшылық пикирлери елди билим, илим алыўға мадениятты жетилистириўге шақырса, жадитшилик ҳәрекетлери елдиң миллий ғарезсизлигин, өз алдына, өзин-өзи еркин басқарыўын машқала етип көтерип шыққан еди. Сөз етип отырған дәўирде усындай шайыр ағартыўшылардың бири Қутлымурат Қурбаналы улының сиясий ҳуқықый көз-қараслары болды.

Қулмурат шайыр өзи жасаған дәўирдеги ҳуқықый машқалалар ҳаққында пикирлерин билдирип, адамлардың жәмийетлик тәртип-нызамды сақлап жасаўшылығы зәрүрлигин айрықша талап етти.

Феодаллық дүзимдеги теңсизликлер ақыбетинде зулым ҳәмелдарлар менен бай сүтхорлардың камбағал, гедейлер ҳуқықын аяқ асты қылғанлығын айрықша сынға алды. Олардың әдалатсыз ҳәрекетлерине ханлық басқарыўдың тыйым салмағанлығы ақыбетинде зулымлықларын үдетип отырғанлығын ескертти. Усыған қарамастан ел арасындағы тәртип бузыўшылықтың алдын алыўда ҳәм жинаятшылықларды болдырмаўда ел сақшысы -жүз басының хызмети дыққатқа ылайық болғанлығын, ҳәр бир миллет қоңсы миллетлер менен дослықта жасап,жүз бериўи мүмкин болған қарама-қарсылықлардың алдын алыўы зәрүрлигин, бул исте дәстүрий ҳуқық нормаларына, шәрият қағыйдаларына сүйениў лазымлығын түсиндирди. Адамлардың жәмийетлик турмыста жинаятлы ислерден аўлақ болып, наҳақтан жала жабылмай еркин өмир сүриўин, инсанлық ҳуқықының тийкарғы тәреплериниң бири сыпатында баҳалады.

Әсиресе жәмийетлик басқарыў ислеринде болыс сайлаў әдалатлы өткерилип, халық мәпин ойлайтуғын адамлар болыс болыўын, ҳәрқандай әдалатсыз ислер халықтың наразылығын пайда ететуғынын, бундай тәртиплер сақланбағанлығы ақыбетинде Таллық аймағында халық көтерилиси жүз бергенлигин түсиндирди. Халық күшлериниң тутаслық пенен бирикпеўи, сиясий мәселелерде олардың көз-карасларының тар болғанлығы, шөлкемлестириў ислеринде тәжирийбесизликлердиң жүз бериўи, әсиресе, руслардың оғада улкен күшке ийе екенлиги қөтерилистиң жеңилиўине алып келди. Усыған қарамастан шайыр ел пухараларының ақ патшаға күн сайын артып баратырған наразылықларын, миллий ғәрезсизликке ерисиў тилеклериниң жанланып атырғанлығын дурыс баянлап бериўге еристи. Әсиресе, қандай заман болса да мәмлекет халықтың ҳуқықын, мәпин қорғаўы тийислилигин, ханлық заманда, сондай-ақ ақ патша ҳүкиметинде де бул талаплар қанаатландырылмаған-лығын, ал орнатылып атырған большевиклик ҳүкиметте де инсанлар ҳуқықы мәселеси қыйыншылықлы кешетуғынын алдын ала сезиўге ерискенлиги, шайырдың келешекти дурыс бағдарлай алатуғын жәмийетлик-сиясий пикирлерге ийе, көреген ойшыл болғанлығын аңлатты. Оның Х1Х әсир ақыры ХХ әсир басындағы әдиллик жоқ жәмийеттен инсан ҳуқықларының аяқ асты болмаўын талап етип, үстем қатлам ўәкиллерине қарсы пикирлерин баянлаўы, халықтың демократияға, өз ҳуқықларын қорғаўға, сиясий саналылығының ояныўына, миллий ғәрезсизликке умтылыў ҳәрекетлериниң жанланыўына айрықша тәсирин тийгизди.

Сондай-ақ сөз етип отырған дәўирде Сыдық Тоқпан улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары да өзине тән өзгешеликлери менен көзге түсти. Х1Х әсир ақыры –ХХ әсир басындағы қарақалпақ халқының ел басқарыў дизимине өзгерислер енгизилгенлигин, бурынғы басқарыў тәртиплериниң алмастырылғанлығын, бунда қарақалпақ халқының миллий өзгешеликлер-инен келип шыққан бийлер арқалы басқарыў

дизими орнына, болыс ҳәм ақсақаллар арқалы ис жүргизиў орын алғанлығын сынға алды.

Шайырдың жетик мазмундағы сиясий-ҳуқықый көз-қарасларға ийе екенлиги оның Қарақалпақстанды колониясына айналдырған рус басып алыўшыларының ҳәрекети халық аралық ҳуқық нормаларын бузыўшылық деп баҳалаўында көринди. Усы себепли ол сиясий-ҳуқықый көз-қарасларын-дағы баслы пикирин әдалатсызлық пенен қарақалпақ елин орыслардың басып алыўына, колонияға айналдырыўына наразылығын билдириўге қаратты. Әсиресе, орыслардың бир пүтин халықтың бирлигин бузып, екиге бөлип таслаў арқалы басқарыўды енгизиўи, қарақалпақ халқының миллий бирлесиў күшин ҳәлсиретиў усылы деп түсиндирип, бул сумлықлы сиясий ҳәрекетлерине халықтың саналы қатнаста болып, қарақалпақ миллети бир тутас миллет ҳәм өзлериниң бир тутас аймағында жасаўы керек деген идеяны көтерип шықты.

Сыдық Тоқпан улы рус патшасының халыққа түрли салықлар салыўын, олар бекиткен ел ишиндеги ҳәмелдарлардың пухара халықтың тийкарсыз түрде мал-мүлкин патшалық етип, тартып алыўларын нызамсы ҳәрекет сыпатында баҳалады. Бундай ҳуқық бузыўшылықлардың мәмлекет басшылары тәрепинен қоллап-қуўатланыўын елдеги инсан ҳуқықларының пүткиллей аяқ асты болыўшылығы деп түсиндирди.

Сондай-ақ сөз етип отырған X1X әсир ақыры-XX әсир басындағы қарақалпақ халқының сиясий-ҳуқықы ой-пикирлери тарийхында Қыдырнияз шайырдың тутқан орны өз алдына болды. Ол арнаўлы түрде ел ишиндеги қазылардың ислериндеги нуқсанларды сөз етип, олардың шәрият ҳәм ҳуқық мәселелеринде әдалатлы болыўын талап етти. Әсиресе большевиклердиң ел ишиндеги алып барып атырған сиясатының оғада аўыр, қыйыншылықлы кешип атырғанлығын, халықтың ҳуқықый-экономикалық тәрептен қысқыға салыныўындағы жөнсизликлери ҳәдден тыс артып кеткенлигин сынға алды.

Булардан тысқары сөз етип отырған дәўирде Қарақалпақ халқының сиясий-ҳуқықый ой –пикирлери тарийхында С. Мәжитовтың өзине тән өзгешеликлери менен айрықша орынға ийе болғанлығы мәлим. Ол жәдийтшилик ҳәрекетиниң ири ўәкили сыпатында сиясий –ҳуқықый көз-қарасларының баслы мәселесин елдиң ғәрезсизликке ерисиўине бағышлады. Большевиклердиң ғәрезсиз ел боласыз деген халықты алдаў ҳәрекетлериниң мәнисин кеш түсиниўине қарамастан ол советлердиң ел ишинде өтирик сиясат алып барғанлығын сынға алды. Усы мақсетте шайыр мәмлекет Конституциясы мазмунынан өз халқының да ҳуқықларын талап етти. Елдеги барлық халықлардың тең ҳуқықлығына умтылып, рус большевиклериниң шовинистлик ҳәрекетлерине қарсылықлар билдирди. Усы көз-қараслары ушын шайыр большевиклер тәрепинен репрессияға ушраған еди.

Шайыр-ағартыўшылар тәрепинен жәмийетлик турмыстың, мәмлекетлик тәртиплердиң әдалатлы түс алыўын талап еткен, халық арасында демократиялық қарым-қатнаслардың орын алыўын ойлап, ҳәрбир адамның өз ҳуқықларын түсиниўи зәрүрлигин баянлаған пикирлери Х1Х әсир ақыры-ХХ әсир басындағы қарақалпақ халқының сиясий-ҳуқықый тәлиматлары тарийхында белгили орынға ийе болды

Қарақалпақ шайыр-ағартыўшылардың сыясий-ҳуқықый пикирлери усы күнимиздеги ғәрезсизликке ерискен бахытлы дәүиримиздың өз-өзинен жузеге келмегенлиги, буған ерисиўде көп ғана ағартыўшыларымыздың искелигин көрсеткенлигини аңлаўда, соның менен ҳалқымыздың ийелеп турған өз ғәрезсизликлерини қолға киритиў тарийхыны үйрениў ислеринде ҳәм буны беккем сақлаў зәрур екенлигини тусиниў процессинде үлкен әҳмийетке ийе.

# ӘДЕБИЯТЛАР

## Басшы әдебиятлар

1. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003. – 320 б.

2. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-қудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т. 12. – Т.: Ўзбекистон, 2004. – 400 б.

3. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т. 13. – Т.: Ўзбекистон, 2005. – 448 б.

4. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т.: Ўзбекистон. 1998.- 31-бет.

5. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари ҳамда манфаатлари-энг олий қадрият. Халқ сўзи, 2005 йил 10 декабр сони.

6. Каримов И.А. Ўрта асрлар шарқ алломалари ва мутафаккирларнинг тарихий мероси, унинг замонавий цивилизация ривожидаги роли ва аҳамияти. Самаарканд. 16.05.2014.

7. Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. . –Т.: “Маънавият”, 2008.

8. Каримов И.А. Тарихдан сабоқ олиб, замон билан ҳамқадам бўлиб яшаш – бугунги ҳаётнинг ўткир талаби. // “Халқ сўзи” , 15- май.

9. Каримов И.А. Инсон унинг ҳуқуқ ва эркинликлари Олий қадрият, Ж.14. —Т.: «Ўзбекистон», 2006

## Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер

10. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.–Т.:Ўзбекистон, 2014–40 б.

11. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы- Нөкис, Қарақалпақстан, 2003.

12. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик Кодекси Т.: Адолат, 2014.

13. ЎзР Фуқаролик Кодексига Шарх Т.: Art flex, 2010.

14. «Жамиятда ҳуқуқий маданиятни юксалтириш миллий дастури» Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг ахборотномаси.–1997.–№ 9.

15."Ўзбекистон Республикаси референдуми тўғрисида"ги қонун (Янги таҳрири) Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси 30.08.2001 й. N 265-II N 9-10, 176 м.

**Тийкарғы әдебиятлар**

16. Аҳмедов Б. Тарихдан сабоқлар. “Ўқитувчи” Т., 1994 й.

17. Әбдиназимов Ш.Н. Бердақтың «»Қулен болыс поэмасы. Оқыў қолланба. Нөкис. ҚМУ.2004.51 бет

18. Бобоев Ҳ.Б.Сиёсий ҳуқуқий таълимотлар тарихи.–Т.:ТДЮИ,2003–205б

19. Бакиров Ф. Чор Туркистонда суд, шариат ва одат. -Тошкент: Фан, 1967.

20. Бобоев Х.Б. Ўзбекистон сиёсий ҳуқуқий таълимотлари тарихидан. - Тошкент: ТошДУ, 1987.

21. Бобоев Ҳ.Б. Ўзбек давлатчилиги тарихи.Т-2005.

22. Бобоев Х. А.Темур ва Темурийлар салтанати. Т., "Камалак", 1996й.

23. Бурхонуддин Ал-Марғиноний. “Ҳидоя”.1-жилд. Т.Адолат. 2000.

24. Вамбери Х. Бухоро ёхуд Мовароуннаҳр тарихи Т., Ғ.Ғулом. 1991 й.

25. Джабборов С., Шариат, семейное и обычное право в Узбекистане: история и современной. Т., Фан. 1996 й.

26. Досумов Я.М. Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент. Изд-во АН УзССР. 1960.165 бет.

27.Жўзжоний А.Ш. Мусулмон ҳуқуқида халифалик ва имомлик муаммолари. Мулоқот - 1996. №2-6.

28. Жўзжоний А.Ш. Тасавуф ва инсон. – Тошкент: Адолат, - 2001.

29. Исламов З. Общество. Государство. Право. –Т.: Адолат, 2001. 695 б.

30. Исломов З.М. Давлат ва ҳуқуқ: умумназарий масалалар. (Давлат назарияси). –Т.: Адолат, 2000. –272 б.

31. Исломов З.М. Ҳуқуқ тушунчаси, моҳияти, ижтимоий вазифаси. –Т.: ТДЮИ, 2004. –138 б.

32. Исломов З.М.Фукаролик жамияти:кеча,бугун,эрта.-Т.:ТДЮИ,2003.-87 б.

33. История политических и правовых учений. Под редакцией Лейста.

Учебник для ВУЗов –М.: Норма, 2001. –680 с.
34. Исхоқов С. «Бурхониддин Марғиноний ва фикҳ илми». Т. 2000.

35. Исҳоқов Суръат. Бурҳонуддин Марғиноний ва фиқҳ илми. – Тошкент: Адолат, - 2000.

36. Каримова О., Гаффаров З. Давлат ва ҳуқуқ асослари. – Тошкент: Ўқитувчи, 1995.

37. Қулмурат шайыр. Он тоғыз.Қосықлар топламы. Баспаға таярлаған Қ.Байниязов.«Қаракалпақстан». Нөкис.1981.43 бет.

38. Мухамедов Х.М. Ислом ва давлат назарияси муаммолари. –Т.: Адолат, 1998. –39б.

39. Мухитдинова Ф.А. "Сиёсий-ҳуқуқий таълимотлар тарихи" ўқув қўлланма. –Т.: ТДЮИ, 2003. –230 б.
40. Мухитдинова Ф.А. Фаробий сиёсий-ҳуқуқий таълимотида қонун ва қонунчиликни такомиллаштириш. –Т.: ТДЮИ, 2005. –30 б.
41. Мухитдинова Ф.А.Ўзбекистон Халқларининг сиёсий-ҳуқуқий таълимотлар тарихи. (ўкув қўлланма). –Т.: ТДЮИ, 2004. –208 б.
42. Мухитдинова Ф.А. Қадим юнон ва Марказий Осиё мутафаккирларининг сиёсий-ҳуқуқий таълимотларида фуқаролик жамияти тўғрисидаги ғоялар, тасаввурлар... –Т.: ТДЮИ, 2006. – 32 б.
43. Муқимов З. Ўзбекистон ҳуқуқининг тарихий манбалари. Самарқанд. Зарафшон. 1995 й.
44. Муқимов З."Ўзбекистон давлати ва ҳуқуқи тарихи" Самарқанд, "Зарафшон". 1998й.
45.Мухитдинова Ф.Форобийнинг ҳуқуқий қарашлари.-Т.:Адолат,2002.-56 б.
46. Мухитдинова Ф.А.Форобийнинг давлат ва ҳуқуқ ҳақидаги таълимоти. –Т.: ТДЮИ, 2002. –125 б.

47. Ражабова М. Шариатда жиноят ва жазо Т., Адолат. 1996 й.

48. Сагдуллаев А.ва бошқалар. Ўзбекистон тарихи: давлат ва жамият тараққиёти. 1-қисм "Академия". Т., 2000 й.

49. Саидов А. Тошқулов Ж.У. Ўзбекистон давлати ва ҳуқуқи тарихи

ИИВ. Академияси, Т., 1995й.

50. Саидов А.Х.Основы мусулманского права Т. Академия МВД. 1995 й.

51. Саидов А.Х. Бурхониддин Марғиноний – буюк ҳуқуқшунос». «Иқтисодиёт ва ҳуқуқ»., Т., 1997.

52. Саидов А.Х., Тожихонов У., Тошқулов Ж. Мустақиллик ва ҳуқуқий мафкура. – Тошкент: Академия МВД, 1995.

53. Таджиханов У., Саидов А. Ҳуқуқий маданият назарияси. 2-томли. Т.1. –Т.: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 1998. –316 б.

54. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ позиясы-тарийхый дерек. Нөкис «Қарақалпақстан» 1994. 233-бет.

55. Тошкулов.Ж.Ў. Ўзбекистон Халқлари сиёсий-ҳуқуқий фикрлари тарихидан. –Т.: «Ўзбекистан», 1996. –128 б.

56. Уббиниязов Ж. Қарақалпақстан XX әсир басында. Нөкис. «Қарақалпақстан»,1972. 107 бет.

57. Уватов У. Буюк мухаддислар. Т., 1998.

58. Ҳамидова М. Ўзбекистон давлати ва ҳуқуқи тарихи. Ўқув қўлланма.Т.ТДЮИ-2005.

59. Шарипов Р. Мухитдинова Ф. Ўзбекистон халқларининг сиёсий-ҳуқуқий таълимотлари. (Жадидлар). –Т.: ТДЮИ, 2004. –295 б.

# ҚОСЫМШАЛАР

## Алеуова Раушанай Ўсербаевнаның Магистрлық диссертациясы бойынша жәриялаған илмий жумысларының дизими

| № | *Мақала аты* | *Көлеми (басма табақ)* | *Мақала басылып шыққан журнал, топлам.* |
|---|---|---|---|
| 1. | Қидирниез шоир ижодида ижтимоий-адолат масалалари | 0,2 б.т. | // Становление и развитие профессионального образования. Материалов Респуб научно-теоретической конференции КГУ. Нукус 2010. 119-120 бет. (на узб.яз.). |
| 2 | Учение Аль – Фараби о государстве | 0,3 б.т. | // Становление и развитие профессионального ізова-ния, Материалов Респуб.научно-етической конференции КГУ. Нукус 2010. 173-175. |
| 3. | Аль – Фараби о государстве и семье | 0,3 б.т. | //Талабаларнинг илмий-ижодий фаолиятини ташкил этиш: муоммо ва ечимлари. Респуб.илмий-амалий конференция материаллари. Қуқон ДПИ. «Фарғона» нашр. 2010. 367-372 бетлар. |
| 4 | Доспанбет жыраўдың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары | 0,3 б.т. | // Қарақалпақ миллий саз әсбаплары: кеше ҳәм бүгин. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллығына бағышланған Халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары.Нөкис.ҚМУ-2011.79-82 бет. |
| 5 | Әбдиқадир Бекимбет улының сиясий-ҳуқықый тәлийматы | 0,3 б.т. | // Қарақалпақ миллий саз әсбаплары: кеше ҳәм бүгин. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллығына бағышланған Халықаралық илимий-әмелий конференция материаллары.Нөкис.ҚМУ-2011.82-84 бет. |
| 6 | Жийен жыраўдың сиясий-ҳуқықый козқарасларының базыбир тәреплери | 0,3 б.т. | // Қарақалпақстанда архитектура ҳәм қурылыстың раўажланыўы. Респуб.илимий-әмелий конференция материал-лары.Нөкис,ҚМУ.-2011. 197- 198 бет. |
| 7 | Сман Сулайман Бақырғаний илими Или ҳаққында. | 0,3 б.т. | // Қарақалпақстанда архитектура ҳәм қурылыстың раўажланыўы. Респуб.илимий-әмелий конференция материаллары. Нөкис, ҚМУ.-2011. 199-200 бет. |
| 8 | Ҳуқықый мәдениятлылық – ҳуқықый тәрбия нәтийжеси | 0,5 б.т. | // Журн. Вестник Каракалпакского государственного университета.. Нукус. 2011. № 1. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9 | Бердақ ислам дини шәрият ҳуқықы ҳаққында | 0,4 б.т. | // Янги педагогик технология-таълим назариясини ҳаракатка келтирувчи куч. Республикавий илмий-назарий анжуман материаллари тўплами. Нукус.ҚДУ. 2011. 87-91 бет |
| 10 | Жаслардағы ҳуқықый мәдениятлы-лықтың базыбир машқалалары | 0,5 б.т. | // Янги педагогик технология-таълим назариясини ҳаракатка келтирувчи куч. Республикавий илмий-назарий анжуман материаллари тўплами. Нукус.ҚДУ. 2011. 94-101 бет |
| 11 | Бердақ мәмлекетлер тарийхы ҳаққында. | 0,3 б.т. | // Сб «Мир науки и духовной культуры в современных условиях». Нукус. «Билим», 2011. 196-200 стр. |
| 12 | Бердақ мәмлекетти басқарыўшы ханлар ҳаққында | 0,3 б.т. | // Сб «Мир науки и духовной культуры в современных условиях». Нукус. «Билим», 166-171 стр. |
| 13 | Амир Темурдың мамлекетти басқарыў принциплери. | 0,4 б.т. | // «Уллы ҳәм муқаддессен, ғәрезсиз Ўатан.» атлы Республикалық илимий-әмелий конференция материал- лары (2011 ж.6-сентябрь) Нөкис, ҚМУ..2011.126-129 б. |
| 14 | Сулайман Бақырғанийдың сиясий-ҳуқықый тәлийматлары. | 0,2 б.т. | // «Ўрто Осиё тамаддуни: ўтмиши ва келажаги». Проф.Ж.Уринбаевнинг 105 йиллик таваллуддига боғишланган Халкора илмий-назарий анжуман материаллари тўплами.Нукус. ҚДУ.2012. 110-112 бетлар. |
| 15 | Қулмурат Қурбаналы улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары. | 0,8 б.т. | // «Ўрто Осиё тамаддуни: ўтмиши ва келажаги.» Проф.Ж.Уринбаевнинг 105 йиллик таваллуддига боғишланган Халкора илмий-назарий анжуман материаллари тўплами.Нукус. ҚДУ.2012. 122-130 бетлар. |
| 16 | Бердақтың ҳуқықый көз-қарас-ларында болыслардың нызам бузыўшылық ҳәрекетлери | 0,5 б.т. | // Журнал « Билим булағы». Жәмийетлик-илимий-методикалық журнал. Нөкис.2011.№4.. 17-20 бетлер. |
| 17 | С.Мажитов мәмлекет конституциясы ҳаққында | 0,4 б.т. | Қарақалпақстанда психология илими: бүгини ҳәм келешеги. Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. Нөкис. ҚМУ. 2013. 122-126 бетлер. |
| 18 | Конституция елимиздеги | 0,4 б.т. | .// Қарақалпақ бақсышылық мектебиниң бүгинги машқалалары.Қарақалпақ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 19 | әдалат турмыс кепиллиги. | | бақсышылык мектеп лериниң машқалаларын үйрениўге арналған Республикалық илимий-әмелий конференция материаллары топламы. (23-апрель, 2013.) Нукус ҚДУ.2013.103-106 бетлер. |
| 20 | Амир Темур мамлекетти баскарыудын базыбир маселелери хаккында | 0,4 б.т. | // Гарезсизлик жыллары тарийх илиминин рауажланыуы. .РИТК..Нокис КМУ-2013 ж. 14-17 бетлер.(каракалпак тилинде, авторлык биргеликте) |
| 21 | Сыдык Токпан улынын сиясий-хукыкый козкараслары. | 0,8 б.т. | // Этникалық өзгешеликлер хам тәлимди жойбарластырыў технологиялары. РИМК материаллары топламы. Нукус КДУ.2013.108-111- бетлар |
| 22 | Сыдык Токпан улы рус патшасының колониялык сиясаты хаққында | 0.5 б.т. | // Ғарезсизлик дауиринде театр онеринин рауажланыуы. РИТК материаллары. Нөкис, ӨзМКӨМИ Нөкис филиалы. Нөкис, 2014. 172-178-бетлер. |
| 23 | Сыдык Токпан улынын доретпелеринде ҳуқық маселелери. | 0,3 б.т. | // Материалы ХШ республиканский научной конференции молодых ученых Каракалпакстана. Нукус: Илим.2013.109-110 бетлер. |
| 24 | Сыдық Тоқпан улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары | 0,7 б.т. | // Журн. Вестник Каракалпакского государственного университета.. Нукус. 2013. № 3-4. 89-95 бет. |
| 25 | Қыдырнияз шайырдың сиясий-ҳуқықый көз-қараслары | 0,8 б.т. | // Журн. Вестник Каракалпакского государственного университета. 2014. № 1. 58-61 - бетлер. |
| 26 | Кулмурат Курбаналы улының сиясий-ҳуқықый көз-қараслары | 0,9 б.т. | // Журн. Вестник Каракалпакского государственного университета. 2015. № 1. - бетлер. |

ҚМУ, «Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў»
Қәнийгелиги магистранты Р.У.Алеуова